РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Наталья Осокина**

# НЫВ КÆНЫНЫ КУРДИАТЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ

РÆВДАУÆНДÆТТЫ ЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРД
*(6–7-АЗДЗЫДТÆ)*

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
*(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)*

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу
2014

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская
*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

**О 8**

**Осокина Н. Г.** Развитие художественных способностей (подготовительная группа ДОУ): Методическое пособие. – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2014. – 180 с.

**74.268.1**

© СОГПИ, 2014
© Осокина Н. Г., 2014

Ацы методикон æрмæг арæзт æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджыты хъаруйæ. Методикон æрмæг дзуапп дæтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домæнтæн. Конспекттæ арæзт сты Л. А. Парамоновайы бæрнон редакцигонд «Рæвда-уæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады дæнцæгон программæ»-йы бындурыл. Уыцы программæ æвдисы рæвдауæндæтты ахуырадон процессы бындурон мидис æмæ бар дæтты, йæ реализацигæнгæйæ, варианттæ æвзарынæн.

Йæ равзæрст баст у, дыууæ æвзагæй цы рæвдауæндæтты пайда кæнынц, уыдоны архайды хатдзæгтæ дзы кæй сты, уыцы æууæлимæ. Программæ арæзт цыд куыд регионалон æмæ хицæн авторты методикон куыстыты бындур æмæ уымæ гæсгæ хуыйны «Дæнцæгон». Лæвæрд конспектты националон-регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы æххæст бæрнон бынат сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæт ахуырты организацион формæ дæр у дæлкъордон – сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл куыст дæр райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны уыцы ахуыртæй. Уый фæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Авторы ис ныфс йæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ æрвитой автормæ.

## Цæттæгæнæн къорды ахуыры пълан

| № | Ахуыры сæр | I вариант (ах./къ.) | II вариант (ах./къ.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Математикæ | 2 | 2 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 1 | – |
| 3 | Ирон æвзаг амонын | – | 3 |
| 4 | Уырыссаг æвзаг амонын | 2 | – |
| 5 | Уырыссаг ныхасы рæзт | – | 1 |
| 6 | Уырыссагау кæсын æмæ фыссын | – | 1 |
| 7 | Алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 8 | Физикон культурæ | 2 | 2 |
| 9 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 10 | Ныв кæныны аивад | 2 | 2 |
| | | **Æдæппæтæй 12** | **Æдæппæтæй 14** |

## Цæттæгæнæн къорды сабиты (6–7-аздзыдтæ) ахуыры темæтæ

| Мæй | Хæслæвæрд |
|---|---|
| Сентябрь | 1. Фæндараст, сæрд! |
| | 2. Æфсиры балц. |
| Октябрь | 3. Хъæууон куыстытæ. Хъæууон фæллойгæнджытæ. |
| | 4. Райгуырæн бæстæйы зарæггæнæг. Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бонмæ. |
| | 5. Фæззæг. «Æхсæлы ызгъæлы, лæджирттæг фæбур…». *Къоста.* |
| | 6. Хистæртæ æмæ кæстæртæ. *(Ирон æмбисонд ссарын.)* |
| Ноябрь | 7. Уæрæсе – нæ домбай бæстæ. |
| | 8. Æнæниз у! |
| | 9. Æрæгвæззæг. «Хуымтæ æркарстой, къохтæ – быгъдæг». |
| | 10. Цæрæгойтæ сæхи цæттæ кæнынц зымæгмæ. |
| Декабрь | 11. Хорз хæлар зын сахат рабæрæг вæййы. |
| | 12. Аргъæуттæ зонæм æви нæ? |
| | 13. Дзæнхъа зымæг. |
| Январь | 14. Зымæгон хъæзтытæ. *(Спортивон хъæзтытæ.)* |
| | 15. Зымæгон нывæфтыдтæ. Аивадон дæсныйæдтæ. Адæмон аивад. |
| Февраль | 16. Ирыстоны аивад. |
| | 17. Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ. 23 февраль. |
| | 18. Дæхи хъахъхъæн! ЦÆХЪ *(ОБЖ)*. |
| | 19. Адæмы 'хсæн. *(Кæмæй дæн сæрыстыр.)* |
| Мартъи | 20. Сылгоймаджы фарн. 8 мартъи. |
| | 21. Уалдзæг лæвæрттæ уары. |
| | 22. Ирыстоны Сырх чиныг. |

| | |
|---|---|
| | 23. Чиныг – нæ хæлар æмæ нæ ахуыргæнæг. |
| Апрель | 24. Абалц кæнæм глобусыл. Цæрæгойты, зайæгойты, дæлдон дуне. |
| | 25. Космос. |
| | 26. Зæхх – мæ хæдзар. Зæххы бон. Экологи. |
| | 27. Цы уыдзынæн фидæны? Дæсныйад. |
| Май | 28. Уæлахизы бон. 9 Май. |
| | 29. Сæрд æрцæуы. |
| | 30. Хæрзбон, рæвдауæндон, æгас цу, скъола! *Кæронбæттæны ахуыр.* |

## СКЪОЛАЙЫ АГЪОММÆЙЫ КАРЫ САБИТЫ УДЫХЪÆДЫ РÆЗТ АИВАДОН АРХАЙДЫ РУАДЖЫ

**Ныв кæныны уроктæ раст æвæрд куы уой, уæд стыр ахъаз сты сабийы удыхъæды канд аивадон нæ, фæлæ иумæйаг рæзтæн дæр.**

Ахуыргæнæн æрмæджытæ æвзаргæйæ нымад цыдысты сабиты карон, психологион æмæ интеллектуалон хицæндзинæдтæ:

1. Уынынады хицæндзинæдтæ *(уыныны аппараты цæттæдзинады къæпхæн)*;

2. Сабиты алыкар къордты психофизикон хицæндзинæдтæ;

3. Æцæгдзинад æнкъарыны хицæндзинæдтæ;

4. Амынд кары сабиты интерестæ æмæ зæрдæйы фæндиæгтæ;

5. Равдисыны *(нывгæнгæйæ)* хицæндзинæдтæ.

Амынд кары *(рæвдауæндоны цæттæгæнæн къорд)* сабитæ лæмбынæг байхъусын æмæ бамбарынмæ фæтырнынц, исты архайд сæм цымыдисаг куы фæкæсы, уæд бадтфæразон свæййынц.

Се 'ргом сын цæмæй йæхимæ раздаха, уый тыххæй хъомылгæнæг пайда кæны сæрмагонд фæрæзтæ æмæ мадзæлттæй *(къухы фæтылд, цымыдисаг ныхас æмæ а. д.).* Ахсджиаг у сабиты ныв кæныныл бафтауын. Уыимæ – ныв кæныны ахуыртæ сабийæн хъуамæ цымыдисаг уой, разæнгардæй сæм тырна æмæ уæлтæмæн æнкъара. Нывгæнгæйæ саби хуыздæр бахъуыды кæны, ногæй цы базоны, уый. Уымæ гæсгæ хъомылгæнæджы хæс у, цы гæнæн ис, уымæй ныв кæныны уроктæ ног æмæ цымыдисаг æрмæгæй ифтонг кæнын.

Хъуамæ рохуаты ма зайа иу хъуыддаг: магъзмæ цы информаци бахауы, ууыл цас фылдæр рецептортæ бакусы, уыйбæрц зонды мидæг тынгдæр ныффидар вæййы.

Нывгæнгæйæ та, куыд зонæм, афтæмæй скусынц алыхуызон анализатортæ: хъусæн, уынæн, змæлæн æмæ а. д.  Саби хъусы, кæсы, уырзæй æнкъары æмæ объекттæ кæрæдзиуыл бары, иртасы, йе ’нкъарæнтæ æвдисы, хъуыды кæны, йæ цæстытыл цыдæр нывтæ уайы, йæ фантази кусы æмæ афтæмæй ныв кæны. Уымæ гæсгæ, нывгæнгæйæ, уый æрмæст фæлгонцтæ фæлдисынил нæ фæцалх вæйййы, фæлæ ма йæ зонындзинæдтæ дæр, æмткæй райсгæйæ, фылдæр кæнынц æмæ йын уымæ гæсгæ иннæ предметтæ ахуыр кæнын дæр æнцондæр у.

Ныв кæныны иу урокæй иннæмæ сабийы аивадон арæхстдзинадыл æфты æмæ уыимæ та йæ удыхъæды сфидар вæййынц бæллиццаг миниуджытæ – саби бауарзы кусын, йæ куыст та кæны бæстон æмæ лæмбынæг, стæй, цымыдисаг æм кæй кæсы, зæрдиагæй йæ кæй кæны, уымæ гæсгæ йæ куысты уæлхъус бирæ бадын фæразы. Цыбыр дзырдæй, сфæлдыстадон нывгæнынад сабийы æгъдауыл дæр хорзырдæм сахады.  Уый та нысан кæны, аивадон курдиаты рæзты фæдыл арæзт методикон амындтыты цы ахуыртыл дзырдæуы, уыдоны нысан кæй у сабиты сæ алыварс дуне зонынмæ æмæ сфæлдыстадон архайдмæ сразæнгард кæнын, сфæлдысадон куыст цины хос кæй у, уый сын банкъарын кæнын æмæ сæ аивадон фæлтæрæнтæм бацымыдис кæнын.

## Цæттæгæнæн къорды *(6–7-аздзыдтæ)* перспективон-тематикон пълан

| Мæй Къуыри | Иумæйаг темæ | Ахуыр ы нымæц | Ахуыры темæ | Аивадон архайды хуыз | Программæйы мидис | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Нысан | Аивадон-ахуырадон хæстæ | | |
| | | | | | | Фæлгонцадон мадзæлттæ | Хуызиртасынад | Композици |
| | | | | | | | | |
| Сентябрь / III къуыри | «Фæндараст, сæрд!» | 2 | «Мæ сæрд». | Сæрды тæлмæнтæ æмæ фиппайды бындурыл ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæй архайын. | Сæрды тыххæй зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын, сæрдыгон улæфты хуызты тыххæй сабитæн радзурын. | Адæймаджы фæлгонц ныв кæныныл сабиты фæцалх кæнын. | Сæрды ахорæнты тыххæй æрдзурын – цин, хъæлдзæг зæрдæйы уаг æмæ амонд æвдисæг ирд æмæ райдзаст хуызтæ. | Гæххæтты сыфыл скæнын адæймаджы *(дæхи)* ныв: ленк кæнгæйæ, портийы фæдыл згъоргæйæ æмæ а. д. Акцент – эмоционалон уавæр. |
| Сентябрь / IV къуыри | «Æфсиры балц». | 2 | «Хор – царды бындур». | Хи бафиппайд æууæлтæ æмæ фехъусæггаг æрмæджы бындурыл ныв кæнын. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Дзулы ахадындзинад æмæ йемæ баст дæсныйæдты тыххæй ныхас. | Фæйнæхуызон объекттæ, сæ хицæндзинæдтæ сын банысан кæнгæйæ сныв кæнын. | Цы уавæр æвдисыс дæ нывы, уымæ ахастдзинад ахорæны хуызæй равдисын. | Гæххæтты сыфыл реалон кæнæ æрымысæггаг *(аргъауы)* уавæр *(ситуаци)* равдисын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Октябрь / I къуыри | «Хъæууон фæллойгæнджытæ». | 2 | «Хъæууон хæдзар». | Хи бафиппайд æууæлты бындурыл ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæй архайын. | Хъæууон цæрджыты фæллойыл æрдзурын. Хæдзарон фос æмæ мæргътæ цы пайда хæссынц, уымæ хъус уæлдай тынгдæр æрдарын. | Адæймаг æмæ хæдзарон цæрæгой кæнæ маргъы фæлгонц сныв кæнын. Сæ буарыконды хицæндзинæдтæ сын равдисын. | Ахорæны фæрцы равдисын æрмæст цæрæгойы *(маргъы)* хъуын *(пакъуыйы)* бæлвырд хуыз нæ, фæлæ ма йæм адæймаджы хæлар ахаст дæр. | Гæххæтты сыфыл хæдзарон цæрæгой кæнæ маргъ æмæ адæймаджы стыр ныв скæнын цыдæр бæлвырд уавæры *(адæймаг цæрæгойы хизы, холлагын дæтты, цинтæ йыл кæны, йæ хъуынын рæвдаугæ йæ армæй сæрфтытæ кæны æмæ а. д.).* |
| Октябрь / II къуыри | «Фыдызæххы зарæггæнæг». | 2 | «Къоста – нывгæнæг æмæ поэт». | Фехъуыст æрмæг æмæ нывгæнæджы нывты репродукцитæм æркасты бындурыл ныв кæнын. Акварелон ахорæнтæ æмæ мелæй ныв кæнын. | Къостайы аивадон уацмыстимæ сабиты базонгæ кæнын. | Пейзаж сныв кæнын *(бæрзонд хæхтæ, хæххон дæтты зæрдæскъæфгæ рæсугъддзинад банысан кæнын).* | Ахорæнты руаджы Кавказы æрдзы рæсугъддзинад равдисын. | Гæххæтты сыфыл сныв кæнын хæххон пейзаж *(хур, мигътæ, хæхтæ, цæугæдон, къахвæндæгтæ)* |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | æмæ агъуыстытæ *(мæсгуытæ, цæрæнуæттæ)*, адæймаджы сурæттæ *(фый-йау, дондзау чызг, сабитæ, Къоста)*. |
| Октябрь / III къуыри | «Фæззæг». | 2 | «Фæззыгон сыфтæрты баст». | Натурæмæ гæсгæ ныв кæнын.<br>Гуашь ахорæнтæй архайын. | Фæззæджы тыххæй сабитæн радзурын. Аивадон графикæйы хуызтæй иу – гравюрæимæ сæ базонгæ кæнын. Æмбарынæдтæ «мыхуыр», «халдих». | Халдихы фæрцы сыфтæрты баст сныв кæнын. | Хъарм фæлгъуызты нымæц рапара-хат кæнын. | Гæххæтты сы-фыл сыфтæрты баст халдихты фæрцы равди-сын. |
| Октябрь / IV къуыри | «Хистæртæ æмæ кæстæртæ». | 2 | «Кæй уарзын æз». | Фиппайд æмæ æнкъарæнты бындурыл ныв кæнын.<br>Гуашь ахорæнтæй ар-хайын. | Адæмы цардæвæрды тыххæй æмбарынад. Фæлтæрты бастдзинад ба-нысан кæнын. | Адæймаджы фæлгонц ныв кæнын. Адæмы æхсæн хæлар ахастдзинæдтæ аи-вадон мадзæлттæй æвдисын. | Ахорæнты ру-аджы *(фæлмæн хъарм хуызтæ)* кæрæдзийæн уарзон адæймæгты хъæрмуд ахастытæ рав-дисын. | Гæххæтты сыфыл хæстæг хиуæтты егъау ныв скæнын, сæ цины æнкъарæнтæ сын банысан кæнгæйæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ноябрь / I къуыри | «Уæрæсе – нæ домбай бæстæ»/ | 2 | «Мах абалц кодтам нæ бæстæйыл». | Фехъуыст цаутæ æмæ фенд иллюстративон æрмæджы бындурыл ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæ кæнæ фломастертæй архайын. | Æгæрон егъау бæстæйы кæй цæрынц, сабитæн уый бамбарын кæнын. Бæстыхъæдон зонæты хицæндзинæдтæ сын бацамонын. | Фæйнæхуызон объекттæ сныв кæнын: æрдз, цæрæгойтæ, адæймæгтæ. | Нывы æвдыст уысмы цæстæнгæс фæлгонц сæйраг хуызты руаджы скæнын. | Гæххæтты сыфыл хуымæтæг сюжетоу ныв скæнын. |
| Ноябрь / II къуыри | «Æнæниз у!» | 2 | «Æз рынчын дæн». | Цards фæлтæрдзинад æмæ бавзæрст æнкъарæнты бындурыл ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæй архайын. | Ææниздзиндыл куыд кусын хъæуы, уый фæдыл ныхас *(буар фæлтæрын, активон улæфт кæнын, пайда хæринаг хæрын)*. Дохтыры дæсныйады ахадындзинад. | Адæймаджы бæлвырд уавæры равдисын. Гæххæтты сыфыл ахорæнты руаджы æнæхъæн пластикон иуæг – композицион къорд – саразынл бацархайын. | Ахорæнты хуызты руаджы зæрдæйы уаг равдисын. | Гæххæтты сыфыл скæнын хуымæтæг сюжетон ныв: рынчын æмæ дохтыр, рынчын æмæ хиуæттæ. Равдисын эмоционалон уавæр: зæрдæйы тыхст, аудындзинад. |
| Ноябрь / III къуыри | «Цæрæгойтæ сæхи цæттæ кæнынц зымæгмæ»/ | 2 | «Мыстмæ уазæгуаты»/ | Фæлгæнæны бындурыл ныв кæнын. Фломастертæй архайын. | Фæззæг, фæззæджы æрцыдимæ хъæддаг сырдты царды уавæртæ куыд аивынц, ууыл ныхас. | Хъæды цæрæгойты ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. Сæ буарыконды хицæндзинæдтæ | Цæрæгойты къаннæг ныв тæ – графикæйы хуызы. | Хъæды кæнæ быдыры цæрæгойты къорд *(бинонтæ)* – сæ цæрæнуаты. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æмæ сын сæ уаг æвдисыныл архайын. | | |
| Ноябрь / IV къуыри | «Æрæгвæззæг»/ | 2 | «Æрдзы фæззыгон æрхуым». | Рагацау хъусдарды бындурыл ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæй архайын. | Æрæгвæззæджы сæйраг миниуджытæ, æрдзы уавæр афæдзы алы афонты. | Æрдз ныв кæныны арæхстдзинадыл дарддæр кусын. Бæлæсты равг æмæ сæ къалиуты уаг æвдисæг пластикон хæххытæм сæйраг æргом здахын. | Нысаны хуызон райхæлд – монохромонмæ хæстæг. | Гæххæттыл сныв кæнын фæззыгон пейзаж, хъус сæйрагдæр бæлæсты фæззыгон уавærмæ даргæйæ. |
| Декабрь / I къуыри | «Æмбал æмбалы зын ран нæ уадзы». | 2 | «Æмбалы сурæт». | Фиппайды бындурыл нывкæнынад. Гуашь ахорæнтæ æмæ фломастертæй архайын. | Хæлардзинады нысаниуæг адæймаджы царды. Æмбарынад «нывгæнæг-сурæтаразæг». | Ахуыр кæнын адæймаджы фæлгонц ныв кæнын, йæ характерыл дзурæг æддаг бакасты æууæлтæ йын æвдисын. | Ахорæнты руаджы, кæй сурæт кæныс, уый удыхъæд равдисын. | Гæххæтты сыфыл скæнын адæймаджы сурæт, йæ удыхъæд æвдисæг уæлæмхасæн æууæлтимæ. |
| Декабрь / II къуыри | «Аргъæуттæ зонæм æви нæ?» | 2 | «Мæ уарзон аргъау». | Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад. | Аргъæутты ахадындзинадыл ныхас. Дæснийад «нывгæнæг-иллюстратор». | Аргъæутты персонажтæ ныв кæныныл архайын. | Ахорæнты фæрцы уавæры æнахуырдзинад бaнысан кæнын. | Гæххæтты сыфыл уарзон аргъауы персонажты сныв кæнын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Гуашь ахорæнтæй архайын. | | | | |
| Декабрь / III къуыри | «Дзæнхъа зымæг». | 2 | «Митæхсины галуан». | Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад. Фломастертæ æмæ акварель кæнæ мыдадз мелтæй архайын. | Зымæджы тыххæй зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. | Аллегорион фæлгонцтæ нывкæнын æмæ фантазион амаддзæгтæ фæлдисыны арæхстдзинад. | Хуызджын фæлгонц – уазал гаммæйы фæлгъуызтæ рауæрæх кæныны фæрцы. | Аргъауы зымæгон галуан æмæ йæ цæрджытæ – гæххæтты сыфыл. |
| Декабрь / IV къуыри | «Зымæгон хъæзтытæ» | 2 | «Спортивон хъæзтытæ». | Царды тæлмæнтæ æмæ хъусдарды бындурыл нывкæнынад. Фломастертæ æмæ гуашæй архайын. | Зымæгон улæфт, спорты зымæгон хуызтæ. | Адæймаджы фæлгонц змæлгæйæ равдисын. | Ахорæнты фæрцы хъазты цин равдисын. | Гæххæтты сыфыл – адæймаджы цалдæр сурæты хъазгæйæ *(спортсментæ кæнæ сабитæ)*. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Январь / III къуыри | «Фондз æнкъарæны». | 2 | «Стонг гæдыйы гыццыл цъиутæн мæстæймарын не ’мбæлы». | Рагъоммæйы хъусдард æмæ комкоммæ тæлмæнты бындурыл нывкæнынад. Архайæн фæрæзтæ – фæндонмæ гæсгæ. | Алфамбылай дуне зоныны æууæлтæ – адæймаджы фондз æнкъарæны. | Зонгæ предметтæ ныв кæнын *(гæды æмæ мæргътæ)*, æнкъарæнты спектр æнæхъæнæй зæрдыл даргæйæ. | Æнкъарæнты спектр ахорæнты руаджы равдисыныл бацархайын. | Гæххæтты сыфыл – гæды æмæ цъиуты фæлгонцтæ *(сæ ахастытæ сын бацысан кæнын)*. |
| Январь / IV къуыри | «Ирыстоны аивад». | 2 | «Нывгæнæджы сурæт». | Информаци æмæ хи аивадон фæлтæрдзинады бындурыл ныв кæнын. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Нывгæныны аивады алы хуызты тыххæй сабиты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын. | Адæймаджы фæлгонц кусгæйæ. | Ахорæнты руаджы нывгæнæджы æрмадзы равг равдисын. | Гæххæтты сыфыл – нывгæнæджы сурæт *(йæ уацмысыл кусгæйæ)*. |
| Февраль / I къуыри | «Фыдыбæстæхъахъхъæнджытæ». | 2 | «Æфсæддон парад». | Информаци æмæ цæстуынгæ æрмæджы бындурыл ныв кæнын. Фломастертæй архайын. | Уæрæсейы хотыхджын тыхты тыххæй ныхас. | Адæймаджы фæлгонц ныв кæныны | Графикон хуыз, цалдæр ахорæнæй спайда кæнгæйæ. Арæхстдзинадыл куыст. | Гæххæтты сыфыл – æфсæддонты къорд *(æфсæддон working парады рæстæг)*. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Февраль / II къуыри | «Дæхи хъахъхъæн». | 2 | «Бæрæгбоны фейерверк». | Хи цæстæй фенд цаутимæ баст эмоционалон тæлмæнтæ æмæ фæлтæрдзинады бындурыл нывгæнынад. Гæххæтты сыфыл – рухсгæнæн ракетæтæ, бæрæгбоны фейерверк горæты сæрмæ æхсæвыгон арвыл. | Уæлдай тынгдæр сабитæ сæхи цы уавæрты хъуамæ хъахъхъæной, уыдоныл ныхас. | Бæрæгбоны салют нывкæныны арæхстдзинадыл куыст. | Тар фоныл хорз чи зыны, ахæм ирд ахорæнтæй пайда кæнын. | Гæххæтты сыфыл – рухсгæнæн ракетæтæ, бæрæгбоны фейерверк горæты сæрмæ æхсæвыгон арвыл. |
| Февраль / III къуыри | «Адæмы æхсæн». | 2 | «Кæмæй дæн æз сæрыстыр». | Информаци æмæ царды тæлмæнты бындурыл нывкæнынад. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Йæ цард фæзминаг кæмæн у, ахæм зындгонд адæймæгты *(аивады кусджыты, спртсменты, хæст æмæ фæллойы хъайтарты)* тыххæй ныхас. | Адæймаджы фæлгонц бæлвырд уавæры фæлдисыны арæхстдзинадыл куыст. | Ахорæнты руаджы равг равдисын. | Гæххæтты сыфыл – адæймаджы фæлгонц йæ дæсныйададон архайды уавæры. |
| Февраль / IV къуыри | « Бæсты фидауц – сылгоймаг». | 2 | «8-æм Мартъи». | Посты арфæйы къам хи къухтæй скæнын. Хуызджын фломастертæй архайын. | Декоративон графикæйы хуызтимæ сабиты базонгæ кæнын. | Арфæйы къам хи къухтæй саразыныл архайын. | Хурдзаст æмæ ирд фæлгъуызтæй спайда кæнын. | Гæххæтты сыфыл – арфæйы ныхæстæ æмæ уалдзыгон дидинджыты нывтæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Март / II къуыри | «Уалдзæг лæвæрттæ уары». | 2 | «Цы федтон æз тезгъогæнгæйæ». | Хъусдарды бындурыл нывкæнынад. Гуашь ахорæнтæ кæнæ фломастертæй архайын. | Уалдзæджы сæйраг миниуджытæ æрбаиу кæнын. | Пейзажы хицæн хæйттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Ахорæнты руаджы æрдзы цин равдисын. | Гæххæтты сыфыл – уалдзыгон пейзаж. |
| Март / III къуыри | «Ирыстоны Сырх чиныг». | 2 | «Ӕрдзы хæлæрттæ». | Информаци æмæ иллюстративон æрмæджы бындурыл нывгæнынад. Гуашь, фломастертæй архайын. | Сабиты базонгæ кæнын экологион проблемæтимæ. | Цæрæгойты фæлгонцтæ ныв кæныны арæхстдзинадыл кусын. | Ахорæнты руаджы цæрæгойы рæсугъддзинад равдисын. | Гæххæтты сыфыл – цæрæгойы фæлгонц æрдзон уавæры. |
| Март / IV къуыри | «Чиныг – нæ хæлар æмæ нæ ахуыргæнæг». | 2 | «Цæуыл нæ ахуыр кæнынц аргъæуттæ?» | Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад. Гуашь, фломастертæ кæнæ сойджын пастелæй архайын. | Сабиты зонындзинæдтыл бафтауын. Чиныджы ахадындзинады тыххæй сын радзурын. | Аргъæутты персонажтæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Ахорæнты руаджы, персонажмæ дын цы ахастдзинад ис, уый равдисын. | Гæххæтты сыфыл – аргъæутты персонажтæ. |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Апрель / I къуыри | «Абалц кæнæм глобусыл». | 2 | «Дунейы зындгонд цыртдзæвæнтæ». | Информаци æмæ иллюстративон æрмæджы бындурыл ныввкæнынад. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Сабиты базонгæ кæнын алы бæстæты архитектурон цыртдзæвæнтимæ. | Сабиты хъус æрдарын вазыгджын архитектурон формæйы характерон конструкцитæм. | Ахорæнты руаджы равдисын архитектурон объекты рæсугъддзинад. | Гæххæтты сыфыл – архитектурон объект æмæ йæ алфамбылай æрдз. |
| Апрель / II къуыри | «Космос». | 2 | «Космос басгарджытæ». | Информаци, фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл ныввкæнынад. Алыхуызон фæрæзтæй архайын. | Космосы тыххæй зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын. | Космонавты фæлгонцтæ æмæ техникон мадзæлттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл кусын. | Ахорæнтæй банысан кæнын æнахуыр уавæр, уæрæх пайда кæнын ахорæнты алыхуызон æмиуæдтæй. | Гæххæтты сыфыл – космонавттæ æмæ тæхæн аппаратты нывтæ æнæуæзады уавæры. |
| Апрель / III къуыри | «Зæхх – мæ хæдзар». | 2 | «Дидинæг кал, нæ Зæхх!». | Къорды иумæйаг куыст – аппликацийы фæрæзтæй конд плакат. Нывтæ рагацау фломастерæй скæнын. | Зæххон цардарæзты тыххæй ныхас. Æмбарынад «плакат». | Адæймаджы фæлгонц æмæ дидинджытæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Фæлгонцты хуыз – хурдзаст æмæ ирд. | Гæххæтты стыр сыфыл – Зæххы *(зæххы къорийы)* фæлгонц, йæ хуылф – дидинджыты нывтæй аивгонд. Зæххы алыварс – сабиты сурæттæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Апрель / IV къуыри | « Цы суыдзынæн фидæны ?» | 2 | «Алы куыстæн – кад!» | Хъусдарды бындурыл нывкæнынад. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Алыхуызон дæсныйæдты хицæндзинæдтыл ныхас. | Адæймаджы фæлгонц йæ куысты уæлхъус нын кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Темæмæ гæсгæ равзарын ахорæнты контрастон кæнæ талас æмиуæдтæ. | Гæххæтты сыфыл – адæймаджы *(цалдæр адæймаджы)* фæлгонц йæ куысты уæлхъус. |
| Май / I къуыри | «Уæлахизы бон». | 2 | «Уæлахиздзаутæ». | Иллюстративон æрмæджы бындурыл нывкæнынад. Фломастертæ кæнæ сойджын пастелæй архайын. | Стыр Уæлахизы ахадындзинад. | Хæсты нывтæй исты равзарын æмæ йæ ахорæнты руаджы равдисын. | Ахорæнты хиуылхæцгæ, мынæг фæлгъуызтæй спайда кæнын. | Гæххæтты сыфыл – хæсты заманы цау. |
| Май / II къуыри | «Сæрд æрцæуы!» | 2 | «Мæ бæллицтæ». | Хъусдард æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад. Гуашь кæнæ фломастертæй архайын. | Сæрды тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. | Адæймаджы фæлгонц æмæ алыхуызон объекттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст, æддаг бакасты сæйраг хицæндзинæдтæ æвдисынмæ тырнын. | Ахорæнты руаджы цины æнкъарæнтæ æвдисын: сæрды æууæлтæ æвдисæг хурдзаст, ирд, цинæфтауæг фæлгъуызтæ. | Гæххæтты сыфыл – цины æнкъарæнтæ æфтауæг хуымæтæг исты цау. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Май / IV къуыри | «Хæрзбон, рæвдауæндон, æгас цу, скъола!» | 2 | «Мæ уарзон рæвдауæндон». | Царды æцæг цаутæ æмæ хи фæлтæрддзинады бындурыл ныккæнынад. Фломастертæй архайын. | Рæвдауæндон æмæ скъолайы тыххæй ныхас сабитимæ. | Адæймаджы *(сабиты)* фæлгонцтæ хуымæтæг цардыуагон уавæры нывкæныны арæхстдзинадыл куыст. | Цины æнкъарæнтæ æвдисæг ахорæнтæ – ирд, хурдзаст, зæлланггæнаг фæлгъуызтæ. | Гæххæтты сыфыл – сабиты къорд рæвдауæндоны исты цауты рæстæг *(тезгъогæнгæйæ, фынджы уæлхъус, хъазгæйæ æмæ а. д.)* |

*1–2 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фæндараст, сæрд!»**

**Темæ: «Мæ сæрд».** ***Сæрды тæлмæнтæ æмæ фиппайды бындурыл ныв кæнын.***

**Нысан:**

– Сæрды тыххæй зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын, сæрдыгон улæфты хуызты тыххæй сабитæн радзурын.

– Рæзын кæнын сабиты уынгæ æмæ æнкъаргæ мысæнуат, сæ аналитикон хъуыдыкæнынад *(сæхи æмæ искæй ныхтæ иртасынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ ахуыр кæнын).*

– Сабитæ се 'нкъарæнтæ куыннæ 'мбæхсой, фæлæ сæ æхсызгонæй куыд æргом кæной, ныв кæныны аивады руаджы сæ равдисынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц ныв кæныныл сабиты фæцалх кæнын. Хаххон пластикæйы фæрцы адæймаджы змæлд равдисын.

2. Хуызиртасынад. Сæрды ахорæнты тыххæй æрдзурын − цин, хъæлдзæг зæрдæйы уаг æмæ амонд æвдисæг ирд æмæ райдзаст хуызтæ.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл скæнын адæймаджы *(дæхи)* ныв − зæгъæм, ленк кæнгæйæ, портийы фæдыл згъоргæйæ æмæ а. д. Акцент − эмоционалон уавæр равдисыныл.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь *(гуашы æмрæнхъ ма æндæр фæрæзтæй дæр ис пайда кæнæн).*

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын нывкæнынадон.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, фæлæ уыимæ бæлвырд æмæ цæстахадгæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Сæрдыгон æрдзы хуызистытæ: хæхтæ, денджыз, уыгæрдæнтæ, бæлæстæ; сабиты бинонты къамтæ сæ сæрдыгон улæфты рæстæг.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3; 12 хуызы гуашь; палитрæ; хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ уымæй чысыл егъаудæр)*; доны банкæ; къухтæсæрфæн; хуызджын фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сæрды улæфты фæдыл сабитимæ æрныхас кæнын. Бахæс сын кæнын, цæмæй сæ хæдзары альбомтæй æрбахæссой, сæ бинонтæ сæ улæфты рæстæг кæй систой, ахæм къамтæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, ногæй та нæ ныв кæныны ахуыртæ райдыдтой. Æхсызгон уын у? Сæрды улæфты рæстæг нывтæ кодтат?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Абон нæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм сæрды цаутæ æмæ уыимæ æркæсдзыстæм, ныв кæнын ма зонæм æви нæ, уымæ. *(Ацы хæслæвæрд тынг ахъаз у, ивгъуыд аз сабитæ цы базыдтой, уый фæстæмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæнынæн, рацыд æрмæг фæлхат кæнынæн.)*
Сывæллæттæ, цы зонут сæрды тыххæй?
**С.** Сæрд у афæдзы цыппар афонæй иу. Ахæссы æртæ мæйы. Йæ мæйтæ сты июнь, июль æмæ август. Сæрды вæййы хъарм, тæвд, адæм фæдарынц рог дарæс.
Сæрды хочется все время быть на природе.
**Хъ.** Цы ми фæкæнынц адæм сæрды?
**С.** Сæрд у улæфт æмæ балцы цæуыны рæстæг. Хистæртæ сæ куыстæй сæрибар вæййынц, сабитæн дæр вæййы каникултæ.

**Хъ.** Куыд баулæфæн ис сæрды?

**С.** Ацæуæн ис денджызы былмæ кæнæ хæхтæм. Хæхты дæр ис цæугæдæттæ, цадтæ. Уым ис хи найæн, кæсаг ахсæн. Гæнæн ис афтæ дæр, æмæ автобусы кæнæ поезды сбад æмæ ацу дæ хæстæджытæм æндæр горæтмæ, æндæр бæстæм.

**Хъ.** Раст у, сæрд адæймагæн бирæ цин æрхæссы. Сæрды нæ уыйбæрц ницы мæт вæййы, куыст æмæ ахуырæй сæрибар вæййæм. Боныхъæдæй дæр зæрдæ фæрайы. Сæрдыгон бонтæ даргъ вæййынц. Цæмæн?

**С.** Сæрды хур æрæгмæ аныгуылы, райсомæй та раджы скæсы. Уымæ гæсгæ бонтæ даргъ вæййынц, æхсæвтæ – цыбыр.

**Хъ.** Сæрды сабиты царды бирæ цымыдисаг цаутæ вæййы. Уæ сæрд куыд арвыстат, уый тыххæй мын куы радзуриккат, уый мæ фæнды. Æрмæст ныхæстæй нæ, фæлæ нывтæй, ахорæнты руаджы. Раст цыма æцæг нывгæнджытæ стут, афтæ. Фæнды уæ? Ныртæккæ сымахæй алчидæр, сæрды улæфты рæстæг æм цымыдисагдæр чи фæкаст, йæ зæрдыл тынгдæр кæй бадардта, уыцы цау йæ цæстытыл ауайын кæнæд æмæ йæ гæххæттыл равдисæд.

Ацы хæслæвæрды сабитæ хъуамæ гæнæн æмæ амалæй сæрды темæ равдисой цыдæр архайды руаджы. *Зæгъæм: æз ленк кæнын, æз пуртийæ хъазын, æз гæпп кæнын æмæ а. д.*

**Хъ.** Уæ нывтæ куы сцæттæ уой, уæд сæм иумæ æркæсдзыстæм æмæ мын уæ нывтæм гæсгæ радзурдзыстут, уæ улæфты бонтæ куыд арвыстат, уый тыххæй. Уыйадыл нæ куысты сæр æрлæууыдыстæм æмæ ныв кæнынмæ бавнæлдтам.

*Хъомылгæнæг сывæллæттæм йæ цæст дары, цæмæй сæ нывтæ ма «ныллыстæг» кæной, фæлæ, гæххæтт цас амоны, уыйбæрц фæлгонцтæ егъауæй æвдисой. Нывы фæлгæт уал фыццаг арæзтæуы лыстæг хъисойæ, стæй уæд нывмæ*

*хуызджын ахорæнтæй базилдзысты, æмæ ныйирд уыдзæн, «схуддзæн».*
**Хъ.** Сывæллæттæ, сæрдæн цавæр ахорæнтæ ис?
**С.** Ирд, хурдзаст, алыхуызон тæмæнкалгæ. Тар ахорæнтæ йыл нæ фидауынц.
**Хъ.** Уæдæ сæйрагдæр ахорæнты цавæр хуызтæ райсын æмбæлы?
**С.** Ирд: бур æмæ бурбын сырх.
**Хъ.** Цæмæн?
**С.** Уыдон сæрдыгон хуры тынты хуызæн сты.
**Хъ.** Сæрдыгон хур æмæ йæ ахорæнты хуызты тыххæй цы зæгъæн ис?
**С.** Хур хъарм у, тæвд, тæмæнкалгæ, ирд, хæларзæрдæ. Хурдзаст хуызтæ аразын зонæм.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 21-æм темæйы 29-æм ахуыр.)*
**С.** Палитрæйыл алыхуызон ахорæнтæ куы 'взарай, уæд дзы алкæмæ дæр иучысыл бафтауын хъæуы бур кæнæ бурбын сырх ахорæн.
**Хъ.** Хуыздæр фæут! Куыд кæсын, афтæмæй мæ амындтытæ нæ ферох кодтат.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, сæрды темæйыл дарддæр кусæм. Сæрдæн фæндараст зæгъæм, хорзæй дзы цы уыди, уый нæ зæрдыл дарæм, афтæмæй. Амæйразмæйы ахуыры цы ныв кодтат?
**С.** Нæхи ныв кодтам. Кæм уыдыстæм сæрды, цы ми кодтам, цы базыдтам, цавæр æнкъарæнтæ нæм сæвзæрд, уыдæттæ хъуамæ равдыстаиккам нæ нывты.
**Хъ.** Сæрд уæм æцæгдæр дзæвгар æнкъарæнтæ сæвзæрын кодта, зынгæ фестырдæр стут, бирæ ног цыдæртæ базыдтат. Уæ нывтыл бæрæг у. Иумæ сæм æркæсæм æмæ уæ ал-

чи дæр йæ нывы тыххæй радзурæд.
*Сабиты ныввты тыххæй иумæ æрдзурын сæ удыхъæды сфæлдыстадон рæзтæн тынг ахъаз у. Сывæллон афтæмæй йæ ныввы хъæнтæ хуыздæр раиртасы æмæ йыл дарддæр куыд хуыздæр бакуса, куыд æй фæхуыздæр кæна, уый арæх йæхи зондæй æрцахсы.*
**С.** Уый æз мæ ног велосипедыл тæхын, æмæ мын хъарм дымгæ мæ цæсгомыл æмбæлы. Мæ сæрыхъуынтæ дæр мын куыд фæйлауы!
Æз ленк кæнын базыдтон, сæрбын кæнынмæ дæр арæхсын! Мæхи снывв кодтон ленк кæнгæйæ!
Æз та хъæуы уыдтæн æмæ бæхыл бадтæн. Нæ фæстæ та байраг згъордта. Ахæм дзæбæх уыди, æмæ йын зæгъæн дæр нæй! Йемæ тынг балымæн дæн. Йæ сæр ын мæ армытъæпæнæй рæвдаугæ сæрфтон.
*Сывæллæттæ сæ ныввты кой кæнынц. Хъомылгæнæг сæм лæмбынæг хъусы, зæрдæхæларæй сын йæ фиппаинæгтæ зæгъы.*
**Хъ.** Ныр та нæ нывтæ кæронмæ фæуæм. Сымахæй алчидæр йæхи ныв скодта гæххæттыл. Уæ фæлгонцтæ сты егъау æмæ аив, фæлæ цы ран уыдыстут уыцы уысм, уый дæр ма куы равдисиккат. Цæмæй, кæм стут, уый æмбæрстгонд уа, уымæн цы хъæуы?
**С.** Рæсугъд сæрдыгон æрдз снывв кæнын хъæуы. Ам – денджыз, уым – хæхтæ æмæ а. д.
**Хъ.** Уæдæ иунæг дæр нæ уыдыстут, нæ? Уæдæ снывв кæнут уæ хæлæрттæ, уæ нанатæ, уæ ныййарджыты дæр.
*Фæрстыты руаджы хъомылгæнæг сабиты зонды ныффидар кæны, алфамбылай æрдз равдисын дæр кæй фæхъæуы, уыцы хъуыды.*
**Хъ.** Уæдæ уыйадыл сæрдæн фæндараст загътам æмæ та йæм иннæ хатмæ зæрдиагæй æнхъæлмæ кæсдзыстæм. Уæ зæрдæмæ цæуы сæрдыгон?

**С.** Тынг! Иннæ сæрды æрцыдмæ тынг зæрдиагæй æнхъæлмæ кæсдзыстæм.

*3–4 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Æфсиры балц».**
**Темæ: «Хор – царды бындур». *Хи бафиппайд æууæлтæ æмæ фехъусæггаг æрмæджы бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**

– Адæмы царды хорæн цы ахадындзинад ис, уый тыххæй æрдзурын. Хоры нæмыг дзул цæмæй феста, ууыл архайæг алыхуызон дæсныйæдтыл æрныхас кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон, вариативон æмæ ассоциативон хъуыдыкæнынад, цард æмæ æрдзы фæзындтæ фæлгонцты хуызы сæ цæстытыл ауайын кæнынмæ куыд арæхсой, ууыл архайын.

– Хоры куыст чи кæны, уыцы адæм æмæ дзулмæ аргъуыцы цæстæй куыд кæсой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Фæйнæхуызон объекттæ, сæ хицæндзинæдтæ сын банысан кæн, афтæмæй сныв кæныны арæхстдзинадыл кусын.
2. Хуызиртасынад. Цы уавæр æвдисыс дæ нывы, уымæ ахастдзинад сæрмагонд ахорæны хуызæй равдисын. Нывты фылдæр æмбæлынц ахорæнты æфсирхуыз-зæрин ахорæнты фæлгъуызтæ.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл реалон кæнæ æрымысæггаг (аргъауы) уавæр (ситуаци) равдисын. Бацархайын, цæмæй сабитæ сæ зæрдæтæм айсой, хорыкуыстгæнджытæ æмæ дзулгæнджыты фæллой куыд ахсджиаг у, уый.
**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ кæнæ гуашь *(фæндонмæ гæсгæ).*
**Фæлгонцадон уаг:** хаххон-графикон кæнæ хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** хуымæтæг сюжет схематикон хуызы равдисын.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хъæууонхæдзарадон куыстытæ, мæнæуы хуым, уадгуырæйттæ æмæ донгуырæйттæ æвдисæг нывтæ *(хуызистытæ).*
Мæнæуы æфсиртæ æмæ сысджыйы, хъæбæрхоры, ееуы æмæ æнд. ах. нæмгуытæ.
Ссад къусы. Дзултæ кæнæ сæ нывтæ..
Нывгæнджыты нывты репродукцитæ темæмæ гæсгæ.
Иллюстрацитæ аргъæуттæм *(«Колобок», «Маша и медведь», «Царевна-лягушка» æмæ æнд.).*
Тыппыроны *(колобок)* фæлгонц хъæбæр гæххæттæй кæнæ та хъазæн тыппырон.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, фломастертæ 12 хуызы кæнæ гуашь 12 хуызы, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Пластилинæй алыхуызон дзултæ æмæ адджын гуылтæ скæнын. Ирон æмæ уырыссаг аргъæуттæ бакæсын темæмæ гæсгæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, ракæсут-ма, чи у? *(Æвдисы тыппыроны ныв кæнæ хъазæн тыппырон.)*
**С.** Уый аргъауы тыппырон у.
**Хъ.** Адæймаг у æви цæрæгой?
**С.** Уый у тымбыл дзул. Аргъауы нана йæ аргъауы дадайы курдиатмæ гæсгæ скодта.
**Хъ.** *(аргъауæй скъуыддзаг бакаст).* Цыхуызæн рауад?
**С.** Сырхуадул, цардхуыз, хъæлдзæг, фыдуаг, хинæйдзаг, зараг.

**Хъ.** Нанатæ иууылдæр хæринаг кæнынмæ тынг дæсны сты. Уæлдайдæр та чъиритæ æмæ гуылтæ кæнынмæ. Афтæ нæу?
*Сабиты дзуаппытæ. Сæ нанатæй æппæлынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, æмæ сын ссад та кæм вæййы уæ нанатæн?
**С.** Ссад дæр иннæ хойрæгтау балхæнæн ис дуканийы.
*(Кæс: Хистæр къорды 13-æм темæйы 25–26-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Æмæ дуканимæ та кæцæй æрцæуы ссад? Дзул æмæ алыхуызон адджын гуылтæ та?
Мах зонæм, дуканийы кæнæ базары цы халсартæ балхæнæм, уыдон æрзайынц…
**С.** Цæхæрадоны.
**Хъ.** Фæткъуытæ, чылауитæ, кæрдотæ, алтъамитæ æмæ иннæ дыргътæ зайынц…
**С.** Дыргъдоны.
**Хъ.** Ссад æмæ адджын гуылтæ дæр зайгæ кæнынц?
**С.** Нæ! Дзул æмæ алыхуызон адджын гуылтæ дзулфыцæны кæнынц кæрдзынгæнджытæ.
**Хъ.** Æмæ сын ссад кæм вæййы? Æркæсут-ма, цыхуызæн у?
*(Ссады къусмæ сын амоны. Сабитæ се 'нгуылдзтæй сгарынц ссад.)*
**С.** Фæлмæн, рог, хæмпус. Ссад зайгæ нæ кæны! Нæмгуытæ куыройы æрыссынц, æмæ дзы рауайы ссад. Æз куыройы уыдтæн æмæ йæ федтон.
**Хъ.** Æмæ цавæр нæмгуытæ æрыссынц?
**С.** Мæнæуы нæмгуытæй рауайы мæнæуы ссад, нартхоры нæмгуытæй – нартхоры ссад.
**Хъ.** Сау дзулæн та цавæр нæмгуытæ æрыссынц?
**С.** Хъæбæрхоры æмæ цъойы *(рожь)*.
**Хъ.** Тынг хорз! Æмæ сын уæд нæмгуытæ та кæм вæййы æрыссынæн, кæм сæ æрæмбырд кæнынц?
**С.** Раздæр уал сæ ныссадзын хъæуы, цæмæй сзайой.

**Хъ.** Раст дзуапп! Раздæр уал бафыдæбон кæнын хъæуы, цæмæй дæ къухы исты уа. *(Æвдисы мæнæуы, хъæбæрхоры æфсиртæ æмæ нæмгуытæ, мæнæуы хуымы хуызист.)* Уæдæмæ хабæрттæ фæд-фæдыл радзурæм. *(Тауыны æмæ хорæфснайæны куыстытæ кæрæдзи фæдыл куыд лæууынц, уый æвдисæг нывтæм сын амоны. Сывæллæттæ уыдонмæ гæсгæ дзурынц.)*

**С.** Уалдзæджы тракторæй зæхх бахуым кæнын хъæуы. Уый фæстæ та хуымтæ тауæн машинæты руаджы байтауынц.

**Хъ.** Хъарм къæвдаты фæстæ зæххæй сæ сæртæ сдарынц къаннæг цъæх æвзартæ. Сæрддæргъы сæхи хæрдмæ фæивазынц, сыræзынц, æфсир рафтауынц, æфсирты уд бацæуы. Нæмгуытæ куы схъæбæр вæййынц, æфсиртæ дзæгъ-дзæгъ кæнын куы райдайынц дымгæмæ, уæд…

**С.** Адæм тыллæг æфснайынмæ бавналынц!

**Хъ.** Тынг раст! Æрцæуы, «быдырон нау», зæгъгæ, кæй хонынц, уыцы рæсугъд комбайны рад. Комбайн мæнæуы æвзартæ æрмæст кæрдгæ нæ кæны, уыимæ ма йын йе ’фсиртæ дæр най кæны – нæмгуытæ æмæ хъæмп кæрæдзийæ фæхицæн кæны. *(Хъомылгæнæг æвдисы иллюстративон æрмæг.)* Хоры нæмгуытæ уыйфæстæ аласынц элеватормæ. Уым сæ схус кæнынц, дымгæмæ сæ ныддарынц æмæ сæ куыроймæ аласынц. Цæмæн, уый уæхæдæг зæгъут.

**С.** Цæмæй сæ æрыссой æмæ ссадæй уыйфæстæ дзул скæной.

**Хъ.** Уынут, цас фыдæбон хъæуы, цæмæй нæ фынгыл хæрзад дзул æмæ тæвд чъиритæ фæзына, уый тыххæй! Сабитæ, мæн фæнды, цæмæй абон сымах гæххæттыл алыхуызон ахорæнты руаджы равдисат нæ хоры ’фсиры цардыцаутæй искæцы – мыггаг сыджытмæ хаст куы ’рцæуы, уырдыгæй райдай, æмæ, цæттæ æвзартæ комбайнæй карст æмæ найгонд куы ’рцæуынц, уымæй фæу. Уæ бон у, æмæ, зæронд дада йæ хæрæгыл мæнæуы голлаг куыроймæ куыд

фæласы, уый сныв кæнат, уæ бон у, кæрдзынгæнджыты архайд равдисат дзулгæнæны. Уæ нанаты дæр сныв кæнут хыссæимæ архайгæйæ. Чи уæ цавæр чъиритæ уарзы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Аргъаумæ гæсгæ ныв кæнын чи уарзы, уый та равзарæд нæ абоны темæимæ баст аргъау, табуафси. Зæгъут-ма, цавæр аргъæуттæ æрлæууыдисты уæ зæрдыл?
*Сывæллæттæ нымайынц аргъæуттæ.*
**Хъ.** *(темæмæ гæсгæ иллюстрацитæ æвдисы).* Райдайæм уæдæ ныв кæнын.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, арæх фенæн ис дзулы къæбæртæ кæнæ æрдæгхæрд адджын гуыл зæххыл æппæрстæй. Уый раст у? Куыд уæм кæсы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Цæмæй махæн нæ фынгыл хæрзад дзул, адджын гуылтæ уа, уый тыххæй цас фыдæбон хъæуы, ууыл тынг бирæ дзурæн ис. Фæлæ æрмæст дзурын фаг нæу. Мах ма уый фæдыл нывтæ дæр скодтам. Уыдон нын феххуыс уыдзысты, хæрзад дзул нæ фынгыл кæй фæрцы ис, уыцы адæймæгты дæсныйæдтыл æрдзурынмæ. Æз сæ нымайдзынæн, сымах та мын дзурдзыстут, чи цы куыст кæны, уый. Дзуапп дæтгæйæ уæ нывтæй пайда кæнут.
*Сывæллæтты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм. Цалынмæ сымах архайгæ кæнат, уæдмæ уын æз та цыдæр радзурдзынæн. Цæвиттон, раджы, тынг раджы адæм, цæмæй сыдæй ма амæлой, уый тыххæй хъæдты æмæ быдырты æмбырд кодтой алыхуызон дыргъытæ, кæрдæджытæ, гагадыргъытæ, зайæгойты уидæгтæ. Чи зоны, афтæмæй æнæбары кæддæр сæ цæрæнуаты раз æрхауд мæнæуы, хоры нæмгуытæ. Иннæ

аз уыцы нæмгуытæ стау кодтой æмæ радтой… тыллæг. Мæнæ ахæм нæмгуытæ. *(Амоны хоры нæмгуытæ æмæ æфсиртæм.)* Уæд адæм бамбæрстой, садзæн сын кæй ис, уый, æмæ зæххы куыст кæнын райдыдтой. Нæмгуытæ бирæ лæууыдысты, не 'мбыдысты, фæлæ сын афтæмæй хæрæн нæ уыд. Уæд адæм æрхъуыды кодтой, куыд сæ ныммур кæной, уый дæр – ныххостой кæнæ-иу сæ æрыссадтой. Фæстæдæр фæзынд, дымгæйы радымдæй чи куыста кæнæ доныл арæзт чи уыди, ахæм куырæйттæ – уадгуырæйттæ æмæ донгуырæйттæ. *(Сæ нывтæ сын æвдисы.)* Бакæсут-ма сæм лæмбынæг æмæ зæгъут, афтæ цæмæн хуыйнынц.

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Ссадæй кодтой алыхуызон хæринæгтæ. Зæгъæм, цавæртæ?

*Сывæллæтты дзуаппытæ. Хъомылгæнæг сын уæлдай тынгдæр сæ хъус æрдары ирон хæринæгтæм.*

**Хъ.** Алы адæммæ дæр ис, иннæ адæмтæн дæр хорз зындгонд чи у, ахæм хæринæгтæ. Ранымайдзыстут сæ?

**С.** Уырыссаг гуыдынтæ, ирон чъиритæ, кавказаг лауаситæ æмæ а. д.

**Хъ.** *(æвдисы дзулы алыхуызон хойрæгтæ æмæ сæ нывтæ).* Сывæллæттæ, дзулы хойрæгтæн сæ формæ фылдæр хатт цавæр вæййы?

**С.** Тымбыл вæййынц фылдæр хатт.

**Хъ.** Цæмæн, куыд уæм кæсы? Диссаг нæу, кæцыфæнды адæмы дзул дæр у тымбыл. Тымбыл исты куы фенæм, уæд фыццаджыдæр нæ цæстытыл цы ауайы?

**С.** Хуры хуызæн сты! Уый дæр ахæм тымбыл у!

**Хъ.** Ахъуыды-ма кæнæм, хуры хуызæн тымбыл сæ цæмæн кодтой?

**С.** Адæмы фæндыди хурæн бузныг зæгъын, рухс æмæ сын хъарм кæй дæтты, хоры æвзартæн рæзынмæ æххуыс кæй кæны, уый тыххæй!

**Хъ.** Тынг раст! Адæм хурæй бузныг уыдысты, кæддæриддæр хорæй аргъуыц кодтой. Хорæй ма чи цæры ноджыдæр?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** *(Тыппыроны ныв æвдисы).* Мæнæ нæ Тыппырон – хæларзæрдæ, хъæлдзæг. Уый, хур арвыл куыд тулы, раст афтæ цингæнгæ тулы фæндагыл. Фæстагмæ йæ гæды рувас акъæмс кæндзæн, фæлæ ницы кæны – искæй нана та йе ссады муртæ æрбасæрфдзæн æмæ та ногæй тыппырон скæндзæн. Хур дæр уый хуызæн – изæры фесæфы æмæ та райсомæй ногæй арвыл фæзыны. Æмæ афтæ уыдзæн кæддæриддæр! Куыд диссаджы аргъау у, нæ? Уæдæ уыйадыл нæ нывтæ фæуæм. Цалынмæ ныв кодтат, уæдмæ уæ зæрдыл тынгдæр цы бадардтат?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ, сымах хорз бамбæрстат, дзулмæ хæдзардзин цæстæй кæсын кæй æмбæлы, уый. Хæсты стонг рæстæджыты-иу чысыл къæбæр дæр адæймаджы мæлæтæй аирвæзын кодта.

*5–6 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Хъæууон фæллойгæнджытæ».**
**Темæ: «Хъæууон хæдзар». *Хи бафиппайд æууæлты бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**

– Хъæууон цæрджыты фæллойыл æрдзурын. Хæдзарон фос æмæ мæргътæ цы пайда хæссынц, уымæ хъус уæлдай тынгдæр æрдарын.
– Сабиты цæст уынаг куыд уа æмæ, цы феной, уый сæ цæстытыл уайын сæ бон куы уа, афтæ сæ фæлтæрын.
– Хъæууон цæрджыты фæллойæн аргъ куыд кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын. Бакусын «Адæймаг æмæ цæрæгой», зæгъгæ, уыцы темæйыл.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Архайæм адæймаг æмæ хæдзарон цæрæгой кæнæ маргъ ныв кæнынил. Сæ буарыконды хицæндзинæдтæ сын æвдисæм.
2. Хуызиртасынад. Ахорæны фæрцы равдисын æрмæст цæрæгойы *(маргъы)* хъуыны *(пакъуыйы)* бæлвырд хуыз нæ, фæлæ ма йæм адæймаджы хæлар ахаст дæр.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл хæдзарон цæрæгой кæнæ маргъ æмæ адæймаджы стыр ныв скæнын цыдæр бæлвырд уавæры *(адæймаг цæрæгойы хизы, холлаг ын дæтты, цинтæ йыл кæны, йæ хъуын ын рæвдаугæ йæ армæй сæрфтытæ кæны æмæ а. д.)*.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон æмæ цæстахадгæ, адæймаг æмæ цæрæгойы *(маргъы)* сурæты характерон æууæлтæ равдисгæйæ, уавæр эмоционалон хуызы банысан кæнгæйæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Къамтæ *(хуызистытæ)*: лыстæг фосы дзугтæ æмæ стурвосы рæгъæуттæ хизæны; бæх; хæрæг; фыс; хуы; хъуг; сæгъ æмæ а. д.; кæрчытæ; бабызтæ; хъазтæ; гогызтæ; скъæт; кæрчыты фермæ; фыййау куыдз.
Къуымбилы бындзыг æмæ фысдзармы гæбаз.
Уырыссаг æмæ ирон аргъæутты чингуытæ хуызджын ныв тимæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн.

### 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æрæджы сымах кодтат сæрды нывтæ. Бирæтæ уæ сæ сæрды бонтæ хъæуы арвыстой. Зæгъут-ма, горæт хъæуæй цæмæй хицæн кæны?
*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Раст зæгъут. Хъæуы цæрджыты фæллой æмæ горæты цæрджыты фæллойы æхсæн та цавæр хицæндзинæдтæ ис?
**С.** Хъæуы цæрджытæ кусынц быдырты, дыргъдæтты, цæхæрадæтты, зилынц хæдзарон фос æмæ мæргътæм.
**Хъ.** Цæмæй хъуг кæнæ сæгъ фылдæр æхсыр дæттой, уый тыххæй цы хъæуы? Цæмæй кæрчытæ æйчытæ æфтауой, уый тыххæй та?
**С.** Хъæуы сæм хорз зилын, хъарм бынаты сæ дарын, сæ бынтæ сын сыгъдæг кæнын.
**Хъ.** Куыд уынут, афтæмæй хъæуы цæрджытæн бирæ змæлд ис хæдзары. Уымæй уæлдай ма фосæн зымæгмæ дæр холлаг æрцæттæ кæнын фæхъæуы, хъуамæ хос ныккæрдай, бафснайай йæ. *(Æвдисы хæдзарон фосы нывтæ.)*
**Хъ.** Цалынмæ рæстæг хъарм вæййы, уæдмæ стуртæ быдыры фæхизынц кæрдæгыл. Фыстæ та?
**С.** Фысты рæгъау та фыййау хизы хæххон уыгæрдæнты, хъæуæй дард. Уым кæрдæг уæлдай хæрзад у.
**Хъ.** Фыййауы куыст тынг зын у. Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, фысты цæмæн атæрынц хæххон уыгæрдæнтæм, стурты та нæ? Уыдоны хæрзад кæрдæг нæ хъæуы?
**С.** Фыстæ къаннæг цæрæгойтæ сты æмæ æнцонæй уайынц нарæг хæххон фæндæгтыл, стуртæн сæ бон афтæ нæу.
**Хъ.** Уыимæ ма фыстæн сæ царм дæр бæзджын æмæ хъарм у æмæ сын уымæ гæсгæ хæххон уазæлттæ ницы ракæндзысты, стуртæн та уазалы басийынæй тæссаг у. *(Æвдисы къуымбилы бындзыг æмæ фысдзармы гæбаз. Сабитæ сæ къухæй сгарынц.)* Хæхты сæрдыгон дæр уазал вæййы, хур куы анигуылы, уæд. Æхсæв фыййæуттæ стыр арт скæнынц. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
**С.** Цæмæй сæхи батавой, хæринаг скæной.
**Хъ.** Раст у. Уымæй уæлдай ма арт хи бахъахъхъæныны хос дæр у. Хъæддаг сырдтæ дзы тæрсгæ кæнынц. Арты размæ бирæгъ нæ бауæнддзæн. Сывæллæттæ, фыййæуттæн ма

фос хизынмæ æмæ сæ бахъахъхъæнынмæ чи æххуыс кæны?
**С.** Фыййæуттæм кæддæриддæр вæййы стыр хъуынджын куыйтæ. Уыдонæй бирæгътæ дæр тæрсгæ кæнынц. *(Хъомылгæнæг æвдисы фыййауы куыдзы хуызист.)*
**Хъ.** Уæдæ хæдзарон мæргътæ дæр федтаиккат. Ранымайут-ма сæ.
**С.** Кæрчытæ, уасджытæ, хъазтæ, бабызтæ, гогызтæ.
**Хъ.** Æркæсæм сæм. *(Сæ хуызистытæ сын æвдисы.)* Радзурут-ма мын уыдоны тыххæй бæстондæр.
**С.** Базыртæ сын ис, фæлæ тæхгæ нæ кæнынц. Сæ бумбулитæ сты рæсугъд.
*Сабитæ бæстон дзурынц хæдзарон мæргъты тыххæй. Хъомылгæнæг сæм фæрстытæ дæтты, цæмæй сæ хъуыдытæ æнæкъуылымпыйæ æргом кæной.*
**Хъ.** Адæмæн цавæр цæстæнгас ис хæдзарон фосмæ, куыд уæм кæсы?
**С.** Тынг сæ рæвдауынц. Нæмттæ сыл сæвæрынц, æмæ алы фос дæр йæ номыл сахуыр вæййы *(æмæ а. д.)*.
**Хъ.** Тынг хорз радзырдтат! Ныр та ныв кæнынмæ бавналæм. Чи цавæр цæрæгой кæнæ маргъ ныв кæндзæн, уый тыххæй рагацау баныхас кæнæм, цæмæй нæм се ’ппæты нывтæ дæр уой.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах алы бон дæр фæкæсæм æмдзæвгæтæ æмæ аргъæуттæ æмæ дзы кæддæриддæр сæмбæлæм исты цæрæгой кæнæ маргъыл. Ранымайут-ма, цы аргъæуттæ зонут, уыдонæй хъæддаг сырдты кой кæцыты ис? Хæдзарон цæрæгойты кой та?
*Сывæллæттæ нымайынц уырыссаг æмæ ирон аргъæуттæ. Хъомылгæнæг сын æвдисы иллюстрацитæ цæрæгойты аргъæуттæм.*

**Хъ.** Хæдзарон цæрæгойты тыххæй бирæ аргъæуттæ ис, нæ? Цæмæн свæййынц уыдон аргъæутты фæзминаг персонажтæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Раст у. Хæдзарон цæрæгойтæ адæймагæн тынг æххуыс сты йæ царды мидæг. Хорз зонгæ уын кæй сты, уый бамбæрстон уæ дзуаппытæй. Сæ нывтæ сын куы кодтат, уæд цы хъуамæ равдыстаиккат сымах.
**С.** Хъæуы цæрджытæ куыд цæрынц, хæдзарон фос æмæ мæргътыл куыд аудынц, уый хъуамæ равдыстаиккам нæ нывты.
**Хъ.** Хæдзарон та сæ цæмæн хонынц, исты хæдзары цæрынц?
**С.** Нæ, адæймаджы фарсмæ цæрынц, хъæды нæ, фæлæ. Уымæн сæ хонынц хæдзарон фос, хæдзарон цæрæгойтæ.
**Хъ.** Æмæ адæймаджы фарсмæ кæцæй фæзындысты? Фæстæмæ хъæдмæ кæнæ хæхтæм цæуылнæ алыгъдысты?
**С.** Раздæр хъæддаг уыдысты, фæлæ сæ адæймаг æрмахуыр скодта æмæ йæ цурæй нал ацыдысты.
**Хъ.** Æмæ уый цы хуызы бантысти?
**С.** Хъарм бынæттæ сын скодта, цæмæй сыл къæвда ма уара, цæмæй уазалы ма тыхсой, зылди сæм, хæринаг сын лæвæрдта.
**Хъ.** Кавказы, зæгъæм, незамантæй фæстæмæ æрмахуыр сты, уагæй зæрдæхæлар чи у, хæрзад дзидза, фæлмæн хъуын кæмæн ис, сойджын æхсыр чи дæтты, ахæм цæрæгойтæ. Кæй кой кæнын, уый базыдтат?
**С.** Фыстæ æмæ сæгътæй зæгъыс.
**Хъ.** Чи уæ сæ сныв кодта? Уæ куыстытæ айсут æмæ зæгъут, фысы къуымбилæй рагæй-æрæгмæ Ирыстоны цы хуызы пайда кæнынц?
**С.** Зымæгон хъарм дарæс къуымбилæй кæнынц, нымæттæ дæр уымæй конд сты, хъæццултæ барæтауынæн дæр

къуымбил хъæуы.
**Хъ.** Хæдзарон мæргътæ та цы пайда сты?
**С.** *(дзуапп дæттынц, мæргъты нывтæ чи скодта, уыдон).* Хæдзарон мæргътæн сæ дзидза тынг хæрзад у, сæ бумбулийæ та сын кæнынц базтæ, гобæттæ. Æфтауынц æйчытæ дæр, уыдон дæр хæрынмæ бæззынц.
**Хъ.** Ныр та æппæты егъаудæр хæдзарон цæрæгойты тыххæй зæгъæм…
**С.** Æз хæрæг ныв кæнын. Хæрæг æмæ бæх адæймагæн тынг æххуыс сты – ласы сыл хос, сугтæ, халсартæ, ссад. Раджы заман, хæдтулгæтæ куы нæма уыд, уæд Кавказы цæрджытæ цыдысты бæхтыл.
**Хъ.** Цавæр цæрæгойты тыххæй нæма загътам?
**С.** Стуртæ ма нын баззадысты. Уыдон стыр цæрæгойтæ сты, егъау сыкъатимæ. Æз сныв кодтон морæ хъуг, йæ фæрстæ æмæ йæ ныхыл – урс тæппытæ. Мæ нанайы у уый.
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, изæрыгон хъуццытæ хизæнæй цæмæн хъуамæ здæхой хæдзармæ?
**С.** Уымæн æмæ сæ райсомæй æмæ изæрæй дуцын хъæуы
**Хъ.** Æхсырæй цы скæнæн ис?
**С.** Æхсырысæртæ, цыхт, царв, туаг æхсыр…
**Хъ.** Цæргæ та кæм кæнынц фос æмæ мæргътæ?
**С.** Ис сын хъарм скъæттæ, кæркдæттæ, хуыдæттæ. Хæдзары фосмæ сæ цæст дарынц сæ хицæуттæ. Бирæ фос æмæ мæргътæ кæм ис, фермæты, уым та ис сæрмагонд кусджытæ: фосгæстæ, бæхгæстæ, кæркгæстæ, хуыгæстæ.
*Хъомылгæнæг æвдисы алыхуызон фосдарæн фермæты хуызистытæ.*

*7–8 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фыдызæххы зарæггæнæг».**
**Темæ: «Къоста – нывгæнæг æмæ поэт».** ***Фехъуыст æрмæг æмæ нывгæнæджы нывты репродукцитæм æркасты бындурыл ныв кæнын.***

**Нысан:**

– Къостайы сфæлдыстадимæ *(æмдзæвгæтæ, нывтæ)* базонгæ кæнын. Фæлхат кæнын нывкæнынады жанртæ *(натюрморт, портрет, пейзаж).* Æмбарынад «жанрон ныв» цы нысан кæны, уый бацамонын.

– Рæзын кæнын сабиты æнкъарынад, фæлгæнæн, лæвæрд æрмæджы «аныгъуылын» сын амонын.

– Рæзын кæнын сабиты зонындзинæдтæ, поэзи æмæ сæ нывкæнынадмæ бацымыдис кæнын. Къостайы сфæлдыстады фæрцы сын сæ фыдызæхх æмæ адæмы уарзын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Æрдз ныв кæнынил архайын; банысан кæнын алыхуызон объектты *(хæхтæ, цæугæдæттæ æмæ а. д.)* хицæндзинæдтæ.

2. Хуызиртасынад. Алыхуызон ахорæнты фæрцы равдисын Кавказы æрдзы рæсугъддзинад.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл снывкæнын хæххон пейзаж *(хур, мигъτæ, хæхтæ, цæугæдон, къахвæндæгтæ)* æмæ агъуыстытæ *(мæсгуытæ, цæрæнуæттæ)*, адæймаджы сурæттæ – фыййау, дондзау чызг, сабитæ, Къоста.

**Кусæн фæрæзтæ:** мыдадзын мелтæ æмæ акварель кæнæ фломастертæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон *(мыдадзын мелтæ)*, сыф æмткæй хуызджын сахоргæйæ *(акварель).*

**Фæлгонцадон уаг:** хæххон æрдз характерон хуызы равдисын, адæймаджы сурæттæ æмæ йæм агъуыстытæ бафтауын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывтæ *(хуызистытæ)*: хæхтæ; хæххон хъæутæ. Къостайы портрет. Къостайы жанрон нывты репродукцитæ *(«Сывæллæттæ-дурсæтджытæ», «Дон хæс-сынмæ»)*; портреттæ; пейзажтæ.

Къостайы ныхæстыл зарджытæ пленкæйыл фыстæй.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, мыдадзын мелтæ, акварель, хъисойтæ *(къаннæг æмæ чысыл егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн, 12 хуызы фломастертæ.

### 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** *(æвдисы Къостайы портрет).* Сывæллæттæ, абон мах дзурдзыстæм Къостайы тыххæй. Чи у Къоста?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** *(æвдисы Нарыхъæуы нывтæ æмæ хуызистытæ).* Къоста райгуырди хохы, йæхи цæстытæй уыдта адæмы зынвадат цард æмæ сыл йæ зæрдæ рыст. *(Гæнæн ис, Къостайы уацмыстæй скъуыддзаг бакæса.)*

**Хъ.** Къоста тынг уарзта йæ райгуырæн зæхх, йæ уацмысты равдыста Кавказы дзæнæтон æрдз. *(Кæсы, æрдзы нывтæ æвдыст кæм цæуынц, Къостайы æмдзæвгæтæй уыцы скъуыддзæгтæ.)*

**Хъ.** Къоста йæ гыццылæй фæстæмæ тынг уарзта ныв кæнын, куы бахъомыл, уæд та ахуыр кæнынмæ бацыд Бетъырбухы Аивæдты академимæ. Æркæсæм-ма иумæ Къостайы нывтæм. *(Æвдисы репродукцитæ.)* Зæгъут-ма, нывтæ цавæртæ вæййынц?

**С.** Пейзаж, натюрморт, портрет.

**Хъ.** Сывæллæттæ, портрет автопортретæй цæмæй хицæн кæны?

*Сывæллæтты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Цы у пейзаж? Равдисут-ма мын æй.

*Сывæллæтты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, натюрморт та? Ацы нывты ’хсæн ис?

**С.** Нæй. Натюрморт у æнæуд æрдзы ныв. Ацы нывтимæ ахæм нæй.

**Хъ.** Иттæг раст. Ацы нывты ’хсæн æрмæст æрдзы

фæлгонцтæ нæй. Мæнæ – сылгоймаг йæ сабиимæ дон хæссынмæ фæцæуы, мæнæ ацы нывы та – сабиты сурæттæ. Цавæрдæр сюжет æвдыст кæм цæуы, ахæм нынв хуыйны цардыуагон кæнæ та жанрон.
**С.** Мах дæр уарзæм цардæй ист исты цымыдисаг сюжеттæ ныв кæнын. Уыдон дæр жанрон сты?
**Хъ.** Æнæмæнг. Сывæллæттæ, Къостайы нывтæй уæ зæрдæмæ тынгдæр кæцытæ фæцыдысты?
*Сывæллæтты дзуаппытæ. Се 'нкъарæнтæ æргом кæнынц.*
**Хъ.** Æркæсут-ма лæмбынæг дондзау сылгоймаджы нывмæ. Бæрæг у, йæ цард æнцонтæй нæу. Йæ фарсмæ та чи ис?
**С.** Бæгъæмвад æнахъом саби.
**Хъ.** Æххуыс ын кæны?
**С.** Нæ – нырма гыццыл у. Æвæццæгæн æй хæдзары кæимæ ныууагътаид, уый нæ уыд, уымæн æмæ хистæртæ кусгæ кæнынц.
**Хъ.** *(амоны дурсæттæг сабиты нывмæ).* Ацы ныв та æвдисы, стыр адæймагау уæззау куыст чи кæны, уыцы сабиты цард. Цы ми кæнынц, цæмæй сæхицæн къæбæры фаг бакусой?
**С.** Дуртæ сæттынц.
**Хъ.** Уæ цæстытыл-ма ауайын кæнут, Къоста сæ разы куыд лæууыд æмæ сæ куыд ныв кодта, уый. Уыдон дæр æм цымыдисæй кæсынц. Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цавæр ахорæнтæ равзæрста нывгæнæг, цæмæй сабиты уæззау уавæр, стæй, куыд хорз цæстæй сæм кæсы æмæ сыл йæ зæрдæ куыд риссы, уый равдиса?
**С.** Бынтон ирд æмæ хъæлдзæг ахорæнтæ не сты. Фæлмæн, зæрдæхæлар хуызтæ: зæринхуыз, цъæхбын, морæ.
**Хъ.** Сывæллæттыл хуры тынтæ æмбæлынц. Хæхты цъуппытæ хурмæ тæмæн калынц. Ныв æмткæй дæр хурдзаст у. Тынг уарзта Къоста йæ райгуырæн æрдз. *(Амоны сын нывгæнæджы пейзажтæм.)* Уæ зæрдæмæ цæуынц?

*Сывæллæтты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах дæр бафæлварут уæ райгуырæн æрдз сныв кæнын. Равдисут, куыд æй уарзут, уый. Цы сныв кæндзыстæм?

**С.** Хæхтæ, цæугæдон, хур, хæхты сæрмæ урсдзагъд мигътæ.

**Хъ.** Къостайы райгуырæн хъæу дæр ис сныв кæнæн. Дурæй амад хæдзæрттæ тъæпъæнсæр хæдзæрттимæ. Хъуыды кæнут, хæдзæрттæ дурæй цæмæн арæзтой, уый?

**С.** Уымæн æмæ дуртæ хæхты бирæ ис. Мæсгуытæ дæр дуртæй амадтой. Мах сæ айразмæйы ахуырты ныв кодтам. *(Кæс: Хистæр къорды 3-аг темæйы 5–6-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Хохы цæрджыты дæр сныв кæнут. Се ’хсæн, зæгъæм, фыййау, дондзау сылгоймаг, сабитæ, куыд уа.

**С.** Къостайы дæр сныв кæнæм?

**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы, сныв кæнут. Цæмæй уæ фæнды, уымæй архайут: мелтæ, гуашь кæнæ фломастертæй. Табуафси, уæхæдæг равзарут æмæ – кусгæ!

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах дзырдтам…

**С.** Стыр ирон поэт Хетæгкаты Къостайы тыххæй.

**Хъ.** Цы ныв кодтам?

**С.** Кавказы æрдз, Къоста афтæ тынг кæй уарзта æмæ йæ уацмысты кæй тыххæй фыста, йæ нывты кæй æвдыста, уый.

**Хъ.** Къоста диссаджы поэт æмæ нывгæнæг уыд! Уый фæндыд, цæмæй сабитæ æнахъомæй уæззау куыст нæ, фæлæ ахуыр кæной æмæ-иу æнæнизæй байрæзой. Сывæллæттæ, йæ бæллиц сæххæст ис?

**С.** О. Ныртæккæ сывæллæттæ иууылдæр ахуыр кæнынц, æрмæст скъолайы нæ, фæлæ ма суанг рæвдауæндоны дæр.

**Хъ.** Цæуыл уæ ахуыр кæнынц рæвдауæндоны?

**С.** Математикæ, алфамбылай дуне, æвзæгтæ æмæ бирæ æндæртыл. Алы бон дæр ног исты базонæм. Кафын, зарын, ныв кæнын дæр нын амонынц.

**Хъ.** Къостайы æмдзæвгæ радзурын уæ кæй фæнды?

*Сывæллæттæ дзурынц Къостайы æмдзæвгæтæ иронау æмæ уырыссагау.*

**Хъ.** Куы сыстыр уат, уæд Къостайы уацмыстæ ирууылдæр бакæсдзыстут. Йе 'мдзæвгæтæй бирæтæ сты зарджытæ. Байхъусæм дзы иумæ. *(Зæлы пленкæйыл фыст зарæг.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, уæ зæрдæмæ цæуы?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрди, зарæгмæ хъусгæйæ?

*Сывæллæттæ архайынц сæ хъуыдытæ раргом кæнынил.*

**Хъ.** Дарддæр ныв кæнæм. Сывæллæттæ, уæ бон у, æмæ нывтæм хæстæгдæр бацæуат æмæ хæххон хæдзæрттæ æмæ мæсгуыты хуызистытæм лæмбынæг бакæсат. Уæд уæ нывтæ хуыздæр рауайдзысты. *(Æвдисы Нары, хохаг хæдзæрттæ æмæ фыдæлты мæсгуыты хуызистытæ.)*

*9–10 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг… Æхсæлы ызгъæлы, лæджирттæг фæбур».**

**Темæ: «Фæззыгон дидинджыты баст».** ***Рагацау бафиппайд æмæ натурæ сахуыр кæныны бындурыл ныв кæнын.***

**Нысан:**

– Фæззæджы тыххæй сабитæн радзурын. Аивадон графикæйы хуызтæй иу – гравюрæимæ сæ базонгæ кæнын. Æмбарынæдтæ «мыхуыр», «халдих».

– Ахорæнты алы хуызтæ иртасынил сæ фæцалх кæнын. Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, ног фæрæзтимæ фæлварæн куыстмæ сæ разæнгард кæнын.

– Дунемæ эстетикон цæстæнгас куыд дарой, рæсугъддзинад куыд уыной, ахорæнты алы хуызтæ куыд иртасой, ууыл архайын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Ног графикон техникæимæ базонгæ – хуымæтæг мыхуыр, халдих. Мыхуыргонд халдихы æххуысæй сфæлдыстадон архайды ног хуызтыл фæцалх уæвын.

2. Хуызиртасынад. Хуызиртасынадыл куыст. Палитрæйы уæлæ ахорæнты хуызтæ кæрæдзиимæ абарын, æрдзонмæ хæстæгдæр хуыз сбæлвырд кæнын. Фæззыгон ахорæнты фæлгъуызты нымæц фæфылдæр кæнын.

3. Композици. Гæххæттыл алыхуызон сыфтæрты халдихтæ иумæ сныв кæнын, фæззыгон дидинджыты рæсугъд баст сæ саразгæйæ.

**Кусæн фæрæзтæ:** мыхуыр *(гуашь).*

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын халдихтæ.

**Фæлгонцадон уаг:** сыфтæртæ æмæ гагадыргъты хуызджын баст, мыхуыры хъæд æмæ æууæлтæ бæлвырд бæрæг, афтæмæй.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Фæззыгон æрдзы къамтæ.

Фæззыгон сыфтæртæ, кæрдæджытæ. Сæрдыгон сыфтæрты гербари.

Нывгæнджытæ-графикты графикон куыстыты репродукцитæ, чиныджы иллюстрацитæ – гравюрæтæ.

Фæззыгон хуызджын дидинджытæ æмæ гагадыргъты баст вазæйы.

Къоста æмæ æндæр поэты æмдзæвгæтæ фæззæджы тыххæй.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4 æмæ А-3 *(хуызджын, хъарм фæлгъуыз кæмæн ис, ахæм)*, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, доны банкæ, къух-

тæсæрфæн, клеенкæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах сымахимæ бирæ хæттыты ныв кодтам фæззгон æрдз. Диссагдæр уæм дзы цы кæсы?
**С.** Йæ рæсугъддзинад! Йæ хуыз тынг тагъд ивы. Фæззыгон ахорæнтæ!
**Хъ.** *(фæззыгон æрдзы хуызджын къамтæ æвдисы).* Фæззыгон æрдз йæ хуыз аивы. Цалынмæ зымæджы нæма бафынæй, уæдмæ нæ рæвдауы алыхуызон ахорæнтæ, дыргътæ æмæ хæрздæфтæй. *(Кæс: Хистæр къорды 5-æм темæйы 9–10 æмæ 11–12-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Фæззыгон зæрдæ æмдзæвгæтæ: агуры. Стыр поэттæй алкæмæ дæр фæззыгон рæнхъытæ ссарæн ис. *«Æхсæлы ызгъæлы, Лæджирттæг фæбур... Мигъ бады цæгаты, – Нæ йæ тавы хур...».* Уыдон номдзыд Къостайы рæнхъытæ сты. *(Къоста æмæ æндæр поэты æмдзæвгæтæ кæсы.)* Фæззыгон æрдзы ахорæнтæ сæ хуыз аивынц, уый сымах зонут. Тезгъойы рæстæг цы кæрдæджытæ æмæ сыфтæртæ æрæмбырд кодтам, уыдон нæ сæрдыгон гербариимæ абарæм. *(Амоны фæззыгон зайæгойтæ æмæ сæрдыгон гербаримæ.)*
**С.** Гербарийы зайæгойтæн сæ хуыз иууылдæр цъæхбын у.
**Хъ.** Ныр та цыхуызæн сты?
**С.** Алыхуызон ахорæнтæй тæмæнтæ калынц: бур, сырх, зынгхуыз æмæ а. д.
**Хъ.** Сывæллæттæ, не стъолыл диссаджы рæсугъд дидинбаст ис, æмæ йæ сымах хъуамæ сныв кæнат. Фæлæ амæйразмæйы ахуырыты куыд ныв кодтат, афтæ нæ. Æз уын бацамондзынæн ног мадзал. Мах исдзыстæм сыфтæрты халдихтæ гуашы руаджы. Къаннæг сыфтыл уал афæлварут, кæддæра уын куыд рауаид. Равзарут фæйнæ сыфтæры,

гуашæй сæ сахорут æмæ сæ стæй, цыма мыхуыр æвæрут, афтæ гæххæтты сыфыл æрæвæрут. *(Йæ хъус дары, цæмæй сабитæ нывыл архайой.)* Сыфтæр чъылдымырдыгæй ахорут – афтæмæй халдих ирддæр æмæ ахадгæдæр рауайы. Афтæ. Сыфтæр сахуырстам, иннæрдæм æй æрфæлдæхтам, гæххæттыл æй æрæвæрдтам, дзæбæх æй æрæлхъывтам æмæ йæ систам. Кæсут, йæ фæд куыд аззади гæххæттыл, цы рæсугъд халдих рауад!

**С.** Тынг рæсугъд! Æцæг сыфтæры хуызæн!

**Хъ.** Ныр та лæмбынæг бакæсут, вазæйы цы сыфтæрты баст ис, уымæ. Цæмæй йæ сныв кæнат, уый тыххæй уæ бахъæудзæн егъаудæр гæххæтты сыф. *(Сабитæн гæххæтт райуæрста.)* Гæххæтты сыф цæхгæрмæ куы равæрат, уæд уæ сыфтæрты баст пæлæхсардæр рауайдзæн, йæ равдисынæн фылдæр бынат уыдзæн. Уæ бон у, æмæ вазæйы ныв та къаннæгдæр скæнат. Цæмæн, куыд уæм кæсы?

**С.** Уымæн æмæ вазæ сæйраг нæу нæ нывы, сыфтæртæ сæйрагдæр сты.

**Хъ.** Ныв рæсугъд цæмæй рауайа, уый тыххæй уал ын йæ композицийыл ахъуыды кæнын æмæ йын сыфтæртæ равзарын хъæуы. Сæ халдихтæ сын радыгай аразут. Сывæллæттæ, куыд архайдзыстут, зæгъут-ма.

**С.** Нæ сыфтæртæ хъуамæ алы ас æмæ алы бæлæстæй уой – тулдзы, фатхъæды, гæдыйы, бæрзы. Уæд нæ баст хуызæй дæр æмæ формæйæ дæр цымыдисаг рауайдзæн.

*(Кæс: Хистæр къорды 5-æм темæйы 10–12-æм ахуыртæ.)*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ сымах базонгæ стут ног техникæимæ. Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Уæ зæрдыл æй бадардтат?

**С.** Мах фæлвæрдтам сыфтæрты халдихтæ кæнын. Нæ

зærдæмæ фæцыди тынг!
**Хъ.** Нывгæнджытæ-графиктæ пайда кæнынц мыхуыры алы хуызтæй. Мах сымахимæ сахуыр кодтам тæккæ хуымæтæгдæр мадзал, фæлæ, уæхæдæг федтат, тынг цымыдисаг разынд! Ныртæккæ уын равдисдзынæн, нывгæнджытæ халдихы мадзалæй *(мах кæй базыдтам, уымæй вазыгджындæрæй)*, кæм спайда кодтой, ахæм куыстытæ. *(Æвдисы хуызджын æмæ сау-урс гравюрæтæ. Гравюрæ – хъæд, линолеум, æфсæйнагыл цы ныв скæнынц, уый аивадон халдих.)* Ахæм уацмыстæ хуыйнынц гаравюрæтæ. Гравюрæйы æрдзы сæйраг уый у, æмæ дзы цалфæнды халдихы дæр скæнæн ис. Фылдæр хатт чингуытæм дæр уыцы мадзалы фæрцы скæнынц иллюстрацитæ. Куыд уæм кæсы, цæмæн?
*Сабиты дзуаппытæ.*
*Чингуыты нывтæ арæхдæр вæййынц сау-урс, фæлæ тынг дæсны æмæ арæхстджын нывгонд. Уымæ гæсгæ вæййынц æцæгхуыз. Гравюрæйæ конд хуызджын нывтæй та арæхдæр пайда кæнынц сывæллæтты чингуыты. Уыдон бирæ зындæр кæнæн сты æмæ сыл рæстæг дæр фылдæр хардз цæуы, уымæн æмæ алы хуыз дæр мыхуыр кæнын хъæуы хицæнæй. Хъомылгæнæг æвдисы чингуыты сау-урс æмæ хуызджын нывтæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах ноджы базонгæ стут аивадон архайды иу хуызимæ. Базыдтат, куыд мыхуыр кæнынц гравюрæтæ. Цымыдисаг уæм фæкасти?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ныр та, амæй размæ цы куыстытæ райдыдтам, уыдон кæронмæ фæуæм. Цæмæй нæ сыфтæрты баст зæрдæмæдзæугæ рауайа, уый тыххæй нæ зæрдыл цы хъуамæ дарæм?
**С.** Хъуамæ нæ сыфтæртæ хуызæй, асæй, формæйæ алыхуызон уой. Уымæ – рæсугъд сæ равæрын æмбæлы, компози-

цийы хуыздæр вариант ссарын хъæуы.

**Хъ.** Тынг раст! Кæд ма уын сыфыл бынат ис, уæд ма ноджыдæр халдихтæ скæнут. Мыртгæ, уагъылы, цъуйы гагаты халдихтæ ма бафтаут уæ нывмæ. Арæхстгай æвналут, цæмæй уæ куыст ма счъизи кæнат. Куыд хуыйнынц, абон кæй фестæм кæронмæ, нæ уыцы уацмыстæ?

**С.** Натюрморттæ.

**Хъ.** Цавæр техникæйæ спайда кодтам?

**С.** Натюрморттæ скодтам мыхуыры техникæйы руаджы.

**Хъ.** Уæ куыстытæн ма исты рæсугъд нæмттæ дæр куы 'рхъуыды кæниккат, уый мæ фæнды…

**С.** «Фæззыгон сыфтæрты æрхуым», «Натюрморт фæззыгон сыфтæртæ æмæ цъуйы гагатимæ», «Зæрин фæззæджы лæвар», «Сыгъзæрин натюрморт» æмæ а. д.

*11–12 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Хистæр æмæ кæстæр».**

**Темæ: «Кæй уарзын».** ***Фиппайд æмæ æнкъарæнты бындурыл нывкæнын.***

**Нысан:**

– Адæмы цардæвæрды тыххæй æмбарынад. Иу фæлтæр иннæйы фæстæ кæй цæуы æмæ йæ кæй фæзмы, кæстæр хистæрыл кæй ахуыр кæны, йæ фæлтæрддзинадæй йын кæй пайда кæны, уый банысан кæнын.

– Æнкъарæнты рæзт, хъуыды кæнын æмæ хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын.

– Адæймаджы удыхъæд æмæ миддунемæ цымыдис гуырын кæнын. Искæй æнкъарæнтæ *(цин æмæ рис)* куыд æмбарой æмæ сæхæдæг дæр се 'нкъарæнтæ куыннæ 'мбæхсой, хистæртæй аргъуыц куыд кæной, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц ныв кæнын. Адæмы æхсæн хæлар ахастдзинæдтæ кæрæдзимæ арæзт фæлмæн тымбыл хæххыты пластикæйæ æвдисын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты руаджы *(фæлмæн хъарм хуызтæ)* кæрæдзийæн уарзон адæймæгты хъæрмуд ахастытæ равдисын.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл хæстæг хиуæтты егъау ныв скæнын («Мамæйы аргъау», «Æз æхxуыс кæнын дадайæн», «Æз уарзын мæ нанайы», «Мæ кæстæр æфсымæр» æмæ а. д.).
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, фæлæ цæстахадгæ фæлгонц: 2 адæймаджы *(кæнæ 3)*, хистæр æмæ кæстæр, иумæ бадынц *(архайынц æмæ а. д.)*.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ 7–8-аздзыд сабиты нывтæ лæвæрд темæйыл.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, гуашь 12 хуызы, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтам зайæгойтæ, хъæддаг сырдтæ æмæ хæдзарон фосы царды тыххæй. Абон та дзурдзыстæм адæм, сæ цард æмæ ахастдзинæдты тыххæй. Цы зонут адæмы тыххæй сымах?
**С.** Адæм дих кæнынц сабитæ æмæ хъомылтыл.
**Хъ.** Хорз. Æндæр ма?
**С.** Зонгæтæ æмæ æнæзонгæтыл, хиуæттæ æмæ æцæгæлæттыл.

**Хъ.** Хиуæттæ та чи сты?
**С.** Дæ бинонтæ: мад, фыд, сывæллæттæ, дада æмæ нана. Ис ма хæстæг æмæ дард хиуæттæ. Хæстæджытæ дзæвгар сты, фæлæ хæстæг хиуæттæ афтæ бирæ не сты. Хæстæджытæ кæрæдзимæ уазæгуаты вæййынц.
**Хъ.** Бахъуаджы заман кæрæдзийæн феххуыс кæнынц. Зонгæ æмæ æнæзонгæ адæмы тыххæй та цы зæгъдзыстут?
**С.** Кæй цуры цæрыс, уыцы сыхæгтæ, зæгъæм, сты дæ зонгæтæ. Дæ зонгæтæ – рæвдауæндоны сабитæ, хъомылгæнджытæ æмæ а. д.
**Хъ.** Арæх кæимæ æмбæлут, ды дæр æмæ дæ хиуæттæ дæр – кæрты, рæвдауæндоны, скъолайы, куысты æмæ а. д., номхуындæй кæй зоныс, уыдон сты уе 'мбæлттæ æмæ уæ хæлæрттæ. Сæ нымæц гыццыл нæу. Дарддæр?
**С.** Нæ горæты, нæ бæстæйы, æнæхъæн дунейы æппæт цæрджытæ сты æнæзонгæ адæм. Уыдон тынг бирæ сты!
**Хъ.** Чи зоны, искæй дзы телевизормæ гæсгæ бахъуыды кæнай, фæлæ дæхæдæг йемæ зонгæ нæ дæ, уый дæ нæ зоны. Разы стут мемæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ныр та кары тыххæй адзурæм. Цы зæгъдзыстут?
**С.** Ис гыццыл адæймæгтæ – хæрз сабитæ, ис уыдонæй хистæр сывæллæттæ, ис фæсивæд, ис хъомыл нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, ис ацæргæ адæм – дадатæ æмæ нанатæ.
**Хъ.** Мах не 'ппæт дæр стæм адæм, цæрæм иу горæты, иу планетæйыл æмæ кæрæдзийæн хъуамæ аргъ кæнæм, нæ ахастдзинæдтæ хъуамæ уой хиуылхæцгæ, уæздан, хæлар. Афтæ нæу?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мæн уырны, сымах хæдзары дæр æмæ уынджы дæр уæхи æмхуызон хорз кæй дарут, хиуæттимæ дæр æмæ æцæгæлæттимæ дæр уæздан кæй стут. Уæ хистæрты тыххæй цы зæгъдзыстут? Чи сты уыдон?

**С.** Нæ ныййарджытæ, нæ дадатæ æмæ нæ нанатæ, нæ хистæр хотæ æмæ æфсымæртæ, ноджы ма – нæ хъомылгæнджытæ.
**Хъ.** Фылдæр азтæ уыл куы цæид, уый уæ фæнды? Хорз у хистæр уæвын?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**С.** Хистæртæ бирæ цыдæртæ зонынц. Цæмæйфæнды дæр сæ куы бафæрсай, уæд дæр дын дзуапп ратдзысты. *(Дзурынц сæ ныййарджыты, сæ дадатæ æмæ нанаты, сæ хистæр хотæ æмæ æфсымæрты тыххæй.)*
**Хъ.** Уæдæ уал фыццаджыдæр ахæм хатдзæг: хистæртимæ ныхæстæ кæнын тынг цымыдисаг у, бирæ цæуылдæрты дæ сахуыр кæндзысты. Радзурут-ма, уæ хистæртæм гæсгæ цæуылты сахуыр стут?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Исты хорз хъуыддаг бакæнынмæ куы сарæхсут æмæ уæ хистæртæ куы раппæлынц, уæд уын æхсызгон нæ вæййы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мæн фæнды, цæмæй уæ хистæртимæ хæлар ахастдзинæдтæ æвдисæг ныв скæнат. Уæ хистæртæй, кæй уæ фæнды, уый фæлгонц скæнут. Цы хуызы хъуамæ равдисат уæ хъарм ахастдзинæдтæ? Зæгъæм, æз бадын, мæ фарсмæ та лæууы гыццыл чызг. Цæмæй бæрæг у, кæрæдзиуыл æнувыд стæм, уый?
*Сабиты дзуаппытæ.*
Хъ. Æрбакæсут-ма! *(Æргуыбыр кодта æмæ гыццыл чызджы йæ хъæбысы акодта.)*
С. Ныр уыл бæрæг у, кæрæдзи тынг кæй уарзут, уый.
*Сывæллæттæ ныв кæнынмæ бавналынц. Хъомылгæнæг сæм йæ хъус дары æмæ сын фиппаинæгты руаджы сæ архайд рæстмæ аразы.*

**2-аг ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сывæллæттæ, цымыдисаг æмæ зонджын темæйыл дзурæм мах, нæ? Цæй тыххæй у?
**С.** Адæймаджы цард, адæмы ’хсæн, хиуæттæ уой æви æцæгæлæттæ, хæлар ахастдзинæдтæ кæй хъуамæ уа, уый тыххæй.
**Хъ.** Мах цæрæм Кавказы, Кавказы та рагæй фæстæмæ дæр хистæрæн стыр кад кæнынц. Цæмæй бæрæг у, кад ын кæнынц, уый?
**С.** Фынгыл уæле хистæр фæбады. Хистæр уатмæ куы ’рбацæуы, уæд ын иууылдæр сыстынц, кæддæриддæр хистæры зондæй бафæрсынц æмæ а. д.
**Хъ.** Уæд цæмæн?
**С.** Хистæртæ бирæ фæцардысты, бирæ федтой æмæ зонынц.
**Хъ.** Тынг раст! Уымæ гæсгæ хистæртæм кæддæриддæр уынаффæмæ фæцæуынц. Зонды уынаффæ уæлдай тынгдæр та рæзгæ фæлтæры хъæуы, сабиты. Исты зын уавæры куы бахаут, зæгъæм, уе ’мбæлттимæ куы фæбыцæу вæййут, уæд уæ хистæрты, куыд бакæнон, зæгъгæ, нæ бафæрсут?
**С.** Бафæрсæм, æмæ нын, куыд бафидауæм, уый бацамонынц. *(Сæ ныййарджытæ, сæ дадатæ æмæ нанатæ, сæ хистæр æфсымæртæ æмæ хоты кой кæнынц.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах зонут, кæддæриддæр уæм хистæртæ æххуысмæ кæй фæзындзысты, уый. Уыдон сымахæн æппындæр æвгъау ницы кæнынц, тынг бирæ уæ уарзынц.
**С.** Мах дæр сæ бирæ уарзæм æмæ йæ нæ нывты дæр равдыстам!
**Хъ.** Сывæллæттæ, уæ нывты æвдисут æвзонг æмæ кар цæсгæмттæ. Кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? Куыд равдисæн ис нывы адæймаджы кар?
**С.** Ацæргæ адæмæн сæ цæсгæмттыл æнцъылдтæ вæййы.
**Хъ.** Тынг раст! Азтæ цæуынц, уыдон та фылдæр кæнынц. Сывæллæттæ, фæут ныр уæ нывтæ. Адæмы хæлар ахастытæ

равдисынæн цавæр ахорæнтæй спайда кодтат?
**С.** Хъарм, фæлмæн, рæвдаугæ, хиуылхæцгæ хуызтæ. Сонт æрттывд нæ кæнынц.

*13–14 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уæрæсе – нæ домбай бæстæ».**
**Темæ: «Мах балц кæнæм нæ бæстæйыл».** ***Фехъуыст цаутæ æмæ фенд иллюстративон æрмæджы бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**

– Æгæрон егъау бæстæйы кæй цæрынц, сабитæн уый бамбарын кæнын. Амонын сын географион нывæцты *(картæты)* æвзаг. Зонын, нæ бæстæйы чи ис, бæстыхъæды *(климат)* уыцы сæйраг *(хуссар – цæгат)* зонæты хицæндзинæдтæ.

– Рæзын кæнын сабиты æнкъарæнтæ æмæ фæлгæнæн.

– Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад фидар кæнын, æмбæстæгтæн аргъуыц кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Алыхуызон объекттæ *(æрдз, адæм, цæрæгойтæ)* ныв кæныны арæхстдзинад. Нывы хи æнкъарæнтæ равдисын.
2. Хуызиртасынад. Нывы цы уысм æвдыст цæуы, уымæн йæ хуызджын фæлгонц саразын сæйраг хуызты руаджы: хуссары тыгъд быдыртæ æмæ змисы цæхæркалгæ ахорæнтæ, цæгатаг митын пæлæзы урс уазал, тайгайы кæрдæгцъæх хъæд æмæ а. д.
Композици. Балцы темæйыл хуымæтæг сюжетон ныв *(сабиты фæндонмæ гæсгæ)*: цæгатаг сагтæ хизынц; кæсагахсджытæ хызæй кæсаг ахсынц; теуатæ змисбыдыры уæргътæ фæласынц; пингвинтæ кæнæ урс æрсытæ ихы сæр бадынц æмæ а. д.
**Кусæн фæрæзтæ:** æрмæг æмæ кусæн фæрæзтæ фæндонмæ

гæсгæ.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын кæнæ хаххон-графикон *(фæндонмæ гæсгæ).*
**Фæлгонцадон уаг:** æрдз, адæм, цæрæгойты схематикон, иттæг характерон фæлгонцтæ æвзæрст уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Уæрæсейы нывæцтæ (географион æмæ политикон). Уæрæсейы алы регионты цардыл *(ландшафт, æрдз, цæрæгойтæ, адæм)* дзурæг нывтæ *(къамтæ).* Иллюстрацитæ аргъæутты мидисмæ гæсгæ.
Дынджыр хихор кæсаг – щука (картонæй лыггонд). Хъыбыллæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн, мелтæ, сойджын пастель, акварель, фломастертæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ бæстæйы нывæцмæ бирæ хæттыты кастыстæм иумæ. Иу хатт ма йæм лæмбынæг бакæсут æмæ уе 'нкъарæнтæ зæгъут. *(Амоны Уæрæсейы картæмæ.)*
**С.** Картæйыл нæ бæстæ тынг стыр зыны. Бирæ паддзахæдтимæ у æмарæн *(æмæ а. д.).*
**Хъ.** Йæхи айтыгъта цæгатæй хуссармæ, скæсæнæй ныгуылæнмæ. Æцæгдæр дзæвгар фæзуат ахсы. Абарæм-ма йæ æндæр паддзахæдтимæ, цæмæй йæ ас нæ цæстытыл хуыздæр ауайа. *(Амоны æндæр паддзахæдтæм, сабитæ сæ абарынц æмæ сæ хъуыдытæ фæзæгъынц.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах ныридæгæн нывæцы нысæнттæ зонут.
**С.** Дон ахуырст вæййы æрвхуыз цъæхæй. Уыцы хуыз амоны цæугæдæттæ, цад, денджыз, океан.

**Хъ.** Хæхтæ картæйыл нысангонд сты морæ ахорæнæнй, дæлвæзтæ та – кæрдæгхуыз цъæхæй. Сывæллæттæ, кæцы ран цæрæм, уый ссарын уæ фæнды картæйыл? Куыд æй агурын хъæуы?
**С.** Раздæр уал ссарын хъæуы Кавказы хæхтæ.
**Хъ.** Тынг раст. Нæ бæстæйы картæйыл нæ цæрæн бынат тырысайæ фæнысан кæнæм. Мæнæ ацы ран ис Ирыстон. Дзæуджыхъæу та къаннæг стъæлфы хуызæнæй зыны. Цæмæй нæ бæстæйыл кæрæй-кæронмæ æрзилай, уый тыххæй дын дæ цард дæр не сфаг уыдзæн. Мæнæ аргъæутты цы тагъддзу цырыхъхъытæ кæнæ гауыз-хæдтæхæг вæййы, уыдон нæ куы уаиккой, уæд алыран дæр балæууиккам æмæ алы къуым дæр нæ цæстытæй фениккам. *(Æвдисы сын сæ нывтæ аргъæутты чиныджы.)* Уæд та аргъæутты кæсаг æрцахсæм, цæмæй нын уый нæ бæллицтæ сæххæст кæна. *(Хъæбæр гæххæттæй конд стыр хихор кæсаг сабитæм æвдисы.)* Фæнды уæ? Ацы кæсаг уæ кæмфæнды дæр фестын кæндзæн цæсты фæныкъуылдмæ. Зæгъут ын!
**С.** Хихоры фæндæй мах фæнды фестын… цæгаты!
**Хъ.** *(æвдисы цæгатаг цардыл дзурæг алыхуызон нывтæ).* Цы уынут?
**С.** Саджы рæгъæуттæ хизынц. Мæнæ ам та дзоныгъы ифтыгъд сты сагтæ! Пингвинтæ сæ лæппынтимæ! Урс æрсытæ! Цæгатаг арвæрттывд!
**Хъ.** Цы диссæгтæ дзы ис, нæ? Уæ зæрдæмæ цæуы цæгаты? *Сывæллæтты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Тынг уазал у уым. Поляron æхсæв дæргъвæтин вæййы. Фæлæ уым чи райгуырд, уыдон уарзынц сæ бæстæ. Сагтæ дарынц, кæсаг ахсынц, уазалæй та æппындæр нæ тæрсынц. Цæуылнæ?
**С.** Уымæн æмæ дарынц хъарм кæрцытæ æмæ хъарм цырыхъхъытæ-унтæтæ!
**Хъ.** Цыдæр тынг æрбауазал кодта! Хъармдæр ранмæ нæхи

айсиккам? Кæдæм ацæуæм ныр та?
**С.** Хуссармæ.
**Хъ.** Рæвдздæр зæгъут уæ фæндон хихорæн! Чи йæм бахатдзæн?
**С.** Хихоры бардзырдмæ æмæ мах фæндонмæ гæсгæ… Хъарм бæсты нæ фестын кæн. Дæ хорзæхæй, æндæра ныртæккæ ныссæлдзыстæм.
**Хъ.** Бакæсæм, хуссары цы ис, уымæ дæр. *(Лæвæрд темæмæ гæсгæ алыхуызон нывтæ æвдисы.)*
**С.** *(сæ хъуыдытæ дзурынц)*. Хуссары хъарм у. Уым ис хъарм денджыз, тæвд змисыл адæм сæхи хурмæ фæсудзынц. Хуссары зайы бирæ хæрзад дыргътæ æмæ халсартæ.
**Хъ.** Денджыз хæстæг куы нæ уа, уæд та дзы æгæр тæвд у. Адæм, зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæн дон нал фæфаг кæны. Фæлæ теуатæ æппындæр уымæй нæ тыхсынц. Цæуылнæ, чи йæ зоны?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Уæдæ хуссары дæр уыдыстæм, ныр нын нæхимæ здæхынæн дæр афон у. Ахъуыды кæнут, æмæ уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис нæ балцы, уый гæххæттыл сныв кæнут. Кæд уæ искæй Кавказы æрдз равдисын фæнды йæ нывы, уæд – табуафси! Кавказ дæр нæ бæстæйы иу хай у.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æз уын цыдæр æрбахастон. Зæгъут-ма, цы у? Сахат у, мыййаг?
**С.** Æз æй зонын, уый хъыбыллæ у, мæ фыдмæ дæр ахæм ис.
**Хъ.** Куыд уæм кæсы, цæмæн нæм февзæрдис абон?
**С.** Уымæн æмæ амæй размæ балцыты кой кодтам.
**Хъ.** Æмæ цæмæн хъæуы хъыбыллæ?
**С.** Хъыбыллæ тынг хъæугæ дзаума у балцы цæугæйæ. Йæ фатыг амоны æрдæмад *(направление)*, дунейы хæйттæ –

цæгат, хуссар, ныгуылæн æмæ скæсæн – кæцырдыгæй сты, уый.

**Хъ.** Тынг раст. Бафæлварут-ма йæ уæхæдæг. Фатыг куы æриу кæна амонæн «цæгат»-имæ, уæд чифæнды дæр, суанг æнахъом саби дæр, арвы кæрæттæй чи кæцырдыгæй ис, уый сбæлвырд кæндзæн.

*Сывæллæттæ радыгай архайынц хъыбыллæимæ.*

**Хъ.** Хъыбыллæ хуымæтæг дзаума у, фæлæ тынг хъæуы денджыздзауты, бæлццæтты, альпинистты, хæстонты, тæхджыты. Зæххы къорийы цыфæнды ран дæр сбæлвырд кæнæн ис, кæм дæ, уый. Цæй æмæ сбæрæг кæнæм мах дæр, цы ран стæм, уый. Нывæцмæ кæсæм раздæр. Уæле – цæгат, бынæй – хуссар.

**С.** Кавказ ис бынæй, бæстæйы хуссар хай у уый.

**Хъ.** Кавказ стыр фæзуат у. Кæсут, цас бынат ахсы! Мæнæ уын уый та Ирыстон. Амæй размæ Дзæуджыхъæу тырысайæ фæнысан кодтам.

**С.** Мах цæрæм Кавказы цæгатаг хайы – Цæгат Кавказы.

**Хъ.** Нæ республикæ хуыйны…

**С.** Цæгат Ирыстон–Алани. Уымæн æмæ ма ис Хуссар Ирыстон дæр.

**Хъ.** Хуссар Ирыстон ис Хуссар Кавказы. Йæ фарсмæ – Гуырдзыстон. Ныгуылæнæрдыгæй нæ республикæ æмарæн у Кæсæг-Балхъаримæ, скæсæнæрдыгæй – Мæхъхъæлимæ. Куыд кæсын, афтæмæй хъыбыллæйæ пайда кæнын хорз базыдтат, нал фæдзæгъæл уыдзыстут. Ныр та ногæй нæ нывты кой бакæнæм. Нæ бæстæйы картæмæ гæсгæ цы базыдтат?

**С.** Мах федтам, хæхтæ, дæлвæзтæ, хъæдтæ, цадтæ, денджызтæ, цæугæдæттæ дзы кæй ис, уый. Ис дзы тынг уазал æмæ тынг хъарм бынæттæ…

*Сывæллæттæ дзурынц, афтæмæй фæлхат кæнынц рацыд æрмæг.*

**Хъ.** Иттæг хорз! Бирæ ног диссæгтæ базыдтат. Ныр уæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнут. Уæ зæрдыл дарут: хуссайраг нывтæ равдисынæн хъæуы хъарм ахорæнтæ, цæгатаг æрдз равдисынæн та?
**С.** Уазал!
**Хъ.** Ахорæнты фæлгъуызтæ иумæ куыд фидауой, ууыл архайут. Кæронбæттæны та нæ диссаджы кæсагæн бузныг зæгъдзыстæм – цымыдисаг балцытæ уый фæрцы акодтам.

*15–16 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Æнæниз у!»**
**Темæ: «Æз рынчын дæн», «Рынчын æмæ дохтыр».**
***Царды фæлтæрддзинад æмæ бавзæрст æнкъарæнты бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**

– Сабитимæ æрдзурын, æнæниздзиндыл куыд кусын хъæуы, уый тыххæй *(спорт, буар фæлтæрын, активон улæфт, пайда хæринаг)*. Дохтыры дæсныйады ахадындзинад.
– Сæ цæстæй цы феной, уый сæ зæрдыл куыд дарой, сабиты ууыл фæцалх кæнын, уæрæх сын кæнын сæ эмоционалон мысæнуат.
– Æнæниздзинадмæ куыд тырной, афтæ сæ хъомыл кæнын. Æнæниз уæвын куыд ахсджиаг у, уый сын æмбарын кæнын. Дохтыры дæсныйадмæ сæ бацымыдис кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы бæлвырд уавæры равдисын. Гæххæтты сыфыл æнæхъæн пластикон иуæг – композицион къорд – саразыныл бацархайын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты хуызты руаджы равдисын зæрдæйы уаг, йæ хиуæттæй исчи рынчын куы вæййы, уæд

– нымæг, æрхуым, хиуылхæцгæ ахорæнтæ.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл скæнын хуымæтæг сюжетон ныв: рынчын æмæ дохтыр, рынчын æмæ хиуæттæ. Равдисын эмоционалон уавæр: зæрдæйы тыхст, аудындзинад.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** зæрдиаг аудындзинад æвдисæг 2–3 фигурæйы, рынчынæн куыд æхxуыс кæнынц, уыцы уысм.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** К. И. Чуковскийы хуызджын чингуытæ «Доктор Айболит» æмæ «Мойдодыр». С. Михалковы æмдзæвгæ «Фома», С. Маршакы «Английские песенки».
Афтек *(хъазæн æмбырдгонд)*. Хъазæн «Доктор Айболит».
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** «Дохтыртæй» хъазт. «Рынчын» куклатæм базилын: хъæдгом ногæй бабæттын, хостæ йын раттын æмæ а. д.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мæнæ мын нæ медицинон хо афтæ загъта, сымах къордæй хъæбатырдæр сабитæ, дам, æз никуыма федтон: дохтыртæй дæр, судзинтæй дæр æмæ хостæй дæр нæ тæрсынц. Афтæ у? *(Фадат сын дæтты, цæмæй иугыццыл сæхи астауой.)* Кæй зæгъын æй хъæуы, махæй алчи дæр æнæмæнг кæддæр цæмæйдæр фæрынчын. Зæгъут-ма, саби рынчынæй йæхи куыд фенкъары?
**С.** Йæ сæр фæриссы, фæхуыфы, йæ фындзы фæдон нал лæууы. Афтæмæй хъазын дæр йæ зæрдæ нал фæагуры.
**Хъ.** Æмæ, дохтыр Айболит дæр хæстæг куы нæй, уæд цы гæнгæ у?

**С.** Йæ тæвд ын сбарын хъæуы, стæй уæд тæвд цай бацым лимон, мырткæ æмæ мæнæргъыимæ. Кæнæ та тæвд æхсыр бахуыппытæ кæн мыдимæ. Стæй уæд схуысс æмæ хъæццулы дæхи банорд. Уæдмæ дохтыр дæр зындзæн æмæ дын хостæ рафысдзæн. Куы сæ баназай, уæд адзæбæх уыдзынæ.
**Хъ.** Кæсут, алцыдæр уæхицæй аразгæ у. Куы фæрынчын уай, уæд дохтыр æмæ хистæртæм хъусын хъæуы. Уымæн æмæ, дæргъвæтин рæстæг рынчын уай, уый никæй фæнды. Æви уæ искæй фæнды?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Уазал дæ бацæуа, дæ дæндаг срисса, велосипедæй рахауай æмæ дæ къах ныццæвай – кæддæриддæр дын баххуыс кæндзæн дохтыр. Уынут, дохтыры дæсныйад куыд ахсджиаг у! Дохтыр уын баххуыс кæндзæн, фæлæ кæддæриддæр та уæ уæлхъус чи вæййы?
**С.** Амæй размæ мах дзырдтам нæ бинонтæ, нæ хиуæтты тыххæй. Уыдон вæййынц кæддæриддæр нæ уæлхъус. *(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 6-æм темæйы 11–12-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Æмæ бинонтæй исчи рынчын куы уа, уæд сабитæ та куыд хъуамæ дарой сæхи?
**С.** Хистæртæн хъуамæ æххуыс кæной, сæхи хорз дарой, фыдуаг ма кæной.
**Хъ.** Рынчындоны уæ кæд исчи уыд, дохтыртæ æмæ медицинон хоты, рынчынты уæттæ федта, уæд, йæ бон у, æмæ сæ снысв кæна. Цыуызæн у рынчындон?
**С.** Уым алцыдæр урс у: дохтырты кусæн дарæс, хостæ кæм вæййынц, уыцы скъæппытæ æмæ а. д.
**Хъ.** Ныв кæнынмæ бавналæм. Сæйрагдæр – адæмы ахастдзинæдтæ равдисут зын уавæры.

**2-аг ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ сымах ныв кодтат, бинонтæй исчи куы фæрынчын вæййы, уыцы уавæр. Уæ нывты цы равдыстат, уый радзурын уæ бон у?
*Сывæллæттæ дзурынц, сæ нывты цы уавæр равдыстой, уый тыххæй.*
**Хъ.** Дзургæ-дзурын цавæр хатдзæгмæ æрцыдыстæм?
**С.** Рынчын уæвын хорз нæу!
**Хъ.** Тынг раст! Æнæниздзинад хъахъхъæнын хъæуы. Хъуыды ма йæ кæнут, Сергей Михалковы æмдзæвгæйы Фома йæхи куыд дардта, уый?
**С.** Къæвда уарыд, уый та бæгънæгæй уынгмæ рацыд.
**Хъ.** Раст зæгъут! Адæймаг хъуамæ йæхимæ кæса.
*Сывæллæттæ хъомылгæнæгимæ иумæ фæлхат кæнынц Михалковы æмдзæвгæ.*
**Хъ.** Æнæниздзинадæн тын ахъаз у змæлын, ленк кæнын, зарядкæ кæнын. Сымах куыд стут спортмæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мах бирæ хæттыты бакастыстæм æмæ æрдзырдтам аргъау «Мойдодыр»-ыл.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 5-æм темæйы 5-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Цы домдта сабитæй Мойдодыр? Лæппуйы фæсте цæмæн сырдтой хихсæнтæ?
*Хъомылгæнæг æвдисы иллюстрацитæ.*
**С.** Уый фæндыд, цæмæй сывæллæттæ сыгъдæг уой – сæхи ’хсой æмæ чъиллонæй ма цæуой.
Хъ. Тынг раст зæгъут! Æрмæст къухтæ сыгъдæг дарын фаг нæу. Цы хæрыс – дыргътæ æмæ халсартæ, уыдон дæр хъуамæ сыгъдæг уой. Стæй, сывæллæттæ, æнæниз уæвынæн бирæ хæрын дæр пайда нæу. Хъуыды ма кæнут Самуил Маршакы тæлмацгонд англисаг зарджытæ? Робин-Бобины хабар? Цы зæгъдзыстут?
**С.** Хæрдæй бæрц зонын хъæуы, алы бон дæр уыцы иу афонты, стæй алцы хæрын не ’мбæлы.

**Хъ.** Тынг раст! Уый нæй, уæд адæймаг рынчын кæны. Нæ нывты кой дарддæр кæнæм. Давид, ды цы ныв кæныс?
**С.** Æз, фадынæгæй рынчын куыд уыдтæн, уый сныв кодтон. Мæ буар сырх рафаста.
**Хъ.** Æвæццæгæн, низтæ дæр уымæн лæвæрд сты, цæмæй адæм се ’нæниздзинадмæ куыдфæндыйы цæстæй ма кæсой. Стæй æвзæр хъуыдытæ дæр ма кæной. Æвзæр хъуыдытæ чи кæны, мæстыгæр æмæ æдзæстуарзон чи у, уыдон арæхдæр рынчын кæнынц, уый зонут?
**С.** Æцæгдæр, адæймаг хъуамæ хæларзæрдæ уа, хыл ма кæна.
*Сывæллæттæ æрхæссынц алы дæнцæгтæ æмæ сын аргъ кæнынц.*
**Хъ.** Ноджы ма нæ низтæ фæлмæнзæрдæ уæвынæл дæр ахуыр кæнынц. Афтæ нæу?
**С.** Кæй зæгъын æй хъæуы. Исчи рынчын куы вæййы, уæд мæ зæрдыл æрлæууы, мæхæдæг рынчын куы уыдтæн, уæд мын куыд зын уыд, уый. Æмæ мæ фæфæнды, цæмæй йын йæ низ истыхуызы фæрог кæнон.
**Хъ.** Цы хорз сабитæ мын стут! Зонын æй, хорз адæймæгтæ уæ рауайдзæн, куы сыстыр уат, уæд. Тынг зæрдæхæлар æмæ тæригъæдгæнаг стут. Дохтыр суæвын уæ никæй фæнды? Уæ хæдзары хистæртæй дохтыр ничи у?
*Сабиты дзуаппытæ.*

*17–18 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Цæрæгойтæ сæхи цæттæ кæнынц зымæгмæ».**
**Темæ: «Мыстмæ *(æхсæрæгмæ, уыгмæ, рувасмæ æмæ а. д.)* уазæгуаты». *Фæлгæнæны æмæ цæстыл фæлгонцтæ ауайын кæныны бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**
– Æрæгвæззæгыл æрныхас кæнын, радзурын, цæ-

рæгойтæ сæхи зымæджы хъызтмæ куыд фæцæттæ кæнынц, уый тыххæй. Анималистон жанры æмбарынад, нывгæнджытæ-анималисттæ.

– Активонæй рæзын кæнын сабиты фантази, фæлгæнæн, фæлгонцадон хъуыдыкæнынад.

– Зонындзинæдтæм, æрдз ахуыр кæнынмæ сæ цымыдис кæнын. Цæрæгойты тыххæй фылдæр зонынмæ куыд тырной, ууыл архайын. Фидæны æрдзхъахъхъæнджытæ куыд уой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Хъæды цæрæгойты ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. Сæ буарыконды хицæндзинæдтæ æмæ сын сæ уаг æвдисынмæ тырнын.

2. Хуызиртасынад. Ахорæны хуыз ацы хæслæвæрды сæйраг нæу, сæйрагдæр – фæлгонц цæстахадгæ скæнын.

3. Композици. Гæххæттыл сныв кæнын хъæды кæнæ быдыры цæрæгойты æд лæппынтæ *(æхсæрæг, мыст, уыг, рувас, хъулон уыры æмæ а. д.).* Скæнæн сæ ис аргъауы архайджыты хуызы.

**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ, гель ручкæтæ, хуызджын кърандæстæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, хуызджын кæнæ фæлгъуыз ахуырст элементтимæ.

**Фæлгонцадон уаг:** лæмбынæг равдисын цæрæгойты кæнæ мæргъты цардæй исты ныв сæ хуыккомы кæнæ ахстоны.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Ныв *(хуызист)*: хъæд æрæгвæззæджы кæнæ зымæгон.

Быдираг мысты, куырм уырыйы, хъулон уырыйы, уызыны, рувасы, æхсæрæджы, уыджы, мæлдзыджыты нывтæ.

Темæмæ гæсгæ аргъæуттæм иллюстрацитæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, фломастертæ *(сау, фæныкхуыз, морæ æмæ хуызджын)*, гель ручкæтæ *(сау, зæринхуыз, бур æмæ а. д.)*, хуызджын къæрандæстæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Бакæсын аргъæуттæ темæмæ гæсгæ, фенын мультфильмтæ, æркæсын нывтæм цæрæгойты энциклопедийы.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, фæззæг кæронмæ фæхæццæ кæны, тагъд æрцæудзæн зымæг æмæ ралæудзысты…
**С.** Уазæлттæ, карз уазæлттæ!
**Хъ.** Нынниудзысты дымгæтæ, ныддымдзæн уад, бонтæ бынтон цыбыр фестдзысты. *(Æвдисы æрæгвæззæг æмæ зымæгон хъæды нывтæ.)* Сырдтæ æмæ мæргъты райгуырæн хъæд урс-урсид адардзæн! *(Кæс: Хистæр къорды 6-æм темæйы 13–14-æм ахуыртæ.)* Дыргъдæттæ, цæхæрадæттæ, быдыртæ урс миты бын æрныгъуылдзысты æмæ фынтæ уындзысты. Адæм та фæззæджы сæ хъæздыг тыллæг æрæмбырд кодтой, сæ фосæн хос бафснайдтой æмæ æнцад-æнцойæ уалдзæгмæ æнхъæлмæ кæсынц.
**С.** Адæмæн дæр æмæ сæ фосæн дæр зымæджы уазæлттæй ницы тæссаг у!
**Хъ.** Æмæ хъæддаг сырдтæн та?
**С.** Уыдон сæ зымæджы кой сæхæдæг бакæнынц, æндæр сыл ничи батыхсдзæн…
**Хъ.** Абон мах хъуамæ уыцы хабар равзарæм æмæ йæ сныв кæнæм. Сывæллæттæ, сымах бирæ хæттыты сныв кодтат хæдзарон фос æмæ хъæддаг сырдты, мæргъты, кæсæгты. Зымæджы уыдонæн сæ цард аивы?
**С.** Аивы, аивы. Мæргътæй бирæтæ хъарм бæстæм атæхынц. **Цæрæгойтæй бирæтæ сæ кæрц аивынц.**
**Хъ.** Тынг раст зæгъут! Ноджы ма сæ хуыккæмттæ æмæ сæ

ахстæттæ бахъæрмттæ кæнынц, сæхицæн рагацау хæринаг æрцæттæ кæнынц. Зымæджы дæргъы фынæй чи фæкæны, ахæмтæ дæр дзы дзæвгар ис. *(Æвдисы темæмæ гæсгæ алыхуызон нывтæ.)* Сæ хуыккæмттæ цыхуызæн сты, куыд дзы цæрынц?
*(Кæс: Кæстæр къорды 10-æм темæйы 20-æм ахуыр.)*
**С.** Къаннæг цæрæгойтæ бæласы уидæгты ’хсæн исты арф хуынчъы дæр ныббырынц æмæ уыцы ран бафынæй кæнынц уалдзæгмæ. Сæ хуыккæмттæ сырдтæн сæ хæдзæрттæ сты. Уым цæрынц сæ лæппынтимæ.
**Хъ.** Уыцы ныхæстæм уæ зæрдыл ницы аргъæуттæ æрлæууыди? Цавæртæ?
**С.** «Дюймовочка», «Рувас æмæ мыст», «Зонддзын мысты аргъау»», «Æртæ хъыбылы» æмæ а. д.
*Сывæллæттæ темæмæ гæсгæ аргъæуттæй скъуыддзæгтæ дзурынц.*
**Хъ.** Ныртæккæ мах, цæрæгойтæ сæхи зымæгмæ куыд фæцæттæ кæнынц, уый снывв кæндзыстæм. Алчидæр уæ, цыма исты цæрæгой у йæхæдæг, йæ цæстытыл йæхи афтæмæй ауайын кæнæд. Зæгъæм, мыст, æхсæрсæттæг, рувас, мæлдзыг æмæ а. д. Цы ми кæниккат, цымæ, фæззæджы, зымæгмæ цæттæ кæнгæйæ?
**С.** Мæнæ цыма аргъауы стæм, нæхи афтæ скæнæм, нæ? Афтæ хорз у! Ныв кæнæм!
**Хъ.** Сывæллæттæ, фæзмгæ та уæ чи акæндзæн цæрæгойты?
*Сывæллæттæ æвдисынц алыхуызон сырдты – рауай-бауай, гæппытæ кæнынц æмæ а. д.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр ныв кæнынмæ бавналут. Лæппын цæрæгойты куы ныв кæнат, уæд-иу хъомылты дæр ма ферох кæнут – нывы хъуамæ уой сæ мад, сæ фыд, сæ нанатæ æмæ дадатæ дæр!

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Цы ныв кодтам амæй размæ? Тынг цымыдисаг темæ уыди…
*Сывæллæттæ сæ нывтæ ’вдисынц, цы сныв кодтой, уый тыххæй дзурынц.*
**С.** Алыхуызон сырдты нывтæ кодтам, зымæгмæ сæхи куыд фæцæттæ кæнынц, уый æвдыстам.
**Хъ.** Куыд хъуыди ныв кæнын?
**С.** Хъуамæ дæхи исты цæрæгой кæнæ маргъы бынаты авæрдтаис æмæ дæ цæстытыл ауайын кодтаис, йæ хуыкком кæнæ йæ ахстон мидæгæй цыхуызæн у, уый.
**Хъ.** Тынг хорз! Афтæмæй æнцондæр у уавæр равдисын! Иуæй-иу цæрæгойты тыххæй сымах ныридæгæн бирæ цыдæртæ зонут, сæ кой арæх фæкæнут.
**С.** О, хæдзарон фосы тыххæй, уыдон адæмæн сæ фарсмæ цæрынц æмæ сæ уымæ гæсгæ хуыздæр зонæм, арæх сæ уынæм.
**Хъ.** Хъæддаг цæрæгойты ’хсæн ахæмтæ ис, æмæ æргом цæуынц, адæмæй сæхи не ’мбæхсынц.
**С.** О, ис ахæмтæ: пылтæ, жирафтæ, зебрæтæ, домбæйттæ, тигртæ æмæ æнд. ах.
**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдон се ’ппæт дæр егъау æмæ тыхджын цæрæгойтæ сты. Зæгъут-ма, хуыккомы цæрын бафæразиккой? Хуыккомы æмбæхсыны сæр сæ хъæуы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Махæн нæ хæс уыди къаннæг цæрæгойтæ æмæ мæргъты сныв кæнын. Уыдон сæхи хуыккæмттæ æмæ ахстæтты ауу-он кæнынц. Цуан кæнынмæ, хæринаг агурынмæ дæр аивæй рацæуынц, сæхи фембæхсынц, афтæмæй. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
**С.** Гыццылтæ сты æмæ сыл алчидæр тых у. Тугдзыхтæй сæхи хъахъхъæнынц.
**Хъ.** Кæцæй зонут уыцы хабæрттæ?
**С.** Телевизорæй, мультиктæй, стæй ма ноджы чингуытæй

дæр.
**Хъ.** Цæрæгойты цард чи ахуыр кæны, ахуыргæндтæ-зоологтæ, уыдон сæм сусæгæй-æргомæй кæсынц, сæ царды тыххæй сын кинонывтæ исынц, чингуытæ сыл фыссынц. Цæрæгойты чингуытæ кæддæриддæр хуызджын нывтæй æххæст вæййынц. *(Цæрæгойты хуызджын нывтæм амоны чиныджы.)* Цæрæгойты нывтæ чи кæны, уыцы нывгæнджытæ хуыйнынц анималисттæ, англисаг дзырд *animal* нысан кæны цæрæгой. *(Æвдисы нывгæнджыты конд цæрæгойты фæлгонцтæ.)*
**Хъ.** Нывгæнджытæ-мультипликатортæ та, æрæджы сæ кой кодтам, цæрæгойтæ, мæргътæ æмæ сасчыты уыцы арæхстджынæй фестын кæнынц мультфильмты архайджытæ. Уарзут мультфильмтæ цæрæгойты тыххæй? Цавæртæ? Ранымайут-ма сæ.
*Сывæллæтты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ныр та аргъæутты иллюстрацитæ фенæм. *(Æвдисы нывджын аргъæутты чингуытæ.)*
**Хъ.** Кæсут-ма, нывгæнæг куыд рæсугъд скодта аргъауы геройты нывтæ, сæ зæрдæйы уаг сын куыд хорз равдыста!
**С.** Бæрæг дарынц лæппын мыстытæ æмæ сæ мад. Ацы ран хъæлдзæгзæрдæ æхсæрæгты хæдзар æвдыст цæуы: сæ фынг, сæ къæлæтджынтæ.
**Хъ.** Æркæсæм-ма, цы ми кæнынц?
*Сывæллæттæ дзурынц, нывы цы уынынц, уый.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, кæсут-ма, алы нывгæнæг дæр цæрæгойты йæхирдыгонау нывкæны! Ацы чиныджы дæр тæрхъус, иннæйы дæр, фæлæ сын фæхæццæгæнæн нæй – фæйнæхуызон сты. Афтæ сымах дæр: ныв кæнгæйæ кæрæдзи дæр ма фæзмут æмæ нывгæнджыты дæр – уæхирдыгону ныв кæнут. Уæдæ нæ куысты сæр æрлæууæм, цæмæй нæ куыстытæ кæронмæ ахæццæ кæнæм.

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг… Тæрсы згæхæрд сыфтæртæ дымгæ къуымтæм хæссы…».**

**Темæ: «Æрдзы фæззыгон æрхуым».** ***Дæргъвæтин хъусдарды бындурыл æрдз ныв кæнын.***

**Нысан:**

– Æрæгвæззæджы сæйраг миниуджыты тыххæй зонындзинæдтæ сфидар кæнын. Æрдзы цардимæ сæ зонгæ кæнын афæдзы алы афонты. Æмбарынад графикæ куыд аивады хицæн хуыз.

–Рæзынкæнынсабитыфæлгонцадонхъуыдыкæнынад, фенд фæлгонцтæ цæстытыл ауайыны кæныны хъомыс фидар кæнын.

– Пейзажы рæсугъддзинад æнкъарын æмæ йæ ныв кæнгæйæ æвдисын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Æрдз ныв кæныны арæхстдзинадыл дарддæр кусын. Бæлæсты равг æмæ сæ къалиуты уаг æвдисæг пластикон хæххытæм сæйраг æргом здахын.

2. Хуызиртасынад. Нысаны хуызон райхæлд – монохромонмæ хæстæг *(фæныкхуыз цъæх ахорæны фæлгъуызтæй архайгæйæ)*. Гæнæн ис графикон хуызы дæр.

3. Композици. Гæххæттыл сныв кæнын фæззыгон пейзаж, хъус сæйрагдæр бæлæсты фæззыгон уавæрмæ даргæйæ. Баххæст кæнын пейзаж алыхуызон лыстæг детальтæ æмæ бæлвырддзинæдтæй.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь *(ахорæнты æрмæст цалдæр хуызы)* кæнæ графикон æрмæг фæндонмæ гæсгæ *(фломастер, маркер æмæ а. д.)*.

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын *(монохромон)* кæнæ хаххон-графикон.

**Фæлгонцады уаг:** бæлæсты характерон фæлгонц сæ

фæззыгон уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Фæззыгон æрдзы фæлгонцтæ (хуызистытæ). Алыхуызон бæлæсты нывтæ.
Хуызджын гæххæтты фрагменттæ дзæвгар.
Æнкъард мелоди «Фæззæг» пленкæйыл фыстæй. П. И. Чайковскийы цикл «Времена года»-йæ.
Нывгæнджыты хуызджын æмæ графикон куыстыты репродукцитæ, 7−8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3 *(чи зоны, хуызджын, фæлæ фæлурс)*, фломастертæ кæнæ маркертæ *(сау, морæ, фæныкхуыз)*, цалдæр хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æрæджы мах фæззæджы кой кодтам, йæ лæвæрттæй йын нæ цæст нæ истам. *(Фæззыгон æрдзы нывтæ æвдисы.)* Ныртæккæ йæ хуыз аивта. Цыхуызæн у? Рудзынгæй-ма йæм акæсут…
**С.** Æрæгвæззæг у ныр. Уазал у. Хур фылдæр хатт нал ракæсы, къæвдатæ сарæх сты. Уазал дымгæ футтытæ кæны.
**Хъ.** Арв дæр ныллæг у, кæуындзаст. Цыма æрдз цæуылдæр æрæнкъард, адæймагмæ афтæ кæсы. *(Æрæгвæззæджы нывтæ æвдисы. Сабиты хъус æрдары алыхуызон бæлæсты кондмæ: фатхъæд, тулдз, бæрз æмæ а. д.).* Алы бæласæн дæр йæ къалиутæ æндæрхуызон сты, фæивддзаг кæнæн сын ницыхуызы ис. Бæлæстæй иутæ рæхснæг æмæ бæрзонд сты, иннæтæ та пæлæхсар, хъæддыхарæзт. *(Кæс: Астæуккаг къорды 17-æм темæйы 25-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, цæй æмæ ахъазæм. Уæ иу искæцы бæласы хуызистмæ бацамондзæн, иннæтæ та зæгъдзысты, цавæр бæлас у, уый.

*Сывæллæттæ хъазынц.*

**Хъ.** Тынг хорз! Мах абон ныв кæндзыстæм фæззæг. Фæззæджы коймæ уæ цæстытыл цы ауайы?

**С.** Бæлæстæ. Мигътæ. Къæвда. Мæргътæ. Уазал дымгæ.

**Хъ.** Ныв кæнæм æрдз. Нæ ныв уыдзæн…

**С.** Пейзаж.

**Хъ.** Цавæр зæрдæйы уаг хъуамæ æвдиса фæззыгон пейзаж?

**С.** Æнкъард.

**Хъ.** Æмæ йæ цы хуызы равдисдзыстæм?

**С.** Хъуамæ дзы ирд ахорæнтæ ма уа, хъуамæ хуыздзыд уой, фæлурс. Уæд бæрæг уыдзæн, æрæгвæззæг кæй у, тагъд зымæг кæй æрцæудзæн, уый.

**Хъ.** *(сабитæн ма ноджыдæр иу хатт кæрæдзиуыл абарын кæны рагвæззæджы сыгъзæрин æмæ æрæгвæззæджы æрхуым æмæ дондзаст пейзажтæ).* Раст у. Рагвæззæг сыгъзæрин ахорæнтæй цæхæртæ фæкалы, æрæгвæззæг та хуыздзыд у, йæ ахорæнтæ мынæг сты. Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, ахорæнтæй, мынæг, зæгъгæ, афтæ зæгъын раст у? Раст дзурын?

**С.** Мынæг, зæгъгæ, фæзæгъынц хъæлæсы уагæй, музыкæйы зæлтæй.

**Хъ.** Цæй æмæ ахъуыдытæ кæнæм, кæддæра ахорæнты хуызтæй афтæ зæгъæн ис? *(Сабиты размæ равæрдта хуызджын гæххæтты лыггæгтæ.)* Равдисут-ма, иннæты ’хсæн бæрæг кæцы хуызтæ дарынц?

*Сывæллæттæ æвзарынц, ирд хуыз кæмæн ис, уыцы гæххæттытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, уынут, уыцы гæххæттытæ равзæрстат, уымæн æмæ цæстæнгæсдæр сты, цæст сæ уайтагъд ацахсы. Фæлæ ма ис, æвиппайды ауынæн кæмæн нæй, ахæм ахорæнтæ дæр – фæлмæн, хиуылхæцгæ, мынæг. Сæ дзыхы дзаг нæ хъæр кæнынц, мæнæ дæн, мæнæ дæн, æрбакæс мæм, зæгъгæ, фæлæ уыдон дæр тынг рæсугъд сты.

**С.** Ахорæнтæ дæр музыкæйы зæлты хуызæн вæййынц ирд, хъæлдзæг, зæлланггæнаг, мынæг, уæзбын, талас.
**Хъ.** Сывæллæттæ, уынут, куыд диссаг у аивад! Уæдæ æрæгвæззæджы пейзаж сныв кæнынæн цавæр ахорæнтæ райсын æмбæлы?
**С.** Фæныкхуыз, æрхуым, æгъуыз.
**Хъ.** Сымах зонут, фæлгонцаразæн мадзæлттæ алыхуызон кæй сты. Хуызджын у…
**С.** Хъæугæ ахорæнтæ куы равзарæм æмæ уыдонæй куы сныв кæнæм, уæд уый. *(Кæсынц, хъомылгæнæг сын кæй æвдисы, уыцы хуызджын нывтæм.)*
**Хъ.** Æмæ графикон, уый тыххæй дæр сымах нырыдæгæн цыдæртæ зонут…
**С.** Уый та, нывгæнджытæ сау, фæнкхуыз æмæ урс графикон ахорæнтæй куы скæнынц исты фæлгонц, уæд уый.
**Хъ.** *(æвдисы нывгæнджыты æмæ сабиты графикон куыстытæ).* Нывгæнджытæ графикон æрмæджытæй пайда фæкæнынц, фæлгонцæн йæ ахорæны хуыз ахсджиаг куы нæ уа, фæлæ сæйраг йæ уаг æмæ равг æвдисæг хæххытæ, тæппытæ, нывæфтыдтæ æмæ а. д. куы уой, уæд. Куыд уæм кæсы, нæ абоны хъуыддаг раст ахæм нæу? Æрæгвæззæджы пейзаж уæ ахорæнтæй ныв кæнын фæнды?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Раст зæгъут. Нæ абоны фæлгонц хуыздæр у графикон хуызы равдисын. Техникæ уæхæдæг равзарут. Сау контурæй уал ныв кæнын райдайæм, уыйфæстæ, кæй куыд фæнда, афтæ йæм æххуысгæнæг хуызтæй фæкæсдзæн.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах ныв кæнын райдыдтам фæззыгон пейзаж. Нæхи куыд цæттæ кодтам уыцы темæмæ?

**С.** Цæмæй нæ пейзаж хорз рауайа, уый тыххæй уал раздæр тезгъо кæнынмæ ацыдыстæм æмæ æрдзмæ дзæбæх бакастыстæм. Рудзынгæй дæр кастыстæм, æмæ йæхи куыд ивы, уый нæ зæрдыл дардтам. Рагвæззæджы хур бонтæ æмæ сыгъзæрин ахорæнтæ барстам æрæгвæззæджы хъуынтъыз боныхъæд æмæ фæлурс ахорæнтимæ.

**Хъ.** Тар ахорæнтæй ныв кæнын цæмæн райдыдтат?

**С.** Уымæн æмæ графикон куыст кодтам.

**Хъ.** Уæ зæрдæмæ цæуы?

**С.** Тынг! Мах ныр бирæ цæуылдæрты сахуыр стæм æмæ нæ алцыдæр фæнды лыстæг æмæ бæлвырд равдисын нæ нывты. Ахорæнтæй лыстæг детальтæ нæ рауайынц, фæлæ графикæйы мадзæлттæй та къухы бафтынц.

**Хъ.** Раст зæгъут. Иуæй-иу хатт адæймагмæ æвгъау фæкæсы, арæхстгай кæй фæныв кодтай, уыцы лыстæг хæйттæ ахорæнты бын фæкæнын, уымæн æмæ хъисойæ архайынмæ бынтон рæвдз нæма стут. Стæй уын сыл рæстæг дæр бирæ бахардз уыдзæн, махмæ та æндæр цымыдисаг темæтæ дæр æнхъæлмæ кæсынц. Афтæ нæу? Графикæ, мæнмæ гæсгæ, уæ зæрдæмæ тынг фæцыд, æмæ йæм арæхсгæ дæр кæнут.

**С.** Мах зонæм, нывгæнджытæ гравюрæ куыд фæкæнынц, уый. Зонæм, цы у мыхуыр.

**Хъ.** Зæгъут-ма йæ.

**С.** Гравюрæ у,  нывгæнæг фæйнæг кæнæ линолиумыл куы скæны ныв, скъахы йæ, ахорæн ыл ауадзы æмæ афтæмæй уыйфæстæ бирæ æмхалдих нывтæ скæны.

Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. *(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 5-æм темæйы 9–10-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Хуызаивад, скульптурæ æмæ архитектурæйы æмрæнхъ графикæ дæр у аивады сæрмагонд æмæ ахсджиаг хуыз. *(Æвдисы дæнцæгтæ аивады алы хуызтæй.)* Лæмбынæг бакæсæм, алыхуызон техникæйæ чи пайда кæны, уыцы зындгонд нывгæнджытæ-графикты куыстытæм. *(Лыстæг*

*ærdzury nyvgændzhyty grafikon kuystytyl, sabi-ty xʺus uældaj tyngdær ærdary aivadon fælgoncady madzælttæm – xæxxytæ, tæppytæ, fælgʺuyztæm.)*

Кæй зæгъын æй хъæуы техникæйы равзæрст, нæ ныви сæйрагдæр цы банысан кæнынмæ хъавæм, уымæй аразгæ у. Нæ пейзажы сæйраг цы уыд?

**С.** Бæлæстæ. Алымыггаг бæлæстæн сæ къалиуты æвæрд фæйнæхуызон кæй у, уый тыххæй бирæ фæдзырдтам. Бæлæстæй алкæмæн дæр йæхи фæлгонц кæй ис, уый бамбæрстам.

**Хъ.** Æмæ куыд арæзт у бæлас?

**С.** Уымæн ис ставд хъæддых зæнг. Бæласы зæнгæй фæй-нæрдæм ацæуынц ставд къалиутæ, уыдонæй – æндæртæ, къаддæртæ, уыдонæй та – лыстæг къалиутæ. Лыстæджытæй дæр та ноджы лыстæгдæртæ фæйнæрдæм ацæуы.

*(Кæс: Астæуккаг къорды 17-æм темæйы 25-æм ахуыр.)*

**Хъ.** Бæлæстæ цæуылнæ рафæлдæхынц? Сæ сæртæ пæлæхсар вæййынц, сæ зæнгтæ та, уыдонимæ абаргæйæ, лыстæг.

**С.** Уымæн æмæ сæ уидæгтæ зæххы арф ацæуынц.

**Хъ.** Тынг раст зæгъут. Уидæгтæ зæххæй уæлæмæ зын-гæ дæр нæ кæнынц, сыджыты арф аныгъуылынц. Ахъуыдыгæнгæйæ, зæххы бын дæр, уæлæмæ чи зыны, раст ахæм бæлас ис – æрмæст уидæгтæй конд у. Сыфтæртæ йыл нæ зайы. Уымæ гæсгæ цыфæнды тыхдымгæйы дæр бæласæн ницы тас у, дымгæ йæ зынтæй афæлдахдзæн. Цы пайда ма сты ноджы уидæгтæ бæласæн?

**С.** Уыдоны фæрцы дон нуазы æмæ нæ хус кæны.

**Хъ.** Дон дæр нуазы æмæ ма, йæ рæзтæн пайда чи у, ахæм буаргъæдтæ дæр исы мæрæй. Уымæ гæсгæ бæлæстæн сæ бон у тынг зын уавæрты дæр бафæразын. Тынг цымыдисаг бæлæстæ зайы хæхты, бæрзонд ран, хæхон цæугæдæтты былгæрæтты. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг.)* Ныр та

ногæй ныв кæнынмæ бавналæм. Йæ куыст уæ графикон хуызы ахæццæ кæнынмæ чи хъавы, уый йæ дарддæр дæр, куыд райдыдта, афтæ ахæццæ кæнæд. Ахорæнтæй йæм базилынмæ чи хъавы, уыдон та сæ арæхстгай æвзарæнт – æрæгвæззæджы æрхуым зæрдæйы уаг куыннæ фехалой, афтæ. Сымах кусут, æз та уын музыкæ сифтындздзынæн. Цавæр мелоди фидауы нæ абоны темæимæ?

**С.** Мынæг, æрхуым, рæсугъд, хъуыдыдзаст, хæрзбоны мелоди.

**Хъ.** Хъусут уæдæ. *(Сæвæрдта хъæугæ мелоди.)* Уæ бон у, æмæ уæ нывтæ цыдæр характерон детальтæй баххæст кæнат…

**С.** Зæгъæм, чызг уарыны æртæхтæй фæлидзы зонтыччы бын, мæргъты балтæ хуссармæ фæтæхынц æмæ а. д.

**Хъ.** Афæдзы алы афон дæр рæсугъд у йæхирдыгонау. Сæрды æнтæфы мах фæбæллæм къæвдайы æртах æмæ дымгæйы уддзæфмæ…

**С.** Фæззæджы нæ цæстытæ ныуурс вæййынц митмæ.

**Хъ.** Зымæджы кæрон та æнхъæлмæ фæкæсæм хур бонтæм, уалдзæгмæ. Афæдзы афонтæ кæрæдзи кæй ивынц, уый æхцон у адæймагæн дæр æмæ æрдзæн дæр. *(Хистæр къорды 19-æм темæйы 41–42-æм ахуыртæ.)* Уынут, цалынмæ ныхæстæ кодтам, уæдмæ уæ нывтæ дæр кæронмæ фестут. Æрдз æвдыст кæм цæуы, уыцы нывтæ куыд хуыйнынц?

**С.** Пейзажтæ.

**Хъ.** Цавæр равг ис уæ пейзажтæн?

**С.** Æнкъард. Æрæгвæззæджы равг.

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах тынг хорз нæмттæ æрхъуыды кодтат уæ натюрморттæн. Уæ пейзажты зæрдæхудты дæр ма бацæут.

**С.** *(алыхуызон варианттæ дзурынц).* «Фæззыгон æрхуым», «Бæлæсты ныхас фæззæджы», «Фæззыгон дымгæ», «Уарын», «Хъарм бæстæм» æмæ а. д.

Нæмттæ æмæ сæргæндтæ хъуыды кæнынил куыст стыр ахъаз у сабиты фæлгонцадон æмæ ассоциативон хъуыдыкæнынады рæзтæн. *(Кæс? Хистæр къорды 5-æм темæйы 9–10-æм ахуыртæ.)*

*21–22 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Æмбал æмбалы зын ран нæ уадзы».**
**Темæ: «Ме ’мбалы сурæт». «Æз æмæ ме ’мбал». *Фиппайды бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Æрныхас кæнын, хæлардзинадæн адæймаджы царды цы нысаниуæг ис, уый тыххæй. Æмбарынæдтæ *«зонгæ»*, *«хæлар»*, *«æмбал»*.

– Портреты жанримæ дарддæр зонгæ кæнын. Æмбарынад *«нывгæнæг-портретист»*.

– Сæ цæст уынаг куыд уа, цы федтой, уый куыд хъуыды кæной, сабиты афтæ ахуыр кæнын.

– Адæмы æхсæн хæлар ахастдзинæдты ахадындзинад царды мидæг. Сабитæ сæ алыварс адæмæн аргъуыц куыд кæной, сæ кæрæдзимæ хæлар цæстæнгасæй куыд кæсой æмæ иумæйаг æвзаг куыд арой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Ахуыр кæнæм адæймаджы фæлгонц ныв кæнын, йæ характерыл дзурæг æддаг бакасты æууæлтæ йын æвдисын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæны хуызы руаджы равдисын, цы адæймаджы фæлгонц ныв кæныс, уымæ хæлар ахаст.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл скæнын адæймаджы цæсгом кæнæ сурæт, йæ удыхъæдыл дзурæг исты уавæры *(уарзы æрдз, цæрæгойты, ныв кæнын, хъазын æмæ а. д.)*.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь, фломастертæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.

**Фæлгонцадон уаг:** иу *(кæнæ дыуугæ)* адæймаджы сурæт *(портрет)* йæ характер кæнæ зæрдæйы уаг æвдисæг уавæры.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывгæнджыты хуызджын æмæ графикон куыстыты *(портретты)* репродукцитæ, 7–8-аздзыд сабиты нывтæ портретон жанры.

Чингуытæ, зарджытæ, æмдзæвгæтæ, æмбисæндтæ хæлардзинады тыххæй.

Хæлардзинады зарæг *(мультфильмæй)* пленкæйыл фыстæй.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн. 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Темæмæ гæсгæ аргъæуттæ бакæсын, мультфильмтæ фенын æмæ сын сæ архайджыты ахастдзинæдтыл æрныхас кæнын – хорз æмбæлттæ кæрæдзийæн алцыппæтæй дæр æххуыс сты, кæрæдзиуыл хинæй никуы цæуынц æмæ а. д.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æрæджы мах ныхас кодтам адæмы æхсæн ахастдзинæдтыл, дзырдтам, хиуæттæ æмæ æцæгæлæттæ, зонгæ æмæ æнæзонгæты тыххæй.

*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 6-æм темæйы 11–12-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Сымах та цы зæгъдзыстут æмбæлтты тыххæй?

**С.** Адæмы ’хсæн ис, тынг хорз кæй зонæм, ахæмтæ – нæ зонгæтæ сты уыдон. Нæ зонгæты ’хсæн та нæм хæстæгдæр чи у, уыдон сты не ’мбæлттæ.

**Хъ.** Нæ хорз зонгæтæй алкæй дæр не ’мбал схонын у нæ

бон?
**С.** Æмбал у, иннæтæй арæхдæр кæимæ фæхъазыс, хыл кæимæ никуы фæвæййыс, дæ разы куы нæ уа, уæд кæй фæмысыс, уый. Де 'мбал дын йæ хъазæнтæ нæ хæлæг кæны, æнæ дæу ницы хæры, рынчын куы уай, уæд дын тæригъæд фæкæны, исчи дæ куы 'фхæра, уæд дæ фарс рахæцы.
**Хъ.** Хорз зонгæтæ адæймагæн бирæ вæййы. Хорз æмбæлттæ та? Ахъуыды-ма кæнут. Чи зоны, уæ бинонты, уæ ныййарджыты, уæ нанатæ æмæ уæ дадаты, уæ хистæр æфсымæртæ æмæ хоты æмбæлттæй дæр исчи уæ зæрдыл æрлæууа.
*Сывæллæтты дзуаппытæ. Хорз æмбæлттæ бирæ кæй нæ вæййы адæймагæн, уыцы хатдзæгмæ æрцæуынц.*
**Хъ.** Сымахæй алкæмæн дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз æмбал ис, чи зоны, иу нæ, фæлæ цалдæр дæр. Афтæ у?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Радзурут-ма уе 'мбæлтты тыххæй. Уе 'мбалы миниуджытæй уæм хуыздæр кæцы кæсы? Уæлдай бафæзминаг цæмæй сты уе 'мбæлттæ?
**С.** Ме 'мбал тынг хæларзæрдæ æмæ рæдау у, хъæлдзæг, кæсын уарзы æмæ бирæ зоны, йемæ ныхæстæ кæнын тынг цымыдисаг у æмæ а. д..
**Хъ.** Цавæр цауы фæстæ бамбæрстай, уыцы лæппу *(чызг)* дæ хорз æмбал кæй у, уый?
**С.** Хъазыдыстæм, æз фæкалдтæн æмæ мæхи ныццавтон. Иууылдæр ныххудтысты, ме 'мбал та мæм æрбазгъордта æмæ мын сыстынмæ феххуыс кодта, ныфсытæ мын авæрдта *(æмæ а. д.).*
**Хъ.** Уæ ныхæстæй бæрæг у, уе 'мбæлттæ диссаджы хорз сывæллæттæ кæй сты, уый: хæларзæрдæ, хъæлдзæг, хъæбатыр! Куыд уæм кæсы, хорз æмбалмæ ницы фау æрхæссæн вæййы? Æрлæууын-ма кæнæм нæ зæрдыл хæлардзинадыл дзурæг аргъæуттæ æмæ мультфильмтæ.
**С.** «Бæппу æмæ Карлсон», «Винни-Пух», «Чебурашкæ

æмæ кæфхъуындар Генæ» æмæ а. д.

**Хъ.** *(æвдисы мультфильмты архайджыты).* Цы зæгъдзыстут адоны тыххæй?

**С.** Мах сæ тынг уарзæм! Ахæм æмбæлттимæ æнкъард никуы вæйййы!

**Хъ.** Æмæ сæм фау æрхæссæн ницæмæй ис? Зæгъæм, мæнæ Карлсонмæ, Винни-Пухмæ?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Зæгъут-ма, æмæ сæ уый тыххæй мах къаддæр уарзæм? Кæрæдзийæн исты хъæндзинæдтæ ныббарæн ис?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах иу æмæ дыууæ хатты нæ ныв кодтат портреттæ. Æрлæууын-ма кæнæм нæ зæрдыл, цавæр ныв хуындæуы «портрет»?

**С.** Портрет у адæймаджы сурæт.

**Хъ.** Тынг раст. Портреты сæйраг фæлгонц у адæймаг. Портреттæ чи ныв кæны, уыцы нывгæнæг та хуыйны «портретист». *(Æвдисы нывгæнджыты портретты репродукцитæ.)*

**С.** «Портреттæ» кæй хонынц, уыцы нывты адæймаджы сурæт егъауæй æвдыст цæуы.

*(Кæс: Кæстæр къорды 5-æм æмæ 11-æм темæты 9-æм æмæ 21-æм ахуыртæ; астæуккаг къорды 1-аг темæйы 1-аг ахуыр; хистæр къорды 10-æм темæйы 21-æм æмæ 22-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Ныр та лæмбынæг æрбакæсут æмæ зæгъут портретты композицийы хицæндзинæдты тыххæй. Цы хицæндзинад ис портрет, автопортрет æмæ къордон портреты æхсæн?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Нывгæнджытæ-портретисттæ архайынц адæймаджы фæлгонц бæстон равдисын, йæ цæсгомы алы хахх, йæ дарæсы алы ссывд дæр ын биноныг сныв кæнынц. Уымæй уæлдай ма ахсджиаг у адæймагæн йæ цæстæнгас. Йæ

фæзылд, йæ бадт дæр йæ удыхъæды миниуджытыл дзурæг сты. Уымæ гæсгæ нывгæнæг алы æууæл дæр бахынцы. Цыбыр дзырдæй, уе 'мбæлтты портреттыл кусгæйæ сымах дæр уыцы хъуыддæгтæ хъуамæ уæ зæрдыл дарат. Куыд уæм кæсын, афтæмæй сымах ныридæгæн ныв кæнынмæ бавнæлдтат. Куыд архайдзыстут, уый-ма мын рагацау бамбарын кæнут.

**С.** Раст хæххытæ æмæ æгъуыз ахорæнтæй куы ныв кæнон, уæд, ме 'мбал хъæлдзæг, зæрдæхæлар, хъазаг лæппу кæй у, уый бæрæг нæ уыдзæн. Уымæ гæсгæ æз равзæрстон, ирд, хурдзаст, зæлланггæнаг ахорæнтæ. Æз ын бирæ алыхуызон уæлдæфон тымбылджытæ сныв кæндзынæн йæ алыварс!

**Хъ.** Ды та куыд равдисдзынæ де 'мбал чызджы уæзбын æмæ уæздан удыхъæд?

**С.** Æз равзардзынæн уæздан, хъарм ахорæнтæ. Йæ къухтæм ын ратдзынæн рæсугъд дидинджыты баст.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ уын æз хæдзармæ куыст радтон: зæрдыл æрлæууын кæнын, хæлардзинады кой кæм ис, уыцы аргъæуттæ æмæ мульфильмтæ.

**С.** *(нымайынц сæ).* Тынг бирæ сты! Цыфæнды аргъауы дæр ис хæлардзинады кой.

**Хъ.** Хæлардзинады кой æрмæст аргъæуттæ æмæ мультфильмты нæй. Хæлардзинады тыххæй фыст ис бирæ чингуытæ, æмдзæвгæтæ, зарджытæ. Куы сыстыр уат, уæд сæ базондзыстут. Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, цымæ уыцы темæмæ афтæ арæх цæмæн раздахынц се 'ргом фысджытæ, композитортæ?

**С.** Уымæн æмæ царды мидæг хорз æмбалæй хуыздæр ницы ис!

**Хъ.** Сывæллæттæ, «хæлардзинад», «æмбал», уыцы дзырд-

тæм аргъæуттæ æмæ мультфильмты архайджытæй уæ зæрдыл фыццагдæр чи ’рбалæууы? Уарзон герой уын ис?
*Сывæллæттæ нымайынц сæ уарзон геройты нæмттæ, сæ хабæрттæ сын дзурынц.*
**Хъ.** Мультфильмтæ æмæ аргъæутты арæх тынг хæларæй фæцæрынц, æддаг бакастæй бынтон фæйнæхуызон чи у, ахæм персонажтæ. Кæрæдзийæн æххуыс фæкæнынц, никуы фæхыл вæййынц. Уæ зæрдыл исчи лæууы?
**С.** Калм, маймули, пылы лæппын, тутти, Винни-Пух, хæрæг, тæрхъус, кæфхъуындар Генæ, Чебурашкæ æмæ а. д.
**Хъ.** *(сабитæн æвдисы сæ уарзон геройты фæлгонцтæ).* Уыдон кæрæдзиуыл тынг æнувыд сты, иумæ сын хъæлдзæг у. Цæй æмæ хорз æмбæлтты зарæгмæ байхъусæм иумæ.
*Зæлы зарæг мультфильмæй. Сывæллæттæ йын хъырнынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æз уын диссаджы чырын æрбахастон. Йæ мидæг – хæлардзинады тыххæй æмбисæндтæ. Иугай сæ исдзыстæм æмæ сæ хъæрæй кæсдзыстæм. Уыдон адæмы куырыхон зондæй равзæрдысты æмæ нын стыр æххуыс фæуыдзысты нæ темæ хуыздæр бамбарынæн:

Бирæ мулкæй бирæ лымæн хуыздæр у.

Лымæны æууæнк макуы фесаф.

Дæ лымæнимæ цалынмæ цæхх ы пут бахæрай, уæдмæ йæ нæ базондзынæ.

Ног æмбал ыссарын хорз у, фæлæ зæронды дæр рох кæнын нæ хъæуы.

*Сывæллæттæ сæ хъуыдытæ дзурынц æмбисæндты тыххæй.*
**Хъ.** Адæймагæн алцыппæтæй дæр йæ цард хорз куы вæййы, уæд алкæйдæр фæфæнды йæ хæлар уæвын. Фæлæ исты бæллæхы куы бахауы, уæд æм æххуысмæ æрмæстдæр йе ’цæг æмбæлттæ фæзынынц. Уымæн фæзæгъынц…
**С.** Æмбал æмбалы зын ран нæ уадзы. Хорз хæлæрттæ зын уавæры рабæрæг вæййынц.

**Хъ.** Мæнæ ацы æмбисæндты тыххæй та цы зæгъдзыстут?

Кæимæ æмдзæхдон уай, уый хуызæн уыдзынæ.

Гæбæр бæх гæбæр бæхы ныхы.

Лæг йæ хæларæй бæрæг у.

**С.** Зондджын, хæларзæрдæ æмæ æгъдауджын сабиты 'хсæн дæхæдæг дæр фæхуыздæр уыдзынæ. Фæзмдзынæ сæ æмæ ды дæр уыдоны хуызæн æмбаргæ уыдзынæ. Фæлæ æнæгъдау æмæ æнæуаг сабитæ куы уой дæ хæлæрттæ, уæд та дæхæдæг дæр уыдоны хуызæн суыдзынæ.

**Хъ.** Тынг раст. Рох уæ макуы уæд уыцы хъуыддаг. Дарддæр нæ нывтыл бакусæм. Куыд, уый уæ нæ ферох?

**С.** Йæ сурæт ын ныв кæнгæйæ, равдисын хъæуы æрмæст не 'мбалы дарæс нæ, фæлæ, цы уарзы, арæхдæр цæмæй фæхъазы, уыдæттæ дæр.

**Хъ.** Ноджы ма цы?

**С.** Ахорæнтæ æвзаргæйæ райсын хъæуы, дæ ахаст дын чи равдиса, ахæмтæ: уæздан æмæ хурдзаст хуызтæ.

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах хъуамæ зонат, портреты мидæг нывгæнджытæн сæйрагдæр сты цæстытæ. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, цæстытæ удыхъæды айдæн сты, зæгъгæ. Уыдон æвдисынц адæймаджы уды рæдаудзинад, зонд, равг. Уымæ гæсгæ архайут, уæ хæлæртты цæстытæ, куыд æмбæлы, уæ куыстыты афтæ равдисынмæ. Куыд сæ сныв кæндзыстæм?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æнæрæдийгæ адæймаг нæй. Сымах дæр хаттæй-хатт уæ хæлæрттимæ кæрæдзи бафхæрут. Уыйфæстæ та фæсмон фæкæнут. Афтæ нæу?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Æмæ куыд кæнын æмбæлы ахæм рæстæг?

**С.** Дæ аххос куы уа, уæд де 'мбалæй хатыр ракур. Уый куы уа аххосджын, уæд та йын æй ныххатыр кæн, æмæ бафидаут.

**Хъ.** Мæнæ куыд хорз сабитæ стут! Хъуамæ дæ рæдыд бамбарай æмæ йæ сраст кæнай. Уымæн æмæ хæлардзинад æнусмæ хæссын хъæуы, хорз æмбал æфсымæрæй уæлдай нæу. Цалынмæ ныхæстæ кодтам, уæдмæ уæ нывтæ дæр кæронмæ ахæццæ кодтат. Диссаджы хорз сныв кодтат уæ хæлæртты. Куы сын сæ балæвар кæнат, уæд сын æхсызгон уыдзæн.

*23–24 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Аргъæуттæ зонæм æви нæ?»**
**Темæ: «Мæ уарзон аргъау». *Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад.***
**Нысан:**

– Аргъæутты ахадындзинад сабитæ æмæ хъомыл адæмы царды. Цымыдисаг дæснийæдтæ: нывгæнæг-иллюстратор.

– Фантази, фæлгæнæн, фæлгонцадон хъуыдыкæнынады рæзт.

– Сабиты цымыдис кæнын чингуытæм, бауарзын сын кæнын чингуытæ кæсын. Аргъæутты æвзаг æмæ хуызджын иллюстрацитæ – сабиты эстетикон хъомылады фæрæз.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Аргъæутты персонажтæ ныв кæнынил архайын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты хуызтæ æмæ архайæн æрмæджыты æнахуыр æмиуад.
3. Композици. Уарзон аргъауы персонажты нывтæ иу гæххæтты сыфыл скæнын, се ’хсæн эмоционалон æмæ æндæр ахастытæ банысан кæнын. Зæрдылдаргæ фæлгонцтæ скæнын. Аргъауы уавæр æмæ уысмы равг алфамбылай дуне æмæ детальтæ равдисгæйæ банысан кæнын.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь, æмхæццæ техникæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** аргъæутты геройты характерон фæлгонцтæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Аргъæутты *(ирон, уырыссаг æмæ а. д.)* чингуытæ хуызджын иллюстрацитимæ. Иллюстрацитæ Нарты кадджытæм.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн. Уæлæмхасæн æрмæджытæ фæндонмæ гæсгæ *(фломастертæ, мелтæ, пастель).*
**Рагагъоммæйы куыст.** Бакæсын аргъæуттæ.

## 1-аг ахуыры ныхæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон мах абалц кæндзыстæм аргъæутты бæстæм æмæ йæ стæй сныв кæндзыстæм. Фæнды уæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мах бакастыстæм бирæ фысджыты: А. С. Пушкины, К. И. Чуковскийы, Г. Х. Андерсены, С. Я. Маршакы, Ш. Перройы аргъæуттæ, бакастыстæм бирæ адæмты аргъæуттæ, зонæм ирон аргъæуттæ. Уæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты, афтæ нæу?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Цымыдисаг уый у, æмæ алы адæмты аргъæутты фембæлæн ис æнгæс архайджытыл, æмхуызон цаутыл. Сæ нæмттæ алыхуызон вæййынц, удыхъæдæй та уыцы иу халдих. Зæгъæм, Сыгъзæрин маргъ иу æмæ дыууæ аргъауы нæ фембæлы, хъуыды йæ кæнут? Ныв дæр æй кодтат. *(Кæс: Хистæр къорды 24-æм темæйы 26-æм ахуыр.)*
*Хъомылгæнæг æвдисы сабитæн иллюстрацитæ Сыгъзæрин маргъы фæлгонцимæ.*

**С.** Нарты кадджыты дæр Донбеттыры чыз Дзерассæ сыгъзæрин маргъ фесты æмæ нарты диссаджы фæткъуы адавы. *(Хъомылгæнæг æвдисы сабитæн иллюстрацитæ Нарты кадджытæм.)*
**Хъ.** Ныр та, Баба-Яга æмæ Бирæгъ кæм архайынц, уыцы аргъæуттæ ранымайут.
*Сывæллæттæ нымайынц аргъæуттæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, аргъæуттæ зæххыл тынг бирæ ис, уыимæ – алыхуызæттæ сты. Уæ зæрдæмæ тынгдæр цавæртæ цæуынц?
**С.** Æз уарзын цæрæгойты аргъæуттæ, стæй ма, исты æнахуыр диссæгтæ кæм æрцæуы, ахæм аргъæуттæ дæр *(тынг уарзын æмæ а. д.)*.
**Хъ.** Куыд кæсын, афтæмæй аргъæуттæ уарзут. Куыд сæ зонут, уый та ныртæккæ сбæлвырд кæндзыстæм. *(Алыхуызон аргъæутты чингуытæ сæм æвдисы.)* Цæй тыххæй у ацы аргъау? Ай та?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ныртæккæ мах ныв кæнынмæ бавналдзыстæм, æмæ уæ хъуамæ алчидæр йæ уарзон аргъау, йæ уарзон геройы равзара. Иу хатт ма зæгъæм, аргъæутты архайæг чи вæййы?
**С.** Адæм, сырдтæ, мæргътæ, кæсæгтæ, суанг ма сасчытæ дæр. Æнахуыр архайджытæ дæр дзы вæййы.
**Хъ.** Зæгъæм?
**С.** Кæфхъуындар, хæйрæджытæ, донычызджытæ, уæйгуытæ æмæ а. д.
**Хъ.** Сывæллæттæ, ахъуыды-ма кæнут, чи ма вæййы ноджы аргъæутты архайæг? Аргъауы алцыдæр адæймагау æнкъарын æмæ дзурын зоны.
**С.** Аргъауы адæймаджы æвзагæй дзурынц дымгæ, дур, бæлас, дидинæг, пец, цæугæдон æмæ а. д.
**Хъ.** Æнæмæнг афтæ у. Æрдзы тыхтæ дæр, цæрæгойтæ æмæ зайæгойтæ дæр вæййынц аргъæутты архайджытæ.

Аргъæутты архайæг вæййынц суанг предметтæ дæр: айдæн, къустæ æмæ уидгуытæ, дыргътæ æмæ халсартæ æмæ а. д. Сывæллæттæ, цавæр аргъау, цавæр герой сныв кæндзыстут, уый уæхицæн снысан кодтат?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Куыд хуыздæр æй сныв кæнæм? Ахъуыды-ма йыл кæнæм.

**С.** Аргъауы цымыдисагдæр цау равзарын хъæуы. Аргъауы геройы фæлгонц хъуамæ уа егъау. Йæ удыхъæд, зæрдæхæлар у æви фыдзæрдæ, уый хъуамæ бæрæг уа. *Гæххæтты ма афтидæй цы бынат баззайа, уым та аргъауы æндæр архайджытæ æмæ цаутæ равдисдзыстæм.*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон дарддæр ныв кæнут уæ уарзон геройты, нывтæ кæнут уæ уарзон аргъæуттæм. Цæуыл дзырдтам амæй размæ?

**С.** Цардыуагон æмæ алæмæты аргъæутты тыххæй. Цæрæгойты аргъæутты тыххæй дæр дзырдтам.

**Хъ.** Уарзондзинад æмæ амондыл кæм дзырдæуы, ахæм аргъæуттæ уæ бон ранымайын у?

**С.** «Золушка», «Спящая красавица», «Василиса прекрасная», «Аленький цветочек» æмæ а. д. *(Ирон аргъæуттæ дæр сæм бафтауын хъæуы.)*

**Хъ.** Сæ кæрон цæмæй фæвæййы уыцы аргъæуттæн?

**С.** Чындзæхсæвæй, хъæлдзæгдзинадæй, дзадджын фынгæй.

**Хъ.** Ис, диссаджы хабæрттæ æмæ цаутыл кæм дзырдæуы, ахæм аргъæуттæ. Алы адæймаджы цард дæр иваг у, цымыдисаг цаутæ æмæ æнæнхъæлæджы фембæлдтытæй йемыдзаг. Уыдæттæ æвдыст кæм цæуынц, ахæм агъæуттæ-ма ранымайут.

**С.** «Приключения Буратино», «Приключения Незнайки», «Алисæ диссæгты дунейы» æмæ а. д.
**Хъ.** Цытæ цæуы уыцы аргъæутты?
**С.** Аргъæутты геройтæ æнахуыр уавæрты бахауынц, зындзинæдтæ баййафынц.
**Хъ.** Фæлæ бирæ фыдæвзарæнты фæстæ алцыдæр иттæг хорз фæвæййы. Ахæм аргъæуттæ лæппуты зæрдæмæ тынг цæуынц. Раст нæ зæгъын?
**С.** О. Бирæ тæссаг цаутæ кæм æрцæуы, фæлæ сæйраг герой йе знæгтыл кæм фæуæлахиз вæййы æмæ сæрæгасæй кæм баззайы, æз ахæм аргъæуттæ тынг уарзын.
**Хъ.** Цæуыл нæ ахуыр кæнынц уыцы аргъæуттæ?
**С.** Хъæбатыр æмæ ныфсхаст куыд уæм, зындзинæдтæй куыд нæ тæрсæм.
**Хъ.** Сывæллæттæ, алкæй зæрдæмæ дæр чи цæуы, фæзминаг чи у, уыцы геройты сæйраг миниуджытæ цавæртæ сты?
**С.** Уыдон сты хъæбатыр, ныфсхаст, зæрдæхæлар, цыргъзонд, хъæлдзæг æмæ а. д.
**Хъ.** Æмæ æппæрццæг геройтæ та цавæр миниуджыты хицау сты?
**С.** Фыдзæрдæ, мæнгард, хинæйдзаг, кæрæф, хæлæггæнаг, æгъатыр.
**Хъ.** Бакæсæм-ма ныртæккæ, фысджытæ-аргъаугæнджытæ куыдæй æвдисынц, удыхъæдæй кæрæдзийæ бынтон хицæн чи кæны, аргъæутты уыцы хæларзæрдæ æмæ фыдгæнæг хъайтарты. *(Аргъæуттæй кæсы скъуыддзæгтæ. Сывæллæттæ, хъусгæйæ, уыцы иу рæстæг лæмбынæг кæсынц иллюстрацитæм дæр. Сбæлвырд кæнынц, æппæрццæг хъайтарыл дзырд цæуы æви æвæрццæг.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, аргъауы мидис куы нæ зонай, уæд нывмæ гæсгæ куыд раиртасæн ис, фыдзæрдæ хъайтар у æви хæларзæрдæ, уый?
*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Диссаджы иллюстрацитæ федтам аргъæутты чингуыты. Уæ зæрдæмæ фæцыдысты? Цæмæй?
**С.** Тынг хуызджын сты, уыимæ – бынтон алыхуызон!
**Хъ.** Цыфæнды тæссаг хъайтартæ куы уой, уæд дæр зæрдæмæ тынг цæуынц, нæ? Адæймаджы сæ уындæй æнæмæнг баху-дын кæнынц. Кæсут-ма, зæгъæм, мæнæ ацы бирæгъмæ, йæ дæндæгтæ цы худæджы зыхъхъыр ныккодта! Тæрсут дзы?
**С.** Мурдæр нæ! Тынг зæрдæмæдзæугæ у!
**Хъ.** Ныртæккæ мах нæ ныв дарддæр ахæццæ кæндзыстæм. Нæ уарзон аргъæуттæм иллюстрацитæ кæронмæ фæуыдзыстæм.
*Сывæллæттæ ныв кæннынц, хъомылгæнæг та сæ йæ ныхæстæй разæнгард кæны хæдхуыз фæлгонцтæ фæлдисынмæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, мультфильмты, аргъæуттæм гæсгæ арæзт кинонывты хъайтартæ æдзухдæр архайгæ, дзургæ кæнынц. Уавæр ивгæ цæуы, фæлæ нын мидисмæ гæсгæ æмбæрстгонд вæййы, архайджытæй æдылы, зондджын, хъæбатыр, тæппуд *(æмæ а. д.)* чи у, уый. Афтæ нæу? Уæдæ чингуыты дæр афтæ: сыф сыфы фæстæ кæсæм æмæ хабæрттæ лыстæг…
**С.** Зонæм. Алцыдæр нын æмбæрстгонд вæййы.
**Хъ.** Æмæ иунæг ныв та æнæхъæн аргъауы хабæрттæ куыд равдисæн ис?
**С.** Аргъæутты персонажты бæсты нывы дзуры ахорæны хуыз, персонажы алфамбылай уавæр – зæгъæм, рæсугъд галуан кæнæ та тар хъæд æмæ а. д.
**Хъ.** Лыстæг детальты тыххæй та цы зæгъдзыстут?
**С.** Кæд æмæ аргъауы зæрдæрухсгæнæг цау ис, уæд сныв кæнæм хур, дидинджытæ, рæсугъд æрдз æмæ мæргътæ. Бæллæхы уавæр та банысан кæнæм сау мигътæй, хус дидинджытæй, сау хæлуарджытæ æмæ уырытæй æмæ а. д.
**Хъ.** Тынг раст дзурут. Мæнмæ гæсгæ, сымах хорз нывтæ

бацæттæ кæндзыстут нæ равдыстмæ! Сывæллæттæ, иу хатт ма сфæлхат кæнæм зындгонд нывгæнджыты нæмттæ. Мæнæ ацы чиныг йæ диссаджы нывтæй сфæлыста Юри Васнецов, адон – Евгени Чарушины нывтæ, ацы иллюстрациты автор – Татьянæ Маврина, адон та Канашевичы къухæй рацыдысты.

**С.** Нывгæнджытæ-иллюстратортæй алкæмæн дæр йæхи æрмдзæф ис, уыцы иу аргъаумæ дæр сæ алчи йæхирдыгонау скæны нывтæ.

**Хъ.** Чингуыты нывтæм куы кæсат, уæд-иу сын ныр сæ æрмдзæф базондзыстут!

*25–26 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Дзæнхъа зымæг».**

**Темæ: «Митæхсины галуан».** ***Фантази æмæ фæлгæнæны бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Зымæджы тыххæй зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. Уæлдай хъусдард – зымæгон æрдзы рæсугъддзинадмæ.

– Активон æгъдауæй рæзын кæнын сабиты фантази, фæлгæнæн, фæлгонцадон хъуыдыкæнынад.

– Амонын сын æрдзы рæсугъддзинад уынын æмæ дзы уæлтæмæнад исын. Æрдз куыд хъахъхъæной æмæ йыл аудой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Аллегорион фæлгонцтæ ныв кæнын *(Митæхсин, Митын Дада æмæ а. д.)* æмæ фантазион амаддзæгтæ фæлдисын *(Митын Дадайы галуан, Митæхсины гæнах æмæ а. д.).*

2. Хуызиртасынад. Ахорæны хуыз æнкъарын – уазал гаммæйы фæлгъуызты рапарахат.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл сфæлдисын аргъæутты

ихын, митын кæнæ дзæнхъа галуан – зымæгон аллегорион персонажты цæрæнуат.
**Кусæн фæрæзтæ:** фæндонмæ гæсгæ *(гуашь, мыдадзын мелтæ æмæ акварель кæнæ фломастертæ.)*
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** ихын галуанты хуызджын фæлгонц æмæ фæлгæнæнæй рантысæг зымæгон сурæттæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Зымæгон æрдзы хуызистытæ.
Дзæнхъа дуры къæртт. Дзæнхъа дурæй фæлындæн *(къухдарæн, хъусцæг æмæ а. д.).* Глобус.
**Хуызистытæ:** ихсæттæн нау, айсберг, тюлентæ, кит.
Рæсугъд галуантæ, агъуыстыты нывтæ.
Ихæй конд скульптурæты нывтæ.
Ихсæттæн науы капитан Кучиты Юрийы къам.
Митгæлæбуты нывтæ. Гæххæттæй конд митгæлæбутæ.
Халасæвæрд къалиу *(имитаци).*
Зымæджы темæйыл æмдзæвгæтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(къаннæг æмæ чысыл егъаудæр)*, доны банкæ, къухтæсæрфæн, 12 хуызы фломастертæ кæнæ мыдадзын мелтæ æмæ акварель.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, Ногбоны зæрдæйы уаг уын ис ныртæккæ! Стырæй, чысылæй, адæмæн иууылдæр уарзон у Ног аз. Цы зæгъдзыстут зымæджы тыххæй?
*Сывæллæттæ цыбырæй фæлхат кæнынц зымæджы сæйраг миниуджытæ.*
**С.** Зымæг ахæссы æртæ мæйы – декабрь, январь æмæ февраль. Уыдон афæдзы тæккæ уазалдæр мæйтæ сты. Мит уары, æрдз фынæй кæны æмæ а. д.

**Хъ.** Уымæй тынг раст зæгъут, фæлæ ма уымæй уæлдай цы зæгъæн ис зымæджы тыххæй?
**С.** Уазал, хъызт, митджын, рæсугъд, алæмæттаг æмæ а. д.
**Хъ.** Поэттæ йæ фæхонынц дзæнхъа зымæг. Зымæг, зæгъгæ, уыцы дзырд сымахæн цы нысан кæны?
**С.** Зымæг – афæдзы афон.
**Хъ.** Дзæнхъа зымæг куы зæгъæм, уæд та?
**С.** Уый та йæ рæсугъддзинадыл дзурæг у. Стæй афтæ дæр зыны, цыма цардуд искæуыл дзырдæуы. Цыма Зымæг хуымæтæджы афæдзы афон нæу, фæлæ удгоймаг у.
**Хъ.** Сывæллæттæ, аргъæутты, æмдзæвгæты арæх вæййы афтæ, æмæ адæймаджы миниуджытæй схайджын чындæуы афæдзы афонтæн, æрдзы фæзындтæн. Адæймагау уыдон дæр цыма æнкъарын, архайын, дзурын зонынц. Мах уый тыххæй дзырдтам, аргъæутты кой куы кодтам, уæд. *(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 13-æм темæйы 23–24-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Æрбайхъусут-ма, мæнæ куыд зæгъы поэт:

*Тымыгъ тарæй арв æхгæны,*
*Миттæ, здухгæйæ, цæвы,*
*Куы сырдау фыдниуд ныккæны,*
*Куы сывæллонау кæуы*... Искуыдæр ма тымыгъ ниугæ æмæ кæугæ фæкæны? Уæдæ дзы цæмæн афтæ зæгъы поэт?

*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Зымæгимæ баст цавæр аргъæутты фæлгонцтæ зонут?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Поэтикон фæлгонц аразынæн ссарын рæсугъд зæрдæмæхъаргæ дзырдтæ. Цæй æмæ мах дæр афæлварæм! Цы зæгъæн ис, зæгъæм, миты тыххæй?
**С.** Уары, къæхты бын хъыррыст-хъыррыст кæны. У фæлмæн, пух, урс-урсид, тæмæнкалгæ, уазал æмæ а. д.
**Хъ.** Абарæн та йын цæимæ ис?
**С.** Рог бумбулитимæ, зæхх чи æрбанорста, уыцы хъарм урс хъæццулимæ æмæ а. д.

**Хъ.** Сывæллæттæ, куыд зонут, афтæмæй ма «дзæнхъа зымæг» дæр фæзæгъынц. Куыд уæм кæсы, цæмæн? Ныртæккæ йæ сбæлвырд кæндзыстæм. Уый тыххæй уын æз цыдæр æрбахастон. *(Сабитæм æвдисы дзæнхъа дуры къæртт æмæ дзæнхъаимæ къухдарæн.)* Уæ зæрдæмæ цæуы?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Хæххон дзæнхъа дур цыхуызæн у?

**С.** Хъæбæр, рухсдзыд, авджы хуызæн у.

**Хъ.** Куы йæ слæгъз кæнынц, уæд та бынтон срæсуг вæййы. Цæхæртæ калы. Кæсут-ма! *(Сабитæм æвдисы, къухдарæны цы дзæнхъайы къæртт ис, уый. Дур хуры тынтæм цæхæртæ калы.)*

**С.** Тынг рæсугъд у!

**Хъ.** Кæд дзæнхъа алмаси дуры хуызæн зынаргъ нæу, уæддæр рæсугъд у, æмæ дзы зæрингуырдтæ алыхуызон фæлындæнтæ аразынц.

**С.** Вазæтæ æмæ дзы люстрæтæ дæр кæнынц.

**Хъ.** Тынг раст. Фæлæ, сывæллæттæ, мах дзырдтам зымæджы тыххæй æмæ нæм дзæнхъайы кой дæр дзæгъæлы не ’рцыд. Йæ сыгъдæг æмæ рæсуг æнгæсæй ма уæм цæй хуызæн кæсы?

**С.** Ихы къæрттыты хуызæн.

**Хъ.** Æмæ их та цы у?

**С.** Чи ныссæлы уазалы, уыцы дон.

**Хъ.** Сывæллæттæ, ныр æй бамбæрстат, дзæнхъа зымæг, зæгъгæ, цæмæн фæзæгъынц, уый?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон сымах хъуамæ уæ цæстытыл ауайын кæнат æмæ снывкæнат Зымæджы фæлгонц. Чи зоны, уый уыдзæн Митæхсин, чи зоны – Митын Дада, чи зоны – Зымæг йæхædæг, куыд уæ бафæнда, афтæ. Уæхæдæг равзарут. Зымæджы портрет нывкæнын ма иу хатт фæлвæрдтам, къаддæртæ ма куы уыдыстут, уæд. *(Кæс: Астæуккаг къор-*

*ды 8-æм темæйы 12-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Цы ныв кæндзыстут, ууыл ахъуыды кодтат?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Кæд фæлгонц равзæрстат уæхимидæг, уæд, кæм цæры, уый дæр уæ цæстытыл ауайын кæнут.
**С.** Кæд æмæ Митæхсины сурæт ныв кæнæм, уæд хъуамæ галуаны цæра!
**Хъ.** Дурын галуан у йæ цæрæн?
**С.** Нæ, йæхæдæг митын у, æмæ уæд йæ галуан дæр митæй кæнæ ихæй конд хъуамæ уа. Фыр рæсугъдæй тыбар-тыбур чи кæны, ахæм.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зымæджы тыххæй нæ ныхас дарддæр кæнæм. Афæдзы иннæ афонтæй цæмæй хицæн кæны зымæг?
**С.** Зымæгон уазал вæййы. Мит уары. Алцыдæр ныссæлы…
**Хъ.** Къæвдайы ’ртæхтæ та цы фæвæййынц?
**С.** Ныссæлынц æмæ митгæлæбутæ фестынц.
**Хъ.** Æрмæст къæвдайы дон нæ ныссæлы зымæгон. Суадæттæ æмæ култæ дæр их фестынц. Цæугæдæттæ æмæ цæдтæ ихын хæдæттæ скæнынц. Æмæ уæд, цымæ, кæсæгтæн уазал нæ вæййы?
**С.** Нæ вæййы. Доны уæлцъар цы их сæвæры, уый бын кæсæгтæн хъарм вæййы карз уазæлтты дæр.
**Хъ.** Зымæджы дæргъы стыр цæугæдæттæ дæр уазалы бандзыг вæййынц, наутæн дзы ацæуæн нал вæййы. Цæуын та сæ æнæмæнг фæхъæуы. Æмæ уæд æрбацæуы æндæр сæрмагонд нау, их йæ размæ кæмæн нæ лæууы, ахæм, æмæ сын фæндаг акæны. Уыцы науæн йæ ном дæр йæ уæлæ ис, хуыйны ихсæттæн.
**С.** Ома, их чи сæтты, уый.

**Хъ.** Иттæг раст. Йæ ном æнцон хъуыдыгæнæн у. *(Æвдисы сын арктикон ихсæттæн науы ныв.)* Сымах хъуамæ зонат, бирæ азты дæргъы ихсæттæны капитан кæй уыди не 'мзæххон ирон лæг – Кучиты Юри. *(Йæ къам ын æвдисы.)* Йæ рæстæджы æрцыд иу ахæм цау – газетты йæ фыстой. Мадæл кит йæ лæппынимæ ихты æхсæн фæци æмæ дзы раленк кæнынæн ницыуал фæрæзта. Дон та ихæйихдæр кодта, æмæ дыууæ цæрæгойы къæппæджы бахаудтой. Зæххыцъары алы кæрæтты адæм сæ хъус дардтой уацайрæгты хъысмæтмæ, тыхстысты сыл. Сæ фервæзын кæнынмæ ихсæттæн нау арвыстой, уый сын ихты мидæг фæндаг акодта æмæ сæ фервæзын кодта. Ахæм цаутæ вæййы, гъе, цæгаты! *(Æвдисы сабитæн киты нывтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ ихы бынты цæуылнæ аленк кодта кит йæ лæппынимæ?
**С.** Кит денджызы цæрæгой у, æнæ уæлдæф йæ бон нæу, фæхуыдуг уыдзæн. Уымæ гæсгæ кæсагау йæ бон ихы бынты ленк кæнын нæу.
**Хъ.** Зæххыцъарыл, афæдзы дæргъы хъызт кæм вæййы, ахæм рæттæ ис, дард цæгаты æмæ тæккæ хуссары – Зæххы цæгат æмæ хуссар полюсты. *(Æвдисы сæ глобусыл.)* Уыдон кæддæриддæр мит æмæ ихæй æмбæрзт сты, их быдыртæ дæр сæ уымæн хонынц. Рæстæгæй-рæстæгмæ океаны их æртайы, егъау къæрттытæ дзы расхъис вæййы, æмæ уыдон денджызты зилдух кæнын райдайынц. Уыцы ленкæнæг ихы стыр къæрттытæ хуыйнынц айсбергтæ. Айнæг къæдзæхты хуызæн сты, наутæн – тæссаг. *(Æвдисы айсбергты нывтæ.)*
**Хъ.** Наутæн тæссаг сты айсбергтæ, фæлæ уыйхыгъд пингвинтæ æмæ моржты зæрдæмæ та тынг цæуынц – сæ уæлæ денджызы уылæнтыл тезгъо кæнынц. *(Æвдисы нывтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ныр та æркæсæм, амæй размæ кæй скодтат, уыцы нывтæм. *(Райуæрста сын сæ нывтæ.)*
**С.** Мах сныв кодтам зымæгон фæлгонцтæ æмæ цæрæнтæ:

Митæхсин, Митын Дада, Миттымыгъ; ихгалуан, митгалуан…
**Хъ.** Кæронмæ сыл бакусæм. Сывæллæттæ, диссаджы галуантæ снывкодтат! Кæм сты, цымæ? Уыцы галуанты цæрджытæн сæ цæрæнбæстæ цы ран ис?
**С.** Цæгаты, митын бæстæйы. Зымæгон хъæды митæмбæрзт зазты астæу. Аргъæутты дзæнхъа дыргъдоны!
**Хъ.** Уæдæ хъæд куы ныв кæнæм, уæд цыхуызæн хъуамæ уа? *(Æвдисы зымæгон æрдзы нывтæ.)*
**С.** Митæмбæрзт.
**Хъ.** Хъæд сныв кæныны фаг бынат уæ гæххæтты сыфыл нæй, фæлæ дзы цалдæр митæмбæрзт зазы бацæудзысты. Цæмæй уæ ныв бынтондæр зымæгон хуыз райса, уый тыххæй ма йын цы нæ фаг кæны?
**С.** Мит, мит! Бирæ митгæлæбутæ! *(Хъомылгæнæг сын æвдисы митгæлæбуты нывтæ, гæххæттæй конд митгæлæбутæ.)*

*27–28 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Зымæгон хъæзтытæ».**
**Темæ: «Спортивон хъæзтытæ». *Царды тæлмæнтæ æмæ хъусдарды бындурыл нывкæнынад.***
**Нысан:**

– Зымæгон улæфт, æнæниздзинадæн пайда зымæгон хъæзтытыл ныхас. Зымæгон спорты хуызтæ. Зымæгон Олимпиадæ – спорты æппæтдунеон бæрæгбон.
– Адæймаджы буарыконд, йæ буары пластикæ, йæ фезмæлдтыты рæсугъддзинадмæ хъус дарын æмæ йæ зæрдыл дарын, цæмæй йæ дæ нывы раст равдисай.
– Спорты ахадындзинад адæймаджы царды, сабитæн спорт уарзын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын.

Адæймаджы змæлд *(хоккейæ хъазгæйæ, къахкъæлæттыл быргæйæ æмæ а. д.)* раст равдисынмæ тырнын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты фæрцы хъазты цин равдисын *(адæймæгты сурæттæ сæ ирд дарæсæй бæрæг дарынц урс митыл æмæ а. д.)*.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл сныв кæнын: цалдæр спортсмены ерысты рæстæг кæнæ та сабитæ тæлфаг хъазт кæнгæйæ. Сæ эмоционалон уавæр сын равдисын, сæ алыварс æууæлтæ банысан кæнын.
**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ, чи зоны, гуашь ахорæнтæ дæр.
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон *(ахуырст элементтимæ)*.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хуызистытæ *(къамтæ)*: спортсментæ спорты зымæгон хуызты архайгæйæ *(хоккей, къахкъæлæттæ æмæ къахдзоныгъты спорт, биатлон æмæ æнд.)*; стадион; Олимпаг хъæзтыты рæстæг; чемпионтæ.
Олимпаг хъæзтыты символикæ.
Темæмæ гæсгæ нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ, скульпторты куыстыты хуызистытæ, 7–8-аздзыд сабиты нывтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Зымæгон ирон бæрæгбæттæ. Зымæгон хъæзтытæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах зымæгыл тынг фæцин кæнут. Цæмæн?

**С.** Зымæгон бирæ бæрæгбæттæ вæййы. Зæрдиагæй фæхъазæм, наз бæласы алыварс фæкафæм, Митын Дада нын лæвæрттæ байуары.
*(Кæс: Кæстæр къорды 7-æм темæйы 14-æм ахуыр; Астæуккаг къорды 8-æм темæйы 13-æм ахуыр; Хистæр къорды 13-æм темæйы 27– 28-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, куыд хъуыды кæнут, Ирыстоны фыццаг заманы Ног аз бæрæг кодтой?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Зымæгон тезгъотæ æмæ тæлфгæ хъæзтытæ æнæниздзинадæн тынг пайда сты. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 8-æм темæйы 15–16-æм ахуыртæ.)*
**С.** Зымæгон уæлдæф тынг сыгъдæг вæййы. Микробтæ дзы нæй æмæ йæ улæфын пайда у.
**Хъ.** Цавæр хъæзтытæ фæкæнут зымæгон?
**С.** Миты къуыбæрттæй фæхъазæм, дзоныгъыл, къахдзоныгътыл фæбырæм. Миты дæхи куы сæвдулай, уæд дæр не 'счъизи уыдзынæ!
**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ уын уазал нæ вæййы хъызты?
**С.** Нæ вæййы! Тæлфгæйæ куыд хъуамæ суазал уай? Фæлæ уæддæр хъарм дарæс скæнын фæхъæуы, цæмæй ма фæрынчын уай. Зымæгон тынг хъæлдзæг вæййы!
**Хъ.** Æрмæст сабитæ фæбырынц къахдзоныгътыл зымæгон?
**С.** Хистæртæ дæр фæбырынц. Мæн мæ фыд сахуыр кодта. Зымæгон спорты хуызтæй сæрмагонд ерыстæ дæр вæййы.
**Хъ.** Мах спортсменты нывтæ кодтам, спорты алы хуызты тыххæй дзырдтам.
*(Кæс: Хистæр къорды 19-æм темæйы 37–38-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Ныртæккæ та сбæлвырд кæнæм, цавæртæ зонут, уый. *(Æвдисы нывтæ.)*
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Цы спорты хуызтыл дзырдтам абон, уыдон ииуыл-

дæр фыдæбон домынц, цæмæй спортсменты къухы æнтыстдзинæдтæ бафта, уый тыххæй. Æнæ фыдæбонæй спортсмен æнтыстджын нæ вæййы. Сывæллæттæ, абон сымах уæ нывты равдисдзыстут сабиты зымæгон хъæзтытæ, къахдзоныгътыл, дзоныгъыл куыд бырынц, митын лæг куыд аразынц, уый. Зымæгон спорты хуызтæ хорз чи зоны, уый та йæ нывы равдисæд спортивон ерыстæ. Спортивон темæйы нывы ахсджиагдæр цы у?
**С.** Змæлд. Спортсменты сурæттæ змæлгæйæ равдисгæ сты.
**Хъ.** Уæ хъус æрдарут спортсменты дарæсмæ дæр – хуызджын дзаума хорз фидауы митын фоныл.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах зонут, зæххыл, зымæг кæм никуы вæййы, адæм, мит цы у, уый кæм нæ зонынц, ахæм бæстæтæ кæй ис. Ранымайдзыстут сæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Уæрæсемæ куы ’рбафтынц, уæд зымæгон æрдзы рæсугъддзинадыл дистæ фæкæнынц. *(Æвдисы зымæгон æрдзы нывтæ.)*
**Хъ.** Уæрæсе тынг егъау бæстæ у. Йæ фылдæр хайы вæййы дæргъвæтин зымæг. Адæм ыл ахуыр сты æмæ йæ уарзынц. Зымæгон хъæзтытæм стырæй, гыццылæй хорз арæхсынц. Спорты зымæгон хуызты йæ бæстæйæн стыр кад чи скодта, ахæм зындгонд спортсментæ нæм бирæ ис. Уыдон æнтыстджынæй архайынц зымæгон Олимпиадæты. Сымах зонут, сæрдыгон Олимпиадæ дæр ма кæй вæййы, уый.
*(Кæс: Хистæр къорды17-æм темæйы 37–38-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Радзурут-ма, уæ зæрдыл дзы цы бадардтат?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æз уын цалдæр нывы равдисдзынæн æмæ мын зæгъдзыстут, цы дзы уынут, уый тыххæй.

*(Æвдисы нывтæ: олимпаг арт,олимпаг символикæ, олимпаг майдантæ.)*
*Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц.*
**С.** Олимпаг хъæзтытæ вæййынц цыппар азы иу хатт, алы хатт дæр – æндæр бæстæйы. Алы бæстæтæй уыцы ранмæ æрæмбырд вæййынц хуыздæр спортсментæ.
**Хъ.** Тынг раст. Олимпаг хъæзтыты фысым чи вæййы, уыцы бæстæ сæм биноныг йæхи бацæттæ кæны. Куыд?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ерыстæ куы ахицæн вæййынц, уæд та цы вæййы?
**С.** Кадджын уавæры чемпионтæн раттынц майдантæ, уæлахиздзауты бæстæйы гимн айзæлы, йæ тырыса йын хæрдмæ сисынц.
**Хъ.** Амæй размæ скодтат спортсменты нывтæ, абон та æмбæлы, сæ архайдмæ сын цымыдисæй чи фæкæсы, уыдоны, стæй ерысты тæрхонгæнджыты нывтæ дæр скæнын. Сабиты чи ныв кодта, уый та йæ ныввы биноныг равдисæд, кæм хъазынц, уыцы бынат дæр, зæгъæм, уæ кæрт.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 8-æм темæйы 11-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Цы сныв кæндзыстæм?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ныв кæнæм дарддæр. Стадионы трибунæтыл адæм бирæ вæййы, сæ къухты – тырысатæ, плакаттæ. Се 'ппæты равдисæн, кæй зæгъын æй хъæуы, нæй, фæлæ æнæ уыдон спортивон бæрæгбон нæ фидауы. Куыд сæ равдисдзыстæм нæ ныввы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ныв кæнгæйæ, сымахæй алчидæр, йæ бон у, æмæ йæ фантази скусын кæна – цыма зындгонд хоккеист кæнæ къахдзоныгътылуайæг у, афтæ йæхи банкъара… Цæуылнæ хъуамæ? Сывæллæттæ, зæгъутма, Дзæуджыхъæуы ахæм бынат ис, афæдзы афон нæ хынцгæйæ, зæгъæм, къахдзоныгътыл бырæн кæм ис?

**С.** Бæгуыдæр! Дзæуджыхъæуы ис сæрмагонд галуан бырæн ихимæ. Сæрдыгон дæр дзы, цыма зымæг у, афтæ уазал у.
**Хъ.** Сывæллæттæ, исчи уæ уым вæййы йæ ныййарджытимæ? Чи зоны, исчи уæ хоккейæ дæр хъазы, нæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ирыстоны хæхты сæрдыгон дæр диссаджы уавæртæ ис къахкъæлæттæ æмæ къахдзоныгътыл бырынмæ. Цæмæн, уый, æвæццæгæн, зонут. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ.)*
**С.** Хæхты цъититæ тайгæ нæ кæнынц, стæй дзы сæрдыгон дæр ис мит.
**Хъ.** Нывгæнджытæн кæддæриддæр цымыдисаг уыди, адæймаджы сурæт змæлгæйæ, йе змæлды рæсугъддзинад ын равдисын. Сымах дæр уæ нывты уымæ тырнытдат æмæ уын æнтысгæ дæр бакодта!

*29–30 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фондз æнкъарæны».**
**Темæ: «Стонг гæдыйы мæргътæн мæстæймарын не 'мбæлы».** ***Рагагъоммæйы хъусдард æмæ комкоммæ тæлмæнты (æрдзон æрмæг уырзæй банкъаргæйæ) бындурыл нывкæнынад.***
**Нысан:**

– Алфамбылай дуне зоныны æууæлтæ – адæймаджы фондз æнкъарæны.
– Сабиты ахуыр кæнын кæрæдзиуыл барын, анализ кæнын, иумæйаг æмæ хицæн æууæлтæ иртасын.
– Адæймаджы буарыскондимæ сабиты зонгæ кæнын, йæ фондз æнкъарæны хъомыс сын æмбарын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Зонгæ предметтæ ныв кæнын *(гæды æмæ мæргътæ)*, æнкъарæнты æнæхъæн спектр зæрдыл даргæйæ.

2. Хуызиртасынад. Ахорæны фæрцы равдисын гæдыйы фæлмæн хъуын æмæ мæргъты хъæдабæхуыз систæ, стæй уыимæ – зæлон тæлмæнтæ *(уасын, хъырнын, цъыбар-цъыбур, хъуахъ-хъуахъхъ).*
3. Композици. Гæххæттыл скæнын гæды æмæ маргъы *(мæргъты)* нывтæ конфликтон уавæры: æххормаг гæды тæхаг мæргътæм ныхъхъавыди *(фæсте сæ фæсуры)* кæнæ та тæхаг мæргътæ æфсæст гæдыйы хæринæгтæ давынц æмæ а. д.
**Кусæн фæрæзтæ:** æмхæццæ.
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, контурон формæ уыйфæстæ сахоргæйæ.
**Фæлгонцадон уаг:** цæрæгойты цæстахадгæ фæлгонц эмоционалон уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Цалдæр алыхуызон хуымæтæг предметы *(дыргътæ, хæдзары дзауматæ, хъазæнтæ)* æмæ цалдæр, сабитæ хорз кæй нæ зонынц, ахæм æнахуыр предметы *(хъомылгæнæнджы фæндонмæ гæсгæ).*
Алыхуызон зæлтæ пленкæйыл фыстæй.
Гæды æмæ алыхуызон мæргъты хуызистытæ.
Хъуынджын цармы гæбæзтæ æмæ мæргъты систæ.
Нывгæнджыты иллюстрацитæ гæдытæ æмæ мæргъты нывтимæ сабиты чингуыты. 7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(рæстæмбис æмæ къаннæг)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн, пастель кæнæ хуызджын мел.
**Рагагъоммæйы куыст.** Хуыздæр уаид, ныв кæнгæйæ сын æцæг гæды æмæ къалатийы мæргътæм кæсыны фадат куы уаид, уæд.

### 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон æрдзурдзыстæм, адæймаг йæ алыварс дуне куыд æнкъары, уый тыххæй. Мæнæ нæ разы, хорз зындгонд нын чи у, ахæм предметтæ. Цæмæй уыдоны тыххæй нæ хъуыды бынтон æххæстæй зæгъæм, уый тыххæй цы хъæуы?

**С.** Раздæр уал предметмæ хъуамæ лæмбынæг æркæсæм æмæ базонæм, цы у, уый.

**Хъ.** Æмæ цы федтат?

*Сывæллæттæ кæсынц предметтæм æмæ стæй дзурынц сæ хъуыдытæ.*

**Хъ.** Цæй фæрцы федтам уыцы предметтæ?

**С.** Нæ цæстыты фæрцы.

**Хъ.** Цы базыдтат уыцы предметты тыххæй уæ цæстыты фæрцы?

**С.** Цавæр предметтæ сты, ноджы ма – сæ ас, сæ формæ, сæ хуыз. Цæмæн хъæуынц, уый дæр.

**Хъ.** Мæнæ ацы предмет, зæгъæм, у фæткъуы. У тымбыл, рæстæмбис, сырх. Уыйадыл нæ иртасæн куыст фæцис?

**С.** Нæ фæци, йæ ад цыхуызæн у, уый дæр ма нæ фæнды базонын!

**Хъ.** Æмæ йæ куыд хъуамæ базонæм?

**С.** Ахæрын дзы хъæуы.

**Хъ.** Гъемæ дзы уæдæ ацаходæм.

Фæйнæ къаннæг кæрдихы раттын хорз уаид сабитæн, цæмæй йын ад йæ базоной.

**Хъ.** Сывæллæттæ, алцыдæр æмбæлы адæй уынын хъæуы? Цæуылнæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ æнæзонгæ предметтæ сбæлвырд кæнынæн дæр æрмæст цæстытæ фаг сты?

**С.** Адæймаджы ма сæ уырзтæй æрысгарын дæр фæфæнды, цæмæй конд у, зæгъгæ.

**Хъ.** Айсут, уæ уырзтæй сæ фенут.

*Сывæллæттæ æвналынц æнæзонгæ предметтæм æмæ, цы сты, цæмæн хъæуынц, уый раиртасынил архайынц.*
**Хъ.** Къухæй йæм куы бавналай, уæд предметы тыххæй цы зæгъæн ис?
**С.** Уæззау у æви рог. Дæрзæг у æви лæгъз, пух у æви къухты ныхсгæ кæны.
**Хъ.** Уыдæттæ мах базыдтам, не 'нгулдзты мидæг цы сгарæн нервытæ ис, уыдоны фæрцы. Цы ма базонын хъæуы предметы тыххæй?
**С.** Йæ тæф.
**Хъ.** Цавæр тæфтæ вййы?
**С.** Æхсызгон, хæрздæф, зæгъæм, дыргъты, адджинæгты æмæ а. д. Ис, адæймаг хуыдуг кæмæй кæны, ахæм хъылма тæфтæ дæр.
**Хъ.** Æмæ тæф та цæй фæрцы хатæм?
**С.** Нæ фындзы!
**Хъ.** Къухæй бавналæн цæмæ ис, уымæн йе сныв кæнын дæр æнцондæр у. Кæс æмæ ныв кæн. Фæлæ, дæ разы цы нæй, уый куыд сныв кæндзынæ? Зæгъæм, дæ гæдыйы сныв кæнын дæ фæнды, фæлæ хæдзары нæй – кæрты тезгъо кæны…
**С.** Дæ цæстытыл æй ауайын кæн æмæ йæ афтæмæй сныв кæн.
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, гæдыйы уаст æмæ нын йæ хъырнын та нæ буары цавæр оргæны фæрцы базонæн вæййы?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Тынг раст! Уынут, не 'нкъарæн æргæнтæ куыд ахсджиаг сты! Иу хатт ма сæ ранымайæм!
**С.** Нæ цæстытæ, нæ фындз, нæ хъустæ, нæ уырзтæ, не 'взаг!
**Хъ.** Иттæг раст! Ныр та ныв кæнынмæ бавналæм. Абон уал гæды æмæ мæргъты сныв кæнæм, сæ миниуджытæ сын нæ нывты равдисæм.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Амæй размæ ахуыры мах базыдтам, æнкъарæн оргæнты руаджы, нæ разы цавæр предмет ис, уый æнцонæй кæй раиртасдзыстæм, уый. Мæн фæнды, цæмæй мæнæ ахæм уыци-уыцитæ базонат… *(Хъуысынц магнитофоны пленкæйыл фыст алыхуызон зæлтæ.)*

**С.** Гæды уасы. Цъиу цъыбар-цъыбур кæны. Машинæ скуыста. Мыдыбындз гуыв-гуыв кæны.

**Хъ.** Цалынмæ йæ ныв кæнын нæ райдайы, уæдмæ нывгæнæг бирæ рæстæг лæмбынæг фæкæсы объектмæ. Куыд уæм кæсы, цæмæн?

**С.** Цæмæй йæ бæстон фена æмæ йæ зæрдыл бадара. Уæд йæ ныв хуызæн рауайдзæн.

**Хъ.** Фæлæ нывгæнæг, цæстæй цы фены, йæ нывы æрмæст уый нæ равдисы. Предмет кæнæ фæзынды тыххæй цы зоны, уый дæр ма йæ равдисын фæфæнды йæ нывы. Зæгъæм, уарын куы ныв кæна, уæд, цæстæй цы уыны, уымæй уæлдай ма цы равдисдзæн?

**С.** Уазал къæвда у æви хъарм, арв нæры æви нæ.

**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, ахорæнты руаджы зæлтæ дæр равдисæн ис?

**С.** О. Мах алыхуызон музыкæмæ хъуыстам æмæ йæ ахорæнтæй ныв кодтам.

*(Кæс: Хистæр къорды 2-аг темæйы 3–4-æм ахуыртæ.)*

**С.** Мах ныв кодтам дидинджытæ æмæ сын канд сæ рæсугъддзинад не ’вдыстам, фæлæ сæ хæрздæф дæр. Дыргътæ æмæ халсартæн дæр афтæ.

*(Кæс: Кæстæр къорды 14-æм темæйы 26-æм ахуыр; Кæстæр къорды 3-аг темæйы 5-æм ахуыр.)*

**Хъ.** Æцæгдæр, нывгæнæг йæ нывы равдисы ад, тæф, зæл, рухс, хъарм, уазал. Суанг ма, цæстæй кæй нæ уынæм, уыцы дымгæйы радымд дæр. Ис ахæм хуызтæ, æмæ кæрæдзи

«нæ уарзынц», æмæ сæ нывгæнæг исты æвзæр, æнад, æнахъинондзинад равдысыны тыххæй спайда кæны.
*Хъомылгæнæг æвдисы хуызæгтæ.*
**Хъ.** Абон дарддæр ныв кæндзыстæм гæды æмæ мæргъты фæлгонцтæ. Алкæмæн дæр уæ йæ гæды æндæрхуызон у: кæмæн æххормаг у, кæмæн – æфсæст. Зæгъут-ма, мæргътæн æххормаг гæдыйы мæстæй марын æмбаргæ ми у?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Кæронбæттæны ма иу хатт зæгъæм, нæ гæдыйы тыххæй нын алцы базонын цавæр æнкъарæн оргæнтæ бахъуыс кодтой?
*Сабиты дзуаппытæ.*

*31–32 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Ирыстоны аивад».**
**Темæ: «Нывгæнæджы портрет»** ***(«Фæнды мæ нывгæнæг суæвын»). Информаци æмæ хи аивадон фæлтæрддзинады бындурыл ныв кæнын.***
**Нысан:**

– Нывкæныны аивады алы хуызты тыххæй сабиты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын: «фæзон» *(хуызджын аивад, графикæ)* æмæ «гуырахстон» *(скульптурæ, декоративон-æрмион аивад).*

– Рæзын кæнын сабиты аналитикон хъуыдыкæнынад *(барын, иртасын зонын).*

– Нывкæнынады алы хуызтæ æмбарынæл сæ фæцалх кæнын. Уацмыс йæ аивадон æмвæзады æууæлтæм гæсгæ æвзарын куыд зоной, хорз æмæ æвзæр кæрæдзийæ куыд иртасой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. Цæстахадгæ фæлгонц сфæлдисын, йæ алфамбылай ха-

рактерон детальтæй спайда кæнын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты руаджы равг банысан кæнын, нывгæнæджы æрмадзы сæрмагонд дуне равдисын.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл скæнын адæймаджы фæлгонц *(скульптор, нывгæнæг, керамист)* йæ куысты уæлхъус.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь кæнæ фломастертæ *(фæндонмæ гæсгæ).*
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын кæнæ графикон.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, адæймаджы цæстахадгæ фæлгонц куысты рæстæг йæ æрмадзы, йæ алыварс – нывтæ, дурынтæ, скульптурæтæ æмæ а. д.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Аивады алы хуызтæ æвдисæг цæстуынгæ рæнхъ – ирон нывгæнджыты куыстыты репродукцитæ, скульптурон æмæ æндæр сфæлдыстадон уацмыстæ.
Рагон *(скифаг æмæ сæрмæттаг)* аивады хуызæгты хуызистытæ.
Нывæфтыд дурынтæ, аивадон кусæнгæрзтæ.
Тугъанты Махарбеджы номыл æмæ æндæр музейты интерьерты хуызистытæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн. 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ рагацау скæнын алыхуызон дурынтæ æмæ цæрæгойты сурæттæ пластилинæй.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон мах бакæсдзыстæм зындгонд ирон нывгæнджыты уацмыстæм æмæ бацархайдзыстæм, нывгæнæг цавæр дæсныйад у, уый бамбарынил.

**С.** Нывгæнæг у, йæ къухтæй рæсугъддзинад сфæлдисын кæмæн у йæ бон, ахæм адæймаг.
**Хъ.** Тынг раст, нывгæнæг у, аивадон уацмыстæ чи фæлдисы, уыцы адæймаг. Зæгъæм, цавæртæ?
**С.** Хуызджын кæнæ графикон уацмыстæ. Уыдонæн ис къулыл сауындзæн.
**Хъ.** Сывæллæттæ, нывгæнджытæ ныв фæкæнынц æрмæст? Зæгъæм, къулыл æрцауындзæн кæй нæй, ахæм аивадон уацмыстæ дæр ис.
**С.** Уыдон скульптурæтæ сты. Къулыл сын æрцауындзæн нæй – гуырахстон сты.
**Хъ.** Фæзон аивадон уацмыстæй цæмæй хицæн кæнынц? *(Æвдисы нывты, графикон куыстыты репродукцитæ æмæ къаннæг пластикæйы хуызæгтæ.)*
**С.** Нывгæнæг ахорæнтæй кæнæ æндæр техникон æрмæджытæй ныв кæны гæххæттыл, скульптор та æлыгæй, хъæдæй, дурæй, æфсæйнагæй кæны алыхуызон скульптурæтæ. Уыдон вæййынц стыртæ кæнæ гыццылтæ, фæлæ сæм алырдыгæй дæр бакæсæн ис. Сæ алыварс æрзил æмæ сæм бакæс. Фæзон фæлгонцтæм та æрмæстдæр иуæрдыгæй ис бакæсæн.
**Хъ.** Ныв зæххыцъары диссæгтæй иу у! Ахъуыды-ма кæнут: хуымæтæг сыгъдæг гæххæтты сыфмæ нывгæнæджы къух куы бахæццæ вæййы, уæд ыл алыхуызон фæлгонцтæ февзæры, хуры тынтæ йыл анхъæвзынц. *(Æвдисы нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ. Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц. )*
**Хъ.** Ныв кæнынæн сæрмагонд æрмæджытæ æмæ кусæнгæрзтæ хъæуы. Цавæртæ?
**С.** Къæрандæстæ æмæ ахорæнтæ, хъисойтæ æмæ палитрæ хъæуынц нывгæнæджы, скульпторы та хъæуы æлыг, мармæр, архайæн сæрмагонд цыргъаг, стекæ хуыйны, стæгæй кæнæ хъæдæй æмæ а. д.

**Хъ.** Сывæллæттæ, уыцы æрмæджытæ æмæ кусæнгæрзтæ сты, зæгъгæ, уæд чифæнды дæр аивадон уацмыс сфæлдисдзæн?
**С.** Нæ, ууыл бирæ ахуыр кæнын хъæуы. Хъуамæ раздæр бирæ цыдæртæ базонай.
**Хъ.** Абон, нывгæнджытæ куыд кусынц, сæ уацмыстæ куыд фæлдисынц, уый куы равдисиккат уæ куыстыты, уый мæ фæнды.
**С.** Къостайы нывтыл куы дзырдтам амæй размæ, уæд нæм афтæ касти, цыма йæ разы лæууæм æмæ, куыд кусы, уымæ кæсæм.
*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 4-æм темæйы 7–8-æм ахуыртæ.)*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах дзырдтам нывгæнæджы дæсныйады тыххæй æмæ базыдтам, афтæ кæй хонынц, аивады алы къабæзты чи архайы æмæ рæсугъддзинад йæхи къухтæй чи аразы, уыцы адæймæгты.
**Хъ.** Рæсугъддзинад та цæмæн хъæуы, æнæ уый цæрæн нæй?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Раст дзурут. Адæймаг рагæй фæстæмæ дæр рæсугъддзинадмæ тырныдта. Хæдзары дзауматыл дæр алыхуызон нывæфтыдтæ кодта. *(Æвдисы архелогты ссарæггаг алыхуызон рагон предметты нывтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, нырыккон нывгæнæг ма, кæй ранымадтам, уыдон йеддæмæ цæуылты кусы? Æркæсæм-ма. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ.)*
**С.** Нывгæнджытæ хъуыды кæнынц, хæдзары чи хъæуы, ахæм рæсугъд дзауматæ, рæсугъд дарæс, сылгоймаджы фæлындæнтæ æмæ а. д.

**Хъ.** Нывгæнæг цæмæдæриддæр бавналы, уый срæсугъд кæны. Хуымæтæджы æлыгæй, зæгъæм, уый саразы диссаджы рæсугъд мигæнæнтæ. Хуымæтæджы дурынтыл ахæм нывæфтыдтæ скæны, æмæ сæм адæймаг кæсынæй не 'фсæды. *(Хуызæгтæ æвдисы.)* Сывæллæттæ, нæ горæты уынгты æмæ фæзты скульптурæтыл уæ цæст æрхæцыд?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Нывгæнæг йæ нывтæ та цы хуызы æрымысы? Мах уый тыххæй амæй размæ дæр дзырдтам.
**С.** Йæ алыварс цыдæриддæр цымыдисагæй уыны, уыдонмæ лæмбынæг кæсы æмæ сæ йæ зæрдыл дары. Уацмыс раздæр йæ сæры равзæры, стæй йыл уæд кусын райдайы.
**Хъ.** Уыцы иу темæйыл нывгæнджытæй алчидæр йæхирдыгон уацмыс скæндзæн. *(Æвдисы хуызæгтæ.)* Алы аивадон уацмыс дæр зыбыты иунæг æмæ хæдхуыз у. Уымæн сын ис стыр аргъ.
**С.** Мах дæр куы фæныв кæнæм нæ къорды, уæд алы саби дæр йæхирдыгонау равдисы темæ. Уымæ гæсгæ нын кæрæдзи куыстытæ фенын цымыдисаг вæййы.
**Хъ.** Ныв кæнæм дарддæр. Цæуыл дзырдтам, уыдон равдисынæй бацархайут уæ нывты.
Сывæллæттæ, нывгæнджытæ скæнынц нывтæ, сфæлдисынц аивады алыхуызон уацмыстæ, фæлæ сын фенæн та кæм ис?
**С.** Къулыл сæ æрцауындзынц, цæмæй рæсугъд уа, хъахъхъæнынц сæ, цæмæй сыл мацы фыдбылыз æрцæуа.
**Хъ.** Раст зæгъут! Аивадон уацмыстæн сæрмагонд агъуыстытæ дæр аразынц, цæмæй сæ фенынц фадат алкæмæн дæр уа. Аивадон музейтæ ис алы бæстæйы дæр. Сæ зындгонддæртæ: Лувр − Парижы, Эрмитаж − Санкт-Петербурги, Третьяковы галерея − Мæскуыйы. Нæ горæты дæр ис равдысты залтæ. Ис дзы Аивадон музей, уый хæссы зындгонд ирон нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы ном. *(Æвдисы алыхуызон музейты интерьерты хуызистытæ.)*

**Иумæйаг темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**

**Темæ: «Æфсæддон парад». *Информаци æмæ цæстуынгæ æрмæджы бындурыл ныв кæнын.***

**Нысан:**

– Уæрæсейы хотыхджын тыхты тыххæй ныхас. Æфсæдты хуызтæ фæлхат кæнын.

– Ног исты базонынмæ сабиты разæнгард кæнын.

– Уарзондзинад Райгуыræн бæстæмæ. Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæй аргъуыц куыд кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. Ритм музыкæйы æмæ ритм нывкæнынады. Уæлдай хъусдард – къахдзæфцыдгæнæг салдæтты ритмикон лæудмæ.

2. Хуызиртасынад. Бирæ къаннæг фæлгонцтæ фæлдисгæйæ ахорæнтимæ архайын фæзын уыдзæн, уымæ гæсгæ графикон куыст скæнын *(цалдæр кадавар ахорæнæй йæм базил, афтæмæй)* хуыздæр уыдзæн.

3. Композици. Бирæфигурон композици. Адæмы, æфсæддонты, стыр къорд æфсæддон парад кæнæ та маршировкæйы рæстæг.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, контурон формæйы фæлгæты мидæг – ахуырст элементтæ.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Æфсæддон зарæг, марш пленкæйыл фыстæй. Æфсæддонты, æфсæддон парады, æфсæддон оркестры хуызистытæ.

Уадынгæрзты хуызистытæ.

Хъазæн уадынгæрзтæ: удæфонтæ – хæтæл *(труба)*,

ærдзæфонтæ – гуымсæг *(барабан).*
7–8-аздзыд сабиты нывтæ æфсæддон темæйыл.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3. 12 хуызы фломастертæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон нæ ныхасы сæр сты нæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ. Куыд уæм кæсы, цæмæ?
**С.** Уымæн æмæ тагъд нæлгоймæгты бæрæгбон уыдзæн: 23 февралы Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты бон у.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 13-æм темæйы 19-æм ахуыр; Хистæр къорды 18-æм темæйы 39–40-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Æфсæддон службæ тынг зын æмæ вазыгджын у, салдæттæ æмæ афицертæй домы æдзухдæр сæхиуыл кусын, хъæддых æмæ хъæбатыр уæвын. Сывæллæттæ, амæй размæ дзырдтам, спортсментæ æдзухдæр сæхиуыл кусынц, цæмæй тыхджын æмæ цæрдæг уой, зæгъгæ. Салдæтты та цæмæн хъæуы сæхиуыл кусын?
**С.** Салдæттæ дæр хъуамæ тыхджын, цæрдæг æмæ арæхстджын уой, хъуамæ хъæбысæй хæцынмæ дæр арæхсой æмæ хæстон техникæ æмæ хæцæнгæрзтимæ архайын зоной.
**Хъ.** Æфсады службæ кæнын цæмæн хъæуы?
**С.** Нæлгоймаг хъуамæ йæ бæстæ бахъахъхъæнынмæ кæддæриддæр цæттæ уа.
**Хъ.** Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм афицертæ æмæ салдæтты дарæс. *(Æвдисы алыхуызон æфсæддон хæйтты хуызистытæ. Дарæсы детальтæ æмæ хуызмæ сабиты хъус æрдары. Сывæллæттæ фæлхат кæнынц æфсæдты хуызтæ.).*
Хъ. Ныв кæнын райдайæм. Снывкæнæм, салдæттæ кæнæ æфсæддон оркестр парады куыд фæцæуынц, уый. Цæмæй уæ цæстытыл ауайа, уый тыххæй та уын æз музыкæ сæвæрдзынæн. *(Æфсæддон маршы, æфсæддон зарæджы*

*зæлтæ.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма, æфсæддон музыканттæ цавæр уадынгæрзтыл цæгъдынц?

**С.** Гуымсæг дæр сæм вæййы, алыхуызон хæтæлтæ дæр – стыртæ æмæ къаддæртæ.

*Хъомылгæнæг æвдисы уадынгæрзты нывтæ.Сабитæ разæнгардæй сæ нывтыл архайынц.*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ кæй райдыдтам, уыцы нывтæ абон фæуын хъæуы. Цæуыл дзырдтам? Цы ныв кодтам?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Уыцы темæйыл ма мах нывтæ кодтам. Ныртæккæ, табу Хуыцауæн, хæсты рæстæг нæу. Уæдæ нæ цæмæн хъæуынц æфсæддон хæдтæхджытæ, танктæ, наутæ æмæ а. д.?

**С.** Хæцæнгарз æмæ нæ ног æфсæддон техникæ уымæн нæ хъæуынц, æмæ нæхи хæстмæ цæттæ кæнæм. Уыдон нæ уымæн хъæуынц, цæмæй бахъуаджы сахат кæддæриддæр нæ бæстæ знагæй бахъахъхъæнынмæ цæттæ уæм.

*(Кæс: Хистæр къорды 18-æм темæйы 39–40-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Æцæгдæр афтæ у. Бæстæ тыхджын куы уа, уæд ын аргъуыц кæнынц, йæ ныхасмæ йын хъусæг вæййы. Лæмæгъ паддзахады уавæр бынтон æндæр у. Сывæллæттæ, сымахимæ ма ноджы дзырдтам паддзахадон арæнты тыххæй дæр, картæмæ сæм кастыстæм. Хъуыды ма йæ кæнут?

**С.** Зæххыцъар иууылдæр сæ арæнтæй дихгонд цæуы хицæн паддзахæдтыл. Арæнгæрон чи службæ кæны, уыцы æфсæддонтæ хуыйнынц арæнхъахъхъæнджытæ.

**Хъ.** Тыхджын æмæ фидар паддзахад, хæларæй кæимæ цæры, æндæр ахæм паддзахæдтæн дæр ныфс у – сæр сæ

куы бахъæуа, уæд сæ иунæгæй нæ ныууадздзæн, феххуыс сын кæндзæн.

**С.** Тыхджын æфсад уымæн хъæуы, цæмæй иууылдæр зоной, знагæн аккаг ныхкъуырд кæй ратдзæн, уый.

**Хъ.** Уæрæсе хæларзæрдæ бæстæ у. Мах ныв кæнæм сабыр æфсад, уый архайы Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн арæзт бæрæгбоны.

*Сывæллæттæ ныв кæнынц, хъомылгæнæг сæ разæнгард кæны бæрæгбоны сæрмагонд уавæр равдисынмæ.*

*35–36 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Дæхи хъахъхъæн».**

**Темæ: «Бæрæгбоны фейерверк».** ***Хи цæстæй фенд цаутимæ баст эмоционалон тæлмæнтæ æмæ фæлтæрддзинады бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Æрдзон бæллæхты тыххæй ныхас. Ахæм рæстæг хи куыд хъахъхъæнын хъæуы.

– Къæрцхъус у æмæ лæмбынæг кæс дæ алыварс æмæ дæхи фыдбылызæй хъахъхъæн.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Бæрæгбоны фейерверк ныв кæнын.

2. Хуызиртасынад. Спайда кæнын, тар фоныл хорз чи зыны, ахæм ирд ахорæнтæ *(цыма æхсæвыгон арвыл рухсытæ судзы, афтæ зындзысты)...*

3. Композици. Гæххæтты сыфыл – рухсгæнæн ракетæтæ, бæрæгбоны фейерверк горæты сæрмæ æхсæвыгон арвыл.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь æмæ хуызджын гæххæтт.

**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Донивылд, тыхдымгæ, тыххъæвда,

зæйракалд, зынгирвæзт æмæ æнд. ах. хуызистытæ.
Рухсытæй фæлындгонд æхсæвыгон горæт, æхсæвыгон арв бæрæгбоны фейерверкимæ.

**Сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.**

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3 *(хуызджын – тар æрвхуыз кæнæ та сау)*, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн.

**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитæн радзурын æрдзон бæллæхтимæ баст тæссаг уавæрты тыххæй. Дæнцæнтæ æрхæссын. Амонын сын, ахæм рæстæг, цæмæй фыдбылызæй хызт уай, уый тыххæй хи куыд дарын хъæуы.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах сымахимæ, адæймаг цы тæссаг уавæрты бахауы, уыдоны тыххæй бирæ хæттыты дзырдтам. Сымах зонут, къæрцхъус æмæ цырддзастæй кæсын хъæуы ахæм рæстæг. Нывтæ дæр кодтам уыцы темæйыл. Æркæсæм-ма сæм. *(Кæс: Астæуккаг къорды 20-æм темæйы 28-æм ахуыр; Хистæр къорды 15-æм æмæ 20-æм темæты 33–34-æм æмæ 45–46 –æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Цы ныв кодтам, уый нын нæ зæрдыл чи æрлæууын кæндзæн?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Абон ма уавæр ноджы иуæрдыгæй равзардзыстæм. Æрæджы мах иууылдæр цин кодтам Ногазы бæрæгбоныл. Куыддæр æрдæгæхсæв сси, афтæ райдыдта бæрæгбоны салют. Федтат, нæ горæты цы рæсугъд фейерверк уыдис, уый?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**С.** Ногбон æхсæв алы уынгæй, алы кæртæй дæр цины гæрæхтæ хъуыстысты. Адæм арвмæ ракеттæ æмæ петардæтæ æхстой. Бæстæ-иу бонау ныррухс и, арв алы

цæхæркалгæ ахорæнтæй сыгъди.
**Хъ.** *(æвдисы фейерверкы нывтæ æмæ хуызистытæ).* Фейерверк тынг рæсугъд вæййы. Фæлæ адæм хаттæй-хатт, ахæм рæстæг дæр хи хъахъхъæнын кæй хъæуы, уый ферох кæнынц, æмæ фыдбылызтæ дæр æрцæуы. Цы хуызы, чи зæгъдзæн?
**С.** Зынгимæ арæхстгай куы нæ архайай, уæд зынгирвæзтмæ расайдзæн.
**Хъ.** Тынг раст зæгъут. Пиротехникон фæрæзтæ дæр алыхатт æмхуызон хæрзхъæд нæ разынынц, æмæ уый аххосæй фыдбылыз æрцæуы. Семæ архайын чи нæ зоны, фыццаджыдæр, сабитæ, уыдон сæхи фæсахъат кæнынц. Цавæр хатдзæг скæнын æмбæлы?
**С.** Сывæллæттæ дæр æмæ хистæртæ дæр хъуамæ арæхстгай архайой пиротехникон фæрæзтимæ. Сывæллæттæн сæм æнæ хистæрты æххуысæй æвналæн дæр нæй!
**Хъ.** Мах абон ныв кæндзыстæм бæрæгбоны фейерверк. Куыд равдисæн ис, цырæгътæ тынг ирд кæй сты, дардмæ цæхæр кæй калынц, уый?
**С.** Хурдзаст, ирд ахорæнтæй сæ ныв кæнын хъæуы, арв та хъуамæ уа тар, цæмæй йыл хорз зыной.
**Хъ.** Тынг раст. Боныгон зынг зынгæ дæр нæ фæкæны. Уæдæ нæ нывтæ скæнын хъæуы, тар, æхсæвыгон арвы æнгæс чи у, ахæм гæххæттыл. Цавæр хъуамæ уа?
**С.** Æхсæвыгон арв вæййы тар. Райсын æмбæлы сау кæнæ та тар æрвхуыз гæххæтт.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах сныв кодтам Ногбоны салют. Ахæм рæсугъд фейерверк ма кæд фенæм вæййы?
**С.** Уæлахизы бон – 9 Майы. Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты бон дæр. Спортивон ерысты рæстæг. Махмæ дæр фейер-

верк уыди, мæ хистæр æфсымæры чындзæхсæвы.
**Хъ.** Горæты бон дæр ма вæййы бæрæгбоны салют. Сывæллæттæ, ныр нæ темæ хи хъахъхъæныны тыххæй куы у, уæд фейерверкты кой цæмæн кæнæм?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мах дарддæр ныв кæнæм диссаджы рæсугъд цау – бæрæгбоны фейерверк. Сывæллæттæ, цы ма равдисын хъæуы ноджы нывы, цæмæй горæт бæрæгбонхуыз уа?
**С.** Бирæ цырæгътæ: алыхуызон рухсытæ судзынц хæдзæртты рудзгуыты, уынджы цырæгътæ тæмæнтæ калынц, машинæты рухсытæ æрттивынц. Горæты фæзы сныв кæнæн ис Ногбоны бæрæгбонфæлыст наз бæлас, йæ сæрмæ та – бæрæгбоны салют.
**Хъ.** Ныртæккæ фейерверк скæнын хæсгонд вæййы, пиротехникон фæрæзтимæ архайын сæрмагондæй чи ахуыр кодта, ахæм адæймæгтæн. Уыдон уал раздæр уавæр компьютерыл æрхъуыды кæнынц: равзарынц нывæфтыдтæ, ахорæнты аив æмиуæдтæ æмæ алыхуызон рухсыты кæрæдзи ивд снысан кæнынц. Сæйрагдæр та уый у, æмæ архайынц, цæмæй фейерверк æппындæр мацы тæссаг уа. *(Æвдисы алыхуызон фейерверкты хуызистытæ.)* Уынут? Сымахæн дæр рухсытæй уæ нывты хъуамæ алыхуызон рæсугъд нывæфтыдтæ рауайа. Куыд бафтдзæн уый къухы?
**С.** Къаннæг лыстæг хъисойы фæрцы, хъавгæ, уæздан æмæ арæхстгай фæныдзæвдтытæй. Тагъд кæнын нæ хъæуы. Уæд гæххæтт ныззмæнтдзынæ, дæ нывæй та ницы рауайдзæн.
**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ йæ хуыз та цавæр вæййы фейерверкæн?
**С.** Алыхуызон рухсытæй цæхæр фæкалы: сырх, кæрдæгхуыз, бур, зынгхуыз æмæ а. д. Рухсыты хуызтæ кæрæдзи фæивынц, стæй та æмсыгъд скæнынц. Тынг рæсугъд вæййы! Дидинджыты басты хуызæн!

**Иумæйаг темæ: «Адæмы æхсæн».**

**Темæ: «Кæмæй дæн сæрыстыр».** ***Информаци æмæ цард ы тæлмæнты бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Йæ цард фæзминаг кæмæн у, ахæм зындгонд адæймæгты *(аивады кусджыты, спортсменты, хæст æмæ фæллойы хъайтарты)* тыххæй ныхас.

– Зонындзинæдтæм тырнындзинад, фæлгонцадон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын.

– Удыхъæды рæсугъддзинадыл ахуыр кæнын. Кады аккаг æмæ нымад чи у, бæстæйы ахæм зындгонд адæймæгтæй сæрыстыр куыд уой, куыд сæ фæзмой, уыдоны хуызæн уæвынмæ куыд тырной, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Адæймаджы ныв кæнын бæлвырд уавæры.

2. Хуызиртасынад. Уавæры равг ахорæны фæрцы равдисын.

3. Композици. Гæххæттыл адæймаджы фæлгонц – йæ дæсныйададон архайды уавæры *(оркестры дирижер, футболистты тренер, инæлар – бæхыл, хæстонты æхсæн æмæ а. д.).*

**Кусæн фæрæзтæ:** фæндонмæ гæсгæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, ахуырст.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Ирыстонæн кад чи скодта, уыцы адæймæгты хуызистытæ: Къоста, Абайты Васо, Плиты Иссæ, Кучиты Юри, Тæбæхсæуты Бало, Гергиты Валери, Дудараты Вероникæ, Гæззаты Валери, Андиаты Сослан æмæ а. д. Нæ бæстæйы æндæр зындгонд адæймæгтæ *(хъомылгæнæджы*

*фæндонмæ гæсгæ): Ю. Гагарин æмæ а. д.).*
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, хуызджын фломастертæ. 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн. Æндæр æрмæджытæ фæндонмæ гæсгæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Бæстæйы æмæ нацийы разагъды лæгты тыххæй ныхас. Сабиты зæрдæмæ тынгдæр чи фæцыд, уый сбæлвырд кæнын æмæ дзы темæйы райрæзтæн ныв кæныны ахуырты спайда кæнын.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах иууылдæр сæрыстыр стæм, нæ бæстæйæн, нæ адæмæн нын кад чи кæны, уыдонæй – фысджытæ, нывгæнджытæ, музыканттæ, ахуыргæндтæ, спортсментæй. Уæ зæрдыл сæ исчи æрлæууыд? Иуæйиуты тыххæй мах нæ ахуырты рæстæг арæх дзырдтам.
*(Æвдисы иллюстративон æрмæг.)*
**С.** Уый у зындгонд ирон нывгæнæг æмæ поэт Хетæгкаты Къоста.
*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 4-æм темæйы 7–8-æм ахуыртæ.)*
**С.** Уый у инæлар, Советон Цæдисы дыууæ хатты Герой Плиты Иссæ.
*(Кæс: Хистæр къорды 25-æм темæйы 55–56-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Сæ номыл ис цыртдзæвæнтæ. *(Æвдисы хуызистытæ.)*
**Хъ.** Мах сæрыстыр стæм Гергиты Валерийæ дæр. Зындгонд дирижæр схъомыл Дзæуджыхъæуы æмæ йæ диссаджы аивадæй йæхи æгас дунейæн базонын кодта. Зындгонд хъæбысæйхæцæг Андиаты Сослан дыууæ хатты сси Олимпаг хъæзтыты чемпион. Стыр сгуыхтдзинæдтæ равдыста спорты нæ зындгонд футболист Гæззаты Валери дæр. Номдзыд ирæтты номхыгъд тынг егъау у, сæ нæмттæ

сын нымад дæр нæ фæуыдзыстæм.
*(Æвдисы иллюстративон æрмæг.)*
**Хъ.** Мах сæрыстыр стæм, нæ бæстæйæн нын кад чи скодта, æндæр адæмты уыцы минæвæрттæй. Уыдоны ’хсæн фыццаджыдæр – дунейы фыццаг космонавт… *(Хуызист æвдисы.)*
**С.** Юри Гагарин!
**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуамæ аргъуыц кæнæм, уæм, нæ фарсмæ чи цæры, алы бон дæр кæй уынæм, уыцы зæрдæхæлар, хæдæфсарм, куыстуарзаг æмæ курдиатджын адæймæгтæй дæр. Кæй хуызæн уæ фæнды уæвын? Гæнæн ис, æмæ уыдон сты уæ хиуæттæ, уæ хæстæджытæ, уæ сыхæгтæ, уæ зонгæтæ.
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Бирæ дæнцæгтæ æрхæссæн ис, фæлæ нын афон у, кæй ныв скæнын нæ фæнды, уый сбæлвырд кæнынæн.
**С.** Равзæрстам, равзæрстам!
**Хъ.** Куыд сæ сныв кæнын хъæуы?
**С.** Стырæй, æнæхъæн сыф куыд бацахса фæлгонц, афтæ.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, рæвдауæндонмæ куы ’рбацыдыстут, уæд хæрз гыццылтæ уыдыстут. Ныр сырæзтыстут, бирæ цæуылдæрты сахуыр стут, хорз хæлæрттæ уын фæзынд. Раст зæгъын?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Хæрз гыццыл рæстæг ма рацæудзæн, æмæ сымах скъоламæ бацæудзыстут. Цавæр скъоладзаутæ уыдзыстут, куы сыстыр уат, уæд уæ цавæр адæймæгтæ рауайдзæн, уый тынг ахсджиаг у. Уый та, уæ хæлæрттæ чи уыдзысты, кæй фæзмдзыстут, уымæй аразгæ у. Уæ бон у, æмæ литературон геройы дæр равзарат уæхицæн фæзмыны охыл. Мах уый

тыххæй дзырдтам, аргъæуттæ æмæ радзырдты кой куы кодтам, уæд. *(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 12-æм æмæ 23-æм темæты 23–24-æм æмæ 45–46-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Кæй хуызæн уæвын уæ фæнды, æрлæууын-ма кæнут уæ зæрдыл уæ уыцы уарзон хъайтарты.
*Сывæллæттæ нымайынц аргъæуттæ æмæ радзырдты персонажты нæмттæ.*
**Хъ.** Цæмæй афтæ тынг цæуынц уæ зæрдæмæ?
**С.** Хъæбатыр, хъæлдзæг æмæ хæларзæрдæ кæй сты, уымæй.
**Хъ.** Бæгуыдæр! Фæлæ уæ алыварс дæр, йæ удыхъæдæй æмæ йе 'ппæт царды дæр фæзминаг чи у, ахæм адæймæгтæ иу æмæ дыууæ нæй. Зæгъут-ма, кæй ныв уæ бафæндыд скæнын?
*Сывæллæттæ æвдисынц сæ нывтæ æмæ дзурынц, кæй фæлгонц скæнын сæ фæнды, уыдоны тыххæй.*
**Хъ.** Ирон адæммæ ныхасæн баззад, йæ фыдæлты, дам, чи нæ зоны, уый æнæуидаг бæласау у. Куыд æй æмбарут?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Алы саби дæр хъуамæ йæ хистæрты зона æмæ сæ аргъуыц кæна. Сæ ном сын макуы фæчъизи кæна, сæ кад сын бæрзонд хæсса. Уый тыххæй куыд хъуамæ йæхи дара?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Тынг раст дзурут! Адæймаг хъуамæ æнæзæрдæхудтæй фæллой кæна, искæй тæригъæды макуы бацæуа, галиу митæ ма кæна, тæригъæд кæнын зона æмæ тыхст адæймагæн феххуыс кæнынмæ зивæг ма кæна. Æппæт уыдæттæ уын æз уымæн дзурын, æмæ ныр æмбаргæ стут, фæззæджы скъоламæ бацæудзыстут. Фæнды уæ скъоламæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Скъолайы куыд ахуыр кæнат, фæллоймæ цы цæстæй кæсат (ахуыр кæнын дæр фæллой у!), уымæй аразгæ у уæ фидæны цард æмæ уæ бæллицты сæххæст. Бæллицтæ та уæ алкæй зæрдæйы дæр ис. Чи уæ цæмæ бæллы?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Нæ нывтæ дарддæр ахæццæ кæнæм. Сывæллæттæ, амæйразмæйы ахуыры сымах скодтат, кæй хуызæн уæ уæвын фæнды, аргъуыц кæмæн кæнут æмæ кæй фæзмут, уыцы адæймæгты фæлгонцтæ. Цæмæй, цы кусæг сты, уый банысан кæнат, уый тыххæй сын абон та сæ алфамбылай бæлвырд уавæр, адæм æмæ предметтæ снывкæнут. *(Æвдисы хуызистытæ: футболисттæ – стадионы, космосон нау – арвы тыгъдады, оркестры музыканттæ æмæ а. д.).*

*39–40 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Бæсты фидауц – сылгоймаг».**

**Темæ: «8-æм Мартъи». *Посты арфæйы къам хи къухтæй скæнын.***

**Нысан:**

– Сылгоймагмæ, мадмæ аргъуыцы ахаст дарын, кад ын кæнын.

– Декоративон графикæйы хуызтæ. Сфæлдыстадмæ разæнгард кæнын.

– Мадмæ, фыды мадмæ, мады мадмæ, хотæм аудыны цæстæй кæсын æмæ сæ кадджын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын. Арфæйы къам хи къухтæй саразыныл архайын, йæ фæлындынæн стилизацигонд æнцонæвзарæн æмæ æнцонкæсæн фæлгонцтæй пайда кæнын.

2. Хуызиртасынад. Декоративон элементты хуызтæ *(уалдзыгон дидинджытæ æмæ къалиутæ, хурзæрин, текст æмæ а. д.)* хъуамæ кæрæдзиуыл бадой, арфæйы къам та, æмткæй райсгæйæ, уа хуызджын æмæ уæздан.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл равæрын, бæрæгбонхуыз æй чи кæны, ахæм декоративон фæлгонцтæ æмæ ныхæстæ.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ *(гæххæттын аппликацитæй дæр пайдагæнæн ис).*
**Хуызфыссынады уаг:** декоративон-фæзон.
**Фæлгонцадон уаг:** уалдзыгон дидинджыты цæстæнгæс фæлгонц æмæ фыст «8-æм Мартъи».
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Посты арфæйы алыхуызон къамтæ.
Хуызистытæ *(къамтæ)*: алыхуызон уалдзыгон дидинджытæ *(малусджытæ, фиалкæтæ æмæ а. д.)* æмæ къалиутæ *(мимозæ, сирень, дидинкалæг фæткъуы бæлас, магноли).*
Уалдзыгон дидинджытæ æмæ къалиутæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4 дыдагъæй, 12 хуызы фломастертæ. Уæлæмхасæн æрмæг: хæсгард, сасм.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæрдæр ахсджиаг цау нæм æрбахæстæг кæны…
**С.** 8-æм Мартъи – нæ мадæлты бæрæгбон!
**Хъ.** Æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ сахуыр кодтат уыцы бонмæ? Куы сæм байхъусин… Сывæллæттæ æмдзæвгæтæ кæсынц, зарджытæ зарынц.
**Хъ.** Æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ йеддæмæ ма нæ исты балæвар кæнын дæр фæфæнды мамæйæн. Цы у, цымæ?
**С.** Балхæнæн ис дидинджытæ æмæ посты арфæйы рæсугъд къам.
**Хъ.** Арфæйы къам балхæнæн ис, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ уæхæдæг нывгæнджытæ куы стут! Уæд та йæ нæхи къухтæй скæниккам? Фæнды уæ?
**С.** Фæнды!
**Хъ.** *(æвдисы æлхæнгæ хуызæгтæ).* Сывæллæттæ, ахæм къамыл фылдæр хатт цы фенæн вæййы?
**С.** Уалдзыгон дидинджыты нывтæ.

**Хъ.** Амæй размæ дæр нывкодтат дидинджытæ, зонут, куыд хъæуы, уый.
*(Кæс: Кæстæр къорды 14-æм темæйы 24-æм ахуыр; Хистæр къорды 19-æм темæйы 43–44-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, фæззыгон дидинджыты нæмттæ зонут? Уæ мадæлты зæрдæмæ дзы тынгдæр кæцытæ цæуынц?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Мах райсдзыстæм гæххæтты сыф æмæ йæ бадыдагъ кæндзыстæм йæ астæуыл. Мæнæ афтæ. Цæмæй нæ арфæйы къамæн гомгæнæн уа. *(Æвдисы, куыд архайын хъæуы, уый.)* Раздæр уал нæ арфæйы къам сфæлынддзыстæм цæсгомы ’рдыгæй. Бæрæгбæттæ бирæ вæййы, уымæ гæсгæ хъуамæ банысан кæнæм, цавæр бæрæгбоны фæдыл у, уый…
**С.** Ныффыссын ыл хъæуы: «8-æм Мартъи».
**Хъ.** Раздæр уал ныффыссæм стырæй – «8». Стæй йæ, нæ къух куыд амоны æмæ куыд арæхсæм, афтæ срæсугъд кæндзыстæм. Йæ фарсмæ йын ныффыссæм мæйы ном. Йæ алыварс та йын цы снывкæндзыстæм?
**С.** Дидинджытæ, дидинкалгæ къалиутæ!
**Хъ.** Иттæг хорз! Кусут! Уæ уарзон мадæлтæ уын уæ лæварыл тынг фæцин кæндзысты!

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъæн дæр ын нæй, афтæ хорз сарæхстыстут! Æркæсæм-ма, цы арфæйы къамтæ скодтат, уыдонмæ. Амæй размæ ахуыры йын мах срæсугъд кодтам йæ «цæсгом». Ныр та йæ мидæгæй срæсугъд кæнæм. Ауайын-ма кæнут уæ цæстытыл ахæм ныв: мамæ райста уæ арфæйы къам æмæ йыл, мæнæ куыд рæсугъд у, зæгъгæ, ныддис æмæ ныццин кодта! Уалынджы йæ бакодта æмæ та уым дæр – ныв, ноджы рæсугъддæр!.. Уæ мидæггаг нывæн, цы темæ уæ фæнды, уый равзарут. Цы снывкæнæн ис?

**С.** Ӕз бæх ныв кæнын зонын æмæ мæ фæнды мæ мадæн рæсугъд бæхы ныв скæнын. Ӕз та мæ мады сурæт скæндзынæн. Мæ мад та гæдытæ тынг уарзы, æмæ йын æз гæдыйы ныв скæндзынæн æд лæппынтæ *(æмæ а. д.)*.
**Хъ.** Рæсугъд ныв кæнут, арæхстгай архайут ахорæнтимæ, уæ нывтæ ма нызмæнтут. Цавæр ахорæнтæ райсын хъæуы, цæмæй уæ ныв бæрæгбонхуыз уа?
**С.** Хъарм, хурдзаст, тæмæнкалгæ хуызтæ. Уыимæ – кæрæдзиимæ хорз чи фидауы, ахæмтæ!
**Хъ.** Сывæллæттæ, ацы хæслæвæрд чи ахицæн кодта, уыдон ма, кæд сæ фæнды, уæд ноджыдæр иу арфæйы къам сцæттæ кæнæнт – уæ нанатæн кæнæ уæ хотæн. Фæнды уæ?
**С.** Фæнды, фæнды!
**Хъ.** Ӕрмæст уый фыццаджы хуызæн хъуамæ ма уа – æндæрхуызон æй скæнут. Зæгъæм, аппликацийæ спайда кæнгæйæ. Зонут, аппликаци цы у, уый?
**С.** Уый у… Раздæр уал гæххæттыл дидинджытæ сныв кæн, уыйфæстæ сæ ралыг æмæ сæ æндæр гæххæттыл баныхас.
**Хъ.** Раст зæгъут! Арæхсгæ дæр æм кæй кæнут, æз ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Табуафси, архайут!

*41–42 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг лæвæрттæ уары».**
**Темæ: «Цы федтон, тезгъо куы кодтон, уæд». *Рагацау хъусдарды бындурыл нывкæнынад.***
**Нысан:**

– Уалдзæджы сæйраг миниуджытæ æриу кæнын.

– Рæзын æмæ фидар кæнын сабиты мысæнуат. Ахуыр сæ кæнын, сæйраг цы у, уый хицæн кæнын, иумæйаг æмæ хицæн миниуджытæ агурын.

– Райгуырæн æрдз сын уарзын кæнын, разæнгард сæ кæнын æрдзы рæсугъддзинад сæ нывты æвдисынмæ.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Пейзажы элементтæ æвдисыны арæхстдзинадыл куыст. Нывы сæйраг хай сæрмагонд бынаты сæвæрд æмæ йæ ахорæнты равзæрстæй банысан кæнын.
2. Хуызиртасынад. Скæнын пейзажы хуызджын фæлгонц, хур боны равг ахорæнтæй равдисын.
3. Композици. Æрдзы пейзажон фæлгонц гæххæтты сыфыл афтæ равæрын, авторæн дзы сæйраг цы у, диссаг æм дзы цы фæкаст (цæрæгой, мæргътæ, зайæгойтæ æмæ а. д.), уый бæрæг куыд уа.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь кæнæ фломастертæ.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, æцæгдзинад бæлвырдæй æвдисæг детальтимæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Рæсугъд нывтæ æмæ хуызистытæ: уалдзыгон æрдз, дидинкалæг бæлæстæ, дидинджытæ: алыхуызон мæргътæ, сасчытæ *(гæлæбутæ, мыдыбындзытæ, цъырцъырæгтæ, майы хъæндилтæ æмæ а. д.)*, гæккуыритæ, хæфсытæ æмæ а. д.
Уалдзæджы тыххæй æмдзæвгæтæ.
Нывгæнджыты куыстыты репродукцитæ темæмæ гæсгæ, 7–8-аздзыд сабиты уалдзыгон пейзажтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, гуашь 12 хуызы, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Тезгъойы рæстæг сабиты хъус æрдарын æрдзы æвуухæлтæм. Æрдзы уалдзыгон уавæр зæрдæйæ куыд банкъарой, ууыл архайын.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Хъарм бонтæ, фæлмæн хур, мæргъты зард. Ногдзыд кæрдæг æмæ дидинкалæг бæлæсты хæрздæф…
Сывæллæттæ, цæй кой кæнын, базонут-ма!
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы, уалдзæджы! Цæй тыххæй уарзæм уалдзæг, цы нын æрхæссы?
*(Кæс: Хистæр къорды 19-æм темæйы 41–42-аг ахуыртæ.)*
**Хъ.** Уалдзæджы лæвæртты тыххæй æрдзурæм уæдæ абон. Цы нын балæвар кæны? Хъазæнтæ?
**С.** Нæ! Уалдзæг нын балæвар кæны хур бонтæ, райхъал кæны цæрæгойты, сасчыты. Æрдз иууылдæр райхъал вæййы йæ зымæгон фынæйæ.
**Хъ.** *(æвдисы уалдзыгон æрдзы нывтæ).* Æцæгдæр, уалдзæг адæймагæн бирæ цин æрхæссы. Тезгъо куы фæкæнæм, уæд нын бирæ æхсызгон фембæлдтытæ вæййы, нæ? Кæм гæлæбуйыл амбæлдзынæ, кæм мыдыбындзыл, кæм гыццыл цъæх гæккуыри дæ размæ фæуыдзæн!
**С.** Айразмæ майы хъæндил дæр федтам! Мæлдзыджытæ та цыдæр хъæмпыхал сæккой кодтой æмæ йæ кæдæмдæр хастой!
**Хъ.** Гæлæбутæ дæр тынг рæсугъд уыдысты. Дидинæджы сыфтау раст, цыма сæ дымгæ æрбахаста. *(Дзуры, афтæмæй уалдзыгон æрдзы нывтæ æвдисы.)* Бæлæстæн сæ фылдæр нырма фынæй сты, фæлæ алтъами, фæткъуы, æхсынцъы уыцы рæсугъд фæлыст скодтой æмæ тыбар-тыбур кæнынц.
*(Кæс: Аст. къорды 17-æм темæйы 25-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Сæ алыварс мыдыбындзытæ зилдух систой. Мыд куы æрæмбырд кæниккой, уый сæ фæнды. Тезгъогæнгæйæ лæмбынæг куы кæсай дæ алыварс, уæд æппæт уыдæттæ фендзынæ! Куы сæ снырв кæнис, уый дæ æнæмæнг бафæнддзæн. Ныртæккæ алы саби дæр хъуамæ ахъуыды кæна, уалдзыгон æрдзы йæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыд æмæ йæ сныв кæнын цы фæнды, уый тыххæй.

**С.** Мæн фæнды, мæргътæ куыд æртахтысты, ахстæттæ куыд кæнынц, уый снывкæнын! Мæн та, фыццаг дидинджытæ сæ сæртæ миты бынæй куыд сдардтой, уый!
**Хъ.** Тынг хорз! Æрмæст уæ ма рох кæнæд: уæ нывы сæйраг цы у, уый хъуамæ егъаудæрæй равдисат *(мæргътæ, гæлæбутæ, мыдыбындзытæ æмæ а. д.).* Уалдзыгон арв, кæрдæг, бæлæстæ æмæ æнд. дæр уæ ма ферох уæнт! Чи зоны, искæй уæ бафæнда Уалдзæджы фæлгонц скæнын. Хъуыды-ма кæнут, Зымæджы сурæт куыд аив сныв кодтат, уый?
*(Кæс: Аст. къорды 8-æм темæйы 12-æм ахуыр.)*
*Хъомылгæнæг скъуыддзæгтæ кæсы, уалдзæгыл дзырд кæм цæуы, поэтты уыцы æмдзæвгæтæй.*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, тезгъойы рæстæг мах нæ хъус æрдардтам, æрдз уалдзæджы йæхи куыд аивта, уымæ. Алы саби дæр, цы снывкæндзæн, уый равзæрста.
**С.** О, кæмæн йæ зæрдæмæ цы фæцыд, уый снывкодта.
**Хъ.** Уымæ гæсгæ уæ пейзажтæ алыхуызон рауадысты. Æрæджы мах ныхас кодтам, адæймаг йæ алыварс дуне куыд æнкъары, уый тыххæй. Дзырдтам адæймаджы æнкъарæн оргæнты тыххæй.
*(Кæс: Цæттæг. къорды 15-æм темæйы 29–30-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Исты ма сын хъуыды кæнут?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Кæд афтæ у, уæд уæ нывты цы хъуамæ равдыстаиккат?
**С.** Мах хъуамæ равдыстаиккам не ’нкъарæнтæ, уалдзæджы хæрздæф, тæдзынджыты хъæлдзæг зарæг, мæргъты хъæлæстæ, хуры фæлмæн узæлд.
**Хъ.** Æмæ æппæт уыдæттæ цæй фæрцы бантысдзæн рав-

дисын?
**С.** Кæй зæгъын æй хъæуы, ахорæнты фæрцы.
*(Кæс: Кæст. къорды 10-æм темæйы 19-æм ахуыр.)*

*43–44 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Ирыстоны Сырх чиныг».**
**Темæ: «Æрдзы хæлæрттæ». *Информаци æмæ иллюстративон æрмæджы бындурыл нывкæнынад.***
**Нысан:**

– Сабитæн радзурын зæххыцъары *(бæлвырддæр та – нæ республикæйы)* экологион проблемæты тыххæй.
– Сæ цæст уынаг куыд уа *(характерон æууæлтæ æмæ сæйраг пропорцитæ куыд фиппайой)*, фæлгонц арф куыд æнкъарой, сабиты афтæ ахуыр кæнын.
– Æрдз уарзын æмæ хъахъхъæнын. Райгуырæн æрдзы цæрæгойты дуне зонынмæ сабиты бацымыдис кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Арæх чи не ’мбæлы, уыцы цæрæгойты *(дзæбидыр, стай æмæ а. д.)* фæлгонцтæ кæныны арæхстдзинадыл кусын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты фæрцы равдисын, цæрæгоймæ дын цы ахастдзинад ис, уый. Йæ аив хуызджын фæлгонц ын скæнын.
3. Композици. Цæрæгойы йæ райгуырæн Кавказы рæсугъд æрдзы хъæбысы равдисын.
4. Кусæн фæрæзтæ: гуашь, фломастертæ кæнæ сойджын пастель.
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, хуызджын.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Сырх чиныгмæ хаст цæрæгойтæ *(фыранк, дзæбидыр, сæгуыт, амураг урс тигр æмæ а. д.)* æмæ

мæргъты нывтæ. Хæдзарон цæрæгойты нывтæ *(гæды, куыдз æмæ а. д.).* Сырддоны, цирчы цæрæгойтæ.
Хуызистытæ: фыранкты сурæттæ Дзæуджыхъæуы хидтыл.
Цæрæгойты нывтæ скифаг-сæрмæттаг культурæйы.
Ирон поэтты æмдзæвгæтæ æрдзы тыххæй.
7−8-аздзыд сывæллæтты куыстытæ цæрæгойты нывтимæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн, 12 хуызы фломастертæ. Сойджын пастель.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ æрдзурын, чи фесæфт æмæ сæфты къахыл чи лæууы, уыцы цæрæгойтæ æмæ зайæгойты хуызты тыххæй. Æрцæттæ кæнын иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ алыварс æрдз йæ рæсугъддзинадæй дисы 'фтауы. Фæлæ зæгъын хъæуы уый, æмæ йын адæймаг йæ архайдæй стыр зиан хæссы. Цы хуызы, цымæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Хъыгагæн, адæймаджы аххосæй бирæ цæрæгойтæ, мæргътæ æмæ зайæгойты хуызтæй иутæ ныридæгæн бынтон фесæфтысты, иннæтæ та сæфты къахыл ныллæууыдысты. Афтæ кæй у, ууыл зæххыцъары адæм тынг тыхсынц. Алы бæстæты минæвæрттæ иумæ æрæмбырд сты æмæ сарæзтой Æрдз хъахъхъæныны æппæтдунеон иугонд. Уыцы иугонд мыхуыр кæны æрдзы тыххæй сæрмагонд чингуытæ – Сырх чиныг, зæгъгæ. Афтæ цæмæн хуыйнынц?
**С.** Сырх ахорæн æвдисы тас, бæллæх.
**Хъ.** Тынг раст. Уыцы чингуыты дзырд цæуы, сæфты къахыл цы цæрæгойтæ, мæргътæ, зайæгойтæ лæууынц, уыдоны тыххæй. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ.)* Куыд уæм кæсы, цæмæн хъæуынц ахæм чингуытæ?

**С.** Цæмæй адæм бамбарой, уыдоны фесæфт зæххыцъарæн зиан кæй уыдзæн, хъахъхъæнын æмæ сыл аудын кæй хъæуы, уый.
**Хъ.** Раст зæгъут. Зæгъæм, Цæгат Кавказы хæхты кæддæр хъæддаг сырдтæ бирæ уыди: дзæбидыртæ, фыранктæ æмæ а. д. Нæ республикæйы гербыл дæр фыранчы фæлгонц ис. *(Æвдисы РЦИ-А-йы герб.)* Фыранкты бронзæ скульптурæтæ та фенæн ис горæты хидыл. *(Æвдисы горæты хуызистытæ.)* Æрбакæсут-ма, куыд рæсугъд цæрæгой у. Бирæ азты дæргъы йыл адæм цуан кодтой æмæ йын йæ мыггаг сыскъуыдтой. *(Æвдисы скифаг æмæ сæрмæтт культурæйы сыгъзæрин æмæ бронзæ хуызæгты хуызистытæ.)* Куыд уæм кæсы, уый раст у?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Мах федтам цæрæгойты хуызистытæ. Ныр та бавдæлæм æмæ сын сæ фæлгонцтæ нæхæдæг скæнæм ахорæнты руаджы. Сывæллæттæ, цæмæй æнгæс рауайой, уый тыххæй сæ куыд сныв кæнын хъæуы?
*(Кæс: Хистæр къорды 7-æм темæйы 15–16-æм ахуыртæ.)*
**С.** Лæмбынæг сын хъуамæ сæ хуызистытæм бакæсæм æмæ, хæдхуыз цæмæй сты, уыцы æууæлтæ бафиппайæм.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, æрдзы тыххæй ма ноджыдæр аныхас кæнæм. Æрдзы хъæздыгдзинæдтæ паддзахад хъахъхъæнгæ кæны. Фæдзæхст бынæттæ, национ парктæ, дендраритæ уый охыл арæзт цæуынц. Уыцы рæтты цæрæгойтæм, мæргътæм, зайæгойтæм хъусдард цæуы. Цæмæй уазал æмæ стонгæй ма амæлой, уый тыххæй сын кæнынц сæрмагонд фæрæзтæ. Ахæм бынат нæ республикæйы ис, зæгъæм, Цъæйы. Сывæллæттæ, исчи уæ Цъæйы уыдис?
*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ цæрæгойты тынг уарзынц. Фæфæнды сæ, куыдз, гæды кæнæ сæм æндæр исты цæрæгой куы уаид хæдзары æмæ йæм куы зиликкой, уый. Уыцы темæ арæх у радзырдтæ æмæ мультфильмты дæр. Æрлæууын-ма сæ кæнут уæ зæрдыл æмæ сæ ранымайут.

**С.** «Хъусой», «Простоквашино», «Бæппу æмæ Карлсон» æмæ а. д.

**Хъ.** Хæдзары уæм исты цæрæгойтæ ис?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, кæуыл аудат, уæ хæдзары уын ахæм хорз хæлæрттæ ис! Гæдытæ, куыйтæ, урс уырытæ, тутитæ, аквариумы кæсæгтæ… *(Цæрæгойты нывтæ æвдисы.)* Цæй тыххæй сæ уарзут?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Цы зæххыл цæрæм, уым хъуамæ алы цæрæгойæн, алы маргъæн, алы кæсагæн, алы саскæн дæр бынат уа. Махау уыдонæн дæр ацы зæхх сæ райгуырæн къона у, æмæ сæ хъыгдарæн нæй. Хъыгдаргæ нæ, фæлæ сæ уарзын æмæ хъахъхъæнын æмбæлы.

**С.** Уæд не ’ппæтæн дæр цæрын æнцондæр уыдзæн!

**Хъ.** Æнæмæнг афтæ у. Фæлæ сæ цæмæй хъахъхъæнæм, уый тыххæй сæ хорз зонын хъæуы. Адæм æрдзы тыххæй цас фылдæр зонынц, уыйбæрц æй тынгдæр уарзынц æмæ хъахъхъæнынц. Æрдз хъахъхъæнын стыр æмæ ахсджиаг хъуыддаг у. Сабитæ дæр æххуыс кæнынц хистæртæн, уымæн æмæ уыдоны дæр фæнды æрдзы хæлæрттæ уæвын. Æрдзы тыххæй бирæ æмдзæвгæтæ ис. *(Кæсы ирон поэтты æмдзæвгæтæй скъуыддзæгтæ.)* Уæ зæрдæмæ фæцыдисты? Кæм ма бакæсæн ис æрдзы тыххæй?

**С.** Сæрмагонд чингуытæ æмæ энциклопедитæ ис цæрæгойтæ æмæ зайæгойты тыххæй. Телевизорæй дæр сæ кой арæх фæкæнынц.

**Хъ.** Телебакастытæ дæр цымыдисаг сты, кæй зæгъын æй

хъæуы. Сывæллæттæ, хъæддаг сырдтæн сæ фылдæры фæлгонцтæ махæн æрмæст чингуытæ æмæ телевизормæ гæсгæ зынгонд сты. Фæлæ сын фенæн дæр ис. Кæм, цымæ?
**С.** Сырддоны, зоопарчы.
**Хъ.** Тынг раст! Чи уæ уыди сырддоны? Кæй дзы федтат?
**С.** Пыл, зебрæ, кенгуру, теуа, домбай, тигр, арс, суанг ма бирæ алыхуызон кæлмытæ дæр. Цирчы дæр вæййы цæрæгойтæ.
**Хъ.** Æнæмæнг! Лæппынтæ ма вæййынц, афтæмæй сæ уым ахуыр кæнын райдайынц, цæмæй сæ артисттæ рауайа.
*Хъомылгæнæг æвдисы цирчы темæйыл конд сывæллæтты нывтæ. (Кæс: Хистæр къорды 16-æм темæйы 35–36-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Цæрæгойты цирчы архайгæ чи федта сымахæй? Кæй архайд дзы фæцыд тынгдæр уæ зæрдæмæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Дарддæр ныв кæнæм. Бацархайут, цæрæгойы фæлгонцы уæ зæрдыл тынгдæр цы бадардтат, уый уæ куыстыты равдисын. Йæ алыварс æрдз дæр уæ ма ферох уæд. Зæгъæм, дзæбидыры сурæт куы кæнат, уæд йæ алыварс та цавæр æрдз хъуамæ уа? Арсы ныв куы кæнат, уæд та?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Адæмæй бирæтæ не 'мбарынц, æрдзæн фыдми куы кæной, уæд сæхицæн кæй зиан кæнынц, уый.
*(Кæс: Аст. къорды 21-аг темæйы 30-æм ахуыр.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ныр цалдæр азы мах æмбырд кæнæм æмбисæндтæ. Ныр нын дзæвгар баисты. Зæгъæм, мæнæ ахæм: «Æрдз йæ уæлæ хæс нæ уадзы». Куыд æй æмбарут?
*Сабиты дзуаппытæ.*

*45–46 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Чиныг – нæ хæлар æмæ нæ ахуыргæнæг».**

**Темæ: «Цæуыл нæ ахуыр кæнынц аргъæуттæ?»** ***Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Сывæллæтты иумæйаг зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын. Чиныджы ахадындзинад адæймаджы царды.

– Фылдæр зонынмæ разæнгарддзинад, фантази æмæ фæлгæнæны рæзт.

– Хорз æмæ фыд, иузæрдион æмæ мæнгард, раст æмæ зылын цы у, уый тыххæй аргъæуттæй пайдагæнгæйæ æрдзурын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Аргъæутты персонажты ныв кæнын: зæрдæхæлар – фыдзæрдæ. Зонгæ аивадон мадзæлттæй пайда кæнын.

2. Хуызиртасынад. Ахорæнты хуызты фæрцы персонажтæм ахаст равдисын.

3. Композици. Равдисын гæххæтты сыфыл уарзон аргъауы персонажты: иуæрдыгæй – зæрдæхæлар, иннæрдыгæй − фыдзæрдæты.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь кæнæ фломастертæ.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, ахорæнтимæ.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, бæлвырд характерон, цæстахадгæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывджын чингуытæ æмæ энциклопедитæ. Нывгæнджыты иллюстрацитæ аргъæуттæм. 7–8-аздзыд сабиты нывтæ аргъæуттæм гæсгæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, гуашь 12 хуызы, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн. Гуашь *(æрттиваг, флюоресцентон)*. 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Хъомылгæнæгæн йæ бон у рагацау иу кæнæ цалдæр зæрдæмæхъаргæ аргъауы равза-

рын æмæ сæ сабитæн хъæрæй бакæсын, аргъауы геройты удыхъæдыл семæ æрдзурын.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах иу æмæ дыууæ хатты не сныв кодтат уæ уарзон геройты. Аргъауы арф мидис æвæрд вæййы. *(Кæс: Цæттæг. къорды 12-æм темæйы 23–24-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Сымах хорз зонут, аргъæуттæ адæмон сфæлдыстад кæй сты, аргъæутты фæрцы адæм сæ бæллицтæ, хуыздæр фидæнмæ тырнындзинад кæй равдисынц, уый. Иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ, дзыхæй-дзыхмæ цыдысты аргъæуттæ, уымæн æмæ уыцы заман нырма фыссынад нæ уыди. Куыд уæм кæсы, цæмæн хъуыды кодтой адæм аргъæуттæ æмæ сæ кæй ирхæфстой?

**С.** Сæ сывæллæттæн сæ хъуыды кодтой, цæмæй сæ цард хъæлдзæгдæрæй æрвитой, цæрын сын цымыдисагдæр уа. Стæй ма ноджы… Цæмæй аргъæутты хорз геройты хуызæн уæвынмæ тырной, уыдоны фæзмой. Цы ’мбæлы æмæ цы не ’мбæлы, уый зоной.

**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы! Раджы заманы сывæллæттæн рæвдауæндæттæ æмæ скъолатæ нæ уыд, нæ уыди чингуытæ, телевизортæ æмæ радио. Уымæ гæсгæ аргъæуттæ уыдысты ахсджиаг хъомыладон фæрæз! Фæстæдæр, фыссынад куы фæзынд, аивадон литературæ куы райрæзт, уæд фысджытæ дæр райдыдтой аргъæуттæ фыссын. Аргъаугæнæг фысджытæй кæй зонут?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Азтæ згъордтой, рæстæг йæ кæнонтæ кодта, адæмы цард аивта, фæлæ æмбарынæдтæ *хорз* æмæ *фыд* уыцы иухуызонæй баззадысты. Бирæ азты размæ æвзæрдзинадыл нымад цы уыдис, уымæ абон дæр адæм ахæм цæстæй

кæсынц. Хорзыл нымад цы уыд, уый дæр афтæ. Æз уын ныртæккæ уæ зæрдыл цалдæр аргъауы æрлæууын кæндзынæн, сымах та мын, сæ геройтæ уæм куыд кæсынц, уый тыххæй радзурдзыстут. *(Ныма̃йы, сабитимæ уымæй размæ цы аргъæуттæ бакаст, уыдон, сæйрагдæр – ирон аргъæуттæ. Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц.)*
**Хъ.** Ныр та снысан кæнут уæхицæн иу аргъау æмæ йæм нывтæ скæнут. Уæ зæрдыл дарут иу хъуыддаг: уæ фæлгонцтæн сæ фыццаг бакастæй дæр хъуамæ бæрæг уа, хæларзæрдæ сты æви фыдзæрдæ, уый.
*(Кæс: Кæстæр къорды 9-æм темæйы 17-æм ахуыр; аст. къорды 19-æм темæйы 27-æм ахуыр; цæттæг. къорды 12-æм темæйы 23–24-æм ахуыртæ.)*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон нæ нывтæ фæуыдзыстæм. Фæнды мæ бафæрсын: «Цы хицæндзинад ис, цы радзырдтæ æмæ аргъæуттæ бакастыстæм, уыдоны ’хсæн?»
**С.** Радзырдты дзырдæуы, царды æцæгæй дæр цы цаутæ æрцæуы, уыдоны тыххæй. Аргъæутты та, царды уæвæн кæмæн нæй, ахæм хабæрттæ дæр вæййы.
**Хъ.** Уæд цæмæн? Сабиты фæсайыны тыххæй? Бирæ аргъæуттæ фæвæййынц афтæ: «Аргъау гæды ныхас у…».
**С.** «…фæлæ зонд амоны!»
**Хъ.** Куыд æмбаргæ у уый?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Аргъæутты ис, алкæмæн дæр фæзминаг чи у, ахæм фæлгонцтæ. Хорз сылгоймаджы фæлгонц куыдæй æвдыст цæуы ирон аргъæутты?
**С.** Уый у зæрдæхæлар, рæсугъд, сæрыстыр, бонзонгæ, цæстуарзон, къухджын æмæ а. д.
**Хъ.** Нæлгоймаджы фæлгонц та?

**С.** Тыхджын, хъæбатыр, ныфсджын, зондджын æмæ а. д.
**Хъ.** Сывæллæттæ, аргъауы сæйраг герой афтæ хъаруджынæй æвдыст цæмæн цæуы? Цæмæн ын вæййынц æххуысгæнæг æрдзы тыхтæ, къулыбадæг ус, сырдтæ, мæргътæ æмæ а. д.?
**С.** Уымæн æмæ йæ хæс у, цæмæй фыддзинадыл фæуæлахиз уа, лæмæгъы фервзын кæна, фыдгæнæджы бафхæра æмæ а. д.
**Хъ.** Кæсут, аргъæутты геройтæн тых уымæн лæвæрд нæу, цæмæй дзы исты пайда скæной сæхицæн. Цæмæй рæстдзинады сæраппонд тохы фæуæлахиз уой, уымæн сæм вæййы ахæм стыр хъару. Мемæ разы стут?
**С.** О. Ноджы ма аргъæуттæ ахуыр кæнынц хæларзæрдæ уæвыныл дæр. Стæй, уыдонмæ гæсгæ адæймаджы бауырны, зæххыл кæддæридæр хорздзинад уæлахиз кæй кæны, бæллицтæ кæй сæххæст вæййынц, уый.
**Хъ.** Æндæр ма?
**С.** Аргъæуттæ рæзын кæнынц фæлгæнæн æмæ фантази. Аргъæуттæ куы кæсай, уæд дæ æнæмæнг бафæнддзæн ног истытæ æрхъуыды кæнын, фыссын, ныв кæнын.
**Хъ.** Тынг хорз! Дарддæр нæ нывтыл архайæм. Ахорæнтæ æвзаргæйæ лæмбынæг кæсут – хъуамæ уæ геройы характер æвдисой.
**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах дзырдтам чингуыты тыххæй. Стæй хуымæтæг чингуыты тыххæй нæ дзырдтам. Уæ зæрдыл ма лæууынц?
**С.** Сырх чингуыты кой кодтам. Уыдоны дзырдæуы алыхуызон стæм æмæ, йæ мыггаг кæмæн скуынæг, ахæм цæрæгойтæ, мæргътæ, кæсæгтæ, зайæгойтæ æмæ æ. а. тыххæй.
**Хъ.** Цæмæн хъæуынц уыцы чингуытæ?
**С.** Адæм сæ бакæсынц æмæ базонынц, цæмæй ма фесæфой, уый тыххæй цавæр мыггаг цæрæгойтæн феххуыс кæнын хъæуы, уый.
**Хъ.** Иттæг раст! Æркæсæм-ма уæдæ ныр та нæ нывтæм.

*(Критикон цæстæй æркæсынц нывтæм æмæ сыл бæстон æрдзурынц.)*

*47–48 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Абалц кæнæм глобусыл».**

**Темæ: «Дунейы зындгонд цыртдзæвæнтæ».** ***Информаци æмæ иллюстративон æрмæджы бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Дунейы зындгонд бынæттæ æмæ цыртдзæвæнты тыххæй ныхас.

– Сабиты мысæнуат фидар кæнын.

– Дунейы культурон бынтæ зонынмæ разæнгарддзинад.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Агъуысты вазыгджын формæйы *(пирамидæ, мæсыг, зæппадз)* характерон æууæл фиппайын æмæ ныв кæнын.

2. Хуызиртасынад. Ахорæнты фæрцы агъуысты рæсугъддзинад банысан кæнын.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл искæцы бæстæйы *(фæндонмæ гæсгæ)* пейзажон ныв скæнын *(æд фæдзæхст бынат кæнæ зындгонд цыртдзæвæн)*.

**Кусæн фæрæзтæ:** алыхуызон фломастертæ кæнæ гуашь.

**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон.

**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, бæлвырд характерон. Архитектурон объекты фæлгонц равдисын, йæ алфамбылай пейзажон æууæлтæ йын банысангæнгæйæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Магнитофоны пленкæйыл фыст *(«Песня Красной Шапочки», Ю. Михайловы ныхæстæ)*.

Рагон наутæ æмæ зындгонд балцгæнджыты нывтæ. Зæххы фæлгонц *(æртæ китыл æнцайгæйæ – незаманты цæрæг*

*адæмы цæстытыл куыдæй уадис, афтæмæй).* Глобус.
Дард бæстæты *(Мысыр, Франц, Итали, Иугонд Штаттæ, Инди)* фæдзæхст бынæттæ æмæ зындгонд цыртдзæвæнты нывтæ *(къамтæ).*
7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, алыхуызон фломастертæ, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг æмæ егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Хъомылгæнæг йæхи фæндонмæ гæсгæ равзары хъæугæ æрмæг темæмæ гæсгæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

*Зæлы зарæг магнитофоныл фыстæй.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, цæй тыххæй зары чызг?
**С.** Зæххы къорийыл абалц кæнын куыд хорз у, уый тыххæй!
**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ абоны хæс у дунейы зындгонддæр бынæттæ æмæ цыртдзæвæнтæ нæ нывты равдисын. Ахæм балцы ма айразмæ дæр уыдыстæм. Хъуыды йæ кæнут? *(Кæс: Цæттæг. къорды 7-æм темæйы 13–14-æм ахуыртæ.)*
**С.** Уæдæ! Аргъæутты диссаджы кæсаджы фæрцы балцы ацыдыстæм.
**Хъ.** Абон дæр та афтæ абалц кæндзыстæм дард бæстæтæм. *(Æвдисы сабитæн глобус.)* Лæмбынæг та бакæсæм материктæм: Цæгат æмæ Хуссар Америкæ, Африкæ, Еврази, Австрали æмæ Антарктидæ. Кæддæр адæм афтæ æнхъæлдтой, цыма Зæхх æртæ киты рагъыл æнцайы. *(Æвдисы сабитæн, Зæхх æртæ киты рагъыл кæм æнцайы, уыцы рагон фæлгонц.)* Зæххы кæронмæ фæцæуын æмæ дзы цы ис, уый сбæлвырд кæныныл сæ уд хъардтой. Фæстæдæр зындгонд балцгæнджыты фæрцы сбæрæг ис, Зæхх тымбыл кæй у, уый.
**С.** Кæрон ын нæй, уымæн æмæ къорийы хуызæн у.

Ныртæккæ уый алы саби дæр зоны.
**Хъ.** Зындгонд балцгæнджытæ-иу бафтыдысты æндæр континенттæм, æндæр бæстæтæм æмæ-иу сæ басгæрстой. Фистæгæй цыдысты, цымæ, балцы?
**С.** Нæ-æ. Наутыл. Наутæ уæд бынтон æндæрхуызон уыдысты – наукæттæгтæ æмæ фыййæгтимæ.
*Хъомылгæнæг æвдисы рагон науты нывтæ.*
**Хъ.** Ныр та адæм балцы цæуыл ацæуынц?
**С.** Машинæтыл, поездтыл, хæдтæхджытыл, наутыл.
**Хъ.** Афтæ дард цæмæн абалц кæнынц? Зæххыл ныртæккæ алцыдæр зындгонд æмæ бæлвырд у.
**С.** Æндæр бæстæты адæм куыд цæрынц, æрдз дзы цыхуызæн у, уыдæттæ сын цымыдисаг сты.
**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы! *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ: Итали – Венеци, Пизæйы мæсыг. Америкæ – Сæрибары цырт сурæт, арвыл æмбæлæг агъуыстытæ. Мысыр – пирамидæтæ, кувæндæттæ, сфинкстæ. Франц – Эйфелы мæсыг æмæ а. д.)*
**Хъ.** Нæ балц райдайдзыстæм Африкæйæ! Африкæйы цæгат-скæсæны ис Мысыры паддзахад. *(Æвдисы цæстуынгæ æрмæг темæмæ гæсгæ.)* Адон цы сты, уый уæ исчи зоны?
**С.** Мысыраг пирамидæтæ.
**Хъ.** Тынг раст. Рагон мысыронты диссаджы амаддзæгтæ. Сæ зындгонддæртæ сты æртæ, фараонтæ Хеопс, Хефрен æмæ Микерины арæзт. Тынг егъау æмæ тынг рæсугъд сты. Алы фараон дæр-иу йæхицæн рагацау ахæм зæппадз сарæзта, цæмæй йæ, куы амæла, уæд уым бавæрой, уымæн æмæ йæ уырныдта, мæрдты дæр цæргæ кæй кæндзæн, уый. Сæ саразынил мингай цагъайрæгтæ архайдтой, бирæ адæмы туг дзы ныккалди. Сывæллæттæ, бахъуыды кæнут: пирамидæйы бындур у квадрат кæнæ бирæкъуымæг, йæ иннæ фæхстæ та сты æртæкъуымæгтæ.

**С.** Математикæйы ахуырты нын æй дзырдтай.
**Хъ.** Мысыронтæ ма ноджы арæзтой диссаджы кувæндæттæ. Мæнæ уый та у сфинкс, фараоны хъахъхъæнæг мифологион цæрæгой. Цыхуызæн у?
**С.** Домбайы хуызæн у, æрмæст ын адæймаджы сæр ис.
**Хъ.** Тынг раст. Ахæм цырт-сурæттæ ис Невайы былгæрæтты дæр. Музейты дæр сты. Искуы сæ æнæмæнг фендзыстут.
*Сывæллæттæ кæсынц нывтæм. Сæ хъуыдытæ дзурынц.*
**Хъ.** Ныр та Европæмæ абалц кæнæм. Нудæсæм æнусы инженер Эйфель скодта æнахуыр мæсыджы проект. *(Æвдисы Эйфелы мæсыджы ныв.)*
**Хъ.** Эйфель уыди дæсны инженер æмæ æмбисонды конструктор. Йæ мæсыджы конструкци скодта æфсæйнагæй, цæмæй, кæд йæ бæрзæнд 300 метры у, уæддæр фидар лæууа.
**Хъ.** Итайлаг горæт Венецийы та мах горæтты хуызæн уынгтæ нæй. Кæсут-ма, асфальт фæндæгтæ æмæ тротуарты бæсты дзы цы ис? *(Æвдисы сабитæн Венецийы нывтæ.)*
**С.** Дон.
**Хъ.** Машинæтæ æмæ автобусты бæсты та?
**С.** Бæлæгътæ.
**Хъ.** Горæт доны уæлæ арæзт у, уынджы иу фарсæй иннæмæ адæм ахизынц хидыл, горæты мидæг сæ искуыдæм ацæуын куы фæхъæуы, уæд та бæлæгъы сбадынц. *(Æвдисы нывтæ.)*
**Хъ.** Мæнæ уый та у Инди. Индийы ис диссаджы музей – Тадж-Махал. Сарæзта йæ император Шах-Джахан – хæрз æрыгонæй чи амард, йæ уыцы уарзон æмæ рæсугъд бинойнаг Мумтаз-Махалы кадæн. *(Æвдисы нывтæ.)*
**Хъ.** Тадж-Махал у фондзцарон агъуыст, агъуысты сæрæн йæ цыппар къуымы арвмæ фæцыдысты цыппар мæсыджы. Кæсут-ма, йæ цары тымбылæг-къуырфытæ куыд рæсугъд сты!
**С.** Сæйраг тымбылæг æппæты стырдæр æмæ рæсугъддæр

у, цыппар къуымы цы фæйнæ иуы ис, уыдон та – бынтон къаннæджытæ.
**Хъ.** Агъуысты къултæ сты урс æрдæгрухсдзыд删 мармæрæй астæрд. Астæрдыл та – зынаргъ дурвæлыст. Мармæрмæ ахæм миниуæг ис, æмæ боныгон урс зыны, хурыскаст æмæ хурныгуылды уардихуыз райсы, мæйрухсмæ та æвзисты хуызæн вæййы. *(Æвдисы Тадж-Махалы хуызистытæ æмæ нывтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, мах абон балцы уыдыстæм алы бæстæты. Куыд уæ зæрдæмæ фæцыдис нæ балц?
*Сывæллæттæ сæ хъуыдытæ дзурынц.*
**Хъ.** Иттæг хорз! Абон уæ зонындзинæдтыл дзæвгар бафтыд, бирæ цымыдисаг нывтæ федтат. Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыд, уый, табуафси, снув кæнут.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах зæххы къорийыл абалц кодтам æмæ алы бæстæты балæууыдыстæм. Уæ зæрдæмæ тынгдæр кæм фæцыд?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Æркæсæм-ма уæдæ иумæ нæ нывтæм.
*(Сывæллæттæ æвдисынц æмæ дзурынц сæ нывты тыххæй.)*
**Хъ.** Абон нæ нывтыл кæронмæ бакусдзыстæм. Зæгъæм, цыма ныртæккæ Венецийы уынгты тезгъо кæнæм, афтæ ма сæ уæ цæстытыл ауайын кæнут. Кæнæ та, цыма Мысыры стæм æмæ змисджын быдыры теуатыл цæуæм. Кæнæ та æндæр ныв: Парижы уынгты фæцæуæм, Эйфелы мæсыджы бын æрлæууыдыстæм. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ. Сабитæ се 'нкъарæнтæ дзурынц.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, фæндид уæ уырдæм абалц кæнын?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Адæймагæн цымыдисаг у зæххыцъары алы къу-

ым дæр басгарын. Куы сыстыр уат, уæд сымах дæр уæхи цæстытæй фендзыстут бирæ бæстæтæ, бирæ горæттæ. Кусæм дарддæр. Абон хъуамæ равдисæм, цы архитектурон объекты фæлгонц скодтам, уымæн йæ алфамбылай æрдз. Хъæугæ ахорæнтæ равзарут.

*Сывæллæттæ ныв кæнынц, хъомылгæнæг сæм йæ цæст дары æмæ сын фæрстыты руаджы æххуыс кæны алфамбылай æрдз, куыд æмбæлы, афтæ равдисынмæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цæмæй, цы архитектурон объекттæ равдыстат, уыдон адæмæн тынг цымыдисаг сты, уый бæрæг уа, уый тыххæй ма уæ нывтæм цы бафтауын хъæуы?

**С.** Туристты фæлгонцтæ дæр дзы хъуамæ уа – цымыдисæй кæсынц, къамтæ исынц.

*Сывæллæттæ ныв кæнынц адæймаджы къаннæг сурæттæ архитектурон объекты фарсмæ.*

**Хъ.** Æцæгæлон бæстæ зæрдæмæ æрбаввахс вæййы, дæхи цæстæй йæ куы фенай, уæд. Æндæр адæмы æгъдæуттæ æмæ культурæимæ куы базонгæ уай, уæд адæмæн сæхи дæр хуыздæр бамбардзынæ æмæ сæ æнæмæнг бауарздзынæ.

*49–50 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Космос».**

**Темæ: «Космос басгарджытæ». *Информаци, фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Космос, хуры системæйы тыххæй ныхас. Космос ахуыр кæнын æмæ сгарын адæмты иугæнæг æууæл кæй у, уый банысан кæнын.

– Фантазийы, фæлгæнæны рæзт.

– Иумæйаг зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын. Дунедуне зонынмæ разæнгард кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Космонавтты фæл-

гонцтæ æнæуæзон уавæры æмæ космосон нау ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты руаджы уавæры æнахуырдзинад баныcан кæнын.
3. Композици. Гæххæтты сыфыл сныв кæнын космосон аппараттæ, космонавтты фæлгонцтæ бæлвырд уавæры.
Кусæн фæрæзтæ: хæццæ *(æрмæджыты æмиуад сабиты фæндонмæ гæсгæ).*
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, цæстахадгæ. Космосон аппараттæ æмæ космонавтты фæлгонцтæ æнæуæзады уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хуызистытæ: стъалыджын арв, планетæтæ, космосон орбиталон станцæтæ, космосон наутæ; космонавттæ æнæуæзады уавæры.
Нывгæнджыты куыстыты репродукцитæ, 7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
Космосон музыкæ пленкæйыл фыстæй *(Э. Артемьев, «Space», «Enigma» æмæ а. д.).*
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, дыууæхуызон *(хуызиваг)* фломастертæ, гель ручкæтæ *(металлик)*, сойджын пастель.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, арвмæ кæсын уарзут? Цавæр æнкъарæнтæ райгуыры уæ зæрдæйы?
**С.** Æз мигътæм кæсын уарзын, арвыл куыд ленк кæнынц æмæ æдзух сæ формæ куыд ивынц, уый мæм цымыдисаг кæсы. Мæнæн та хурныгуылды арв цæуы мæ зæрдæмæ уæлдай тынгдæр. Йæ фæстаг тынтæй хур бæлæсты цъуппытæ ныррухс кæны æмæ хæхты фæстæ йæхи амбæхсы.
*(Кæс: Хистæр къорды 9-æм темæйы 19–20-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Ӕхсæвыгон арв уæлдай цымыдисагдæр вæййы, мæй куы скæсы æмæ стъалытæ куы ссудзынц, уæд. Рагæй-æрæгмæ адæймаджы арв йæхимæ сайдта, дисы йæ æфтыдта. Хуры системæ афтæ арæзт у, æмæ йæ планетæтæ иууылдæр йæ алыварс зилынц. Хуры планетæтæ сты аст: Зæхх, Меркури, Марс, Венерæ, Юпитер, Сатурн, Нептун, Уран. Ӕхсæвыгон арвыл хæрз къаннæг зынджы стъæлфæнтау зынынц. Стъалытæй уымæй хицæн кæнынц, æмæ тыбар-тыбур нæ, фæлæ уыцы иугъæдон фæлмæн сыгъд кæнынц. Мæй – Зæххы æмдзугæнæг, иннæ планетæтæй йæм хæстæгдæр у æмæ уыдонæй стырдæр дæр уымæн зыны. Планетæтæ Хуры алыварс куыд зилынц, Мæй та Зæххы алыварс афтæ зилы. *(Ӕвдисы сабитæн хуры системæйы планетæты зилдухы схемæ.)* Ахуыргæндтæ нæ галактикæйы сконд сбæрæг кæныны тыххæй æдзухдæр кæнынц иртасæн куыстытæ. Архайынц, Зæхмæ хæстæгдæр цы планетæтæ ис, уыдоны тыххæй фылдæр базонын. Цы хуызы?
**С.** Космосмæ æрвитынц спутниктæ, наутæ æмæ ракетæтæ.
**Хъ.** *(æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ). Нæ мæйылдзу уыди Мæйыл, америкаг астронавттæ йыл* æрбадтысты. Марсмæ дæр уæдæ арвыстой сæрмагонд аппарат, æмæ йæ уый лыстæг иртасы, Зæхмæ æрмæджытæ æрвиты. Сывæллæттæ, сымах амæй размæ дæр бирæ хæттыты кодтат нывтæ космосы темæйыл. *(Ӕвдисы сабиты нывтæ.)*
*(Кæс: Астæуккаг къорды 16-æм темæйы 22-æм ахуыр.)*
**Хъ.** «Балцы» дæр уыдыстæм æндæр планетæйыл, цæмæй æндæрпланетонтимæ базонгæ уæм. Цæмæн?
**С.** Цæмæй уыдоны дæр бафæрсæм сæ планетæйы тыххæй æмæ сын нæ Зæххы, нæ райгуырæн бæстæйы тыххæй дæр радзурæм, исты зæххон лæвæрттæй сæ сбуц кæнæм.
*(Кæс: Хистæр къорды 22-аг темæйы 49–50-æм ахуыртæ.)*
**Хъ.** Ӕмæ сын се ’взаг куы нæ зонæм, уæд семæ куыд

хъуамæ ныхас кодтаиккам?
**С.** Нæ нывты фæрцы, нæ нывты. Нæ нывтæ сын равдыстаиккам, æмæ сын алцыдæр æмбæрстгонд уыдаид.
**Хъ.** Уынут, ныв кæнын куыд ахсджиаг хъуыддаг у!
**С.** Æрæджы дæр не 'мбæлттæй иутæ скодтой Юри Гагарин æмæ Валери Леонтьевы нывтæ.
*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 19-æм темæйы 37–38-æм ахуыр-тæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ныридæгæн сымах бирæ цыдæртæ базыдтат космосы тыххæй. Космос цы у, уый тыххæй уæ бон радзурын у. Цыбыр дзырдæй, ныв кæнынмæ цæттæ стут. Зæгъут-ма, космонавттæ науæй æддæмæ, космосмæ, æргом цæмæн рахизынц?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Равзарут уæхицæн сюжеттæ æмæ ныв кæнынмæ бавналут.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, космосы темæ афтæ цымыдисаг у, æмæ ма йыл абон дæр аныхас кæнæм. Уæрæсейаг наутыл космосмæ тæхынц æндæрбæстаг космонавттæ дæр. Уыцы æууæл стыр ахъаз у бæстæты 'хсæн хæлар ахастытæ фидар кæнынæн. Зæххы орбитæмæ хæстæг æппынæдзух ис космосон орбиталон станцæ. Уым кусынц космонавттæ, уыимæ – кæрæдзи ивынц, афтæмæй. Цымæ кæрæдзи куыд æгъдауæй баивынц?
**С.** Космосон нау хæстæг батæхы станцæмæ, йæхи йæм бангом кæны, æмæ космонавттæ иу науæй иннæ наумæ бахизынц, сæ бынæттæ аивынц.
**Хъ.** Уæзласæн аппараттæ космонавттыл сæмбæлын кæнынц хæринаг, дон, техникон ифтонггæрзтæ, уымæ гæсгæ космонавттæн сæ бон у уым дæргъвæтин рæстæг кусын.

Космос ахуыр кæнын вазыгджын хъуыддаг у, бирæ æхца йын хъæуы. Уымæ гæсгæ алы бæстæты ахуыргæндтæ сæ хъарутæ баиу кæнынц æмæ иумæ кусынц. Космос æрмæст ахуыргæндтæн нæу цымыдисаг. Космосы темæ сæ уацмысты райхалынц нывгæнджытæ, фысджытæ, композитортæ.
*(Сабитæн æвдисы репродукцитæ.)*
**Хъ.** Режиссертæ сисынц кинонывтæ космосы темæйыл. Чи уæ федта ахæм киноныв?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Композитортæ зæлты æнахуыр æмиуæдтæй архайынц æнахуыр космосон уацмыстæ саразын. Нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм. Абон сæм сымах хъуамæ ахорæнтæй базилат. Космосимæ баст цы у, уымæн æнахуыр æнæ уæвгæ нæй, уымæ гæсгæ ахорæнты æмиуæдтæ дæр уæ куыстыты хъуамæ уой хæдхуыз…
**С.** Æнахуыр, ирд, тыбартыбургæнаг. Нæ аивадон фæрæзтæ дæр уымæн сты абон æндæрхуызон, сæрмагонд: æрттиваг гель ручкæтæ, хуызиваг фломастертæ.
**Хъ.** Сывæллæттæ, цæмæй нывгæнгæйæ уæ зæрдæйы равг дæр сæрмагонд уа, «космосон», уый тыххæй уын æз ныртæккæ «космосон» музыкæ сæвæрдзынæн.
*(Зæлы музыкæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æрцæудзæн, æвæццæгæн, ахæм рæстæг, æмæ æрмæст космонавттæ нæ, фæлæ алы адæймаг дæр тæхдзæн космосмæ – мæнæ абон æндæр бæстæтæм, æндæр горæттæм туристон балцы куыд ацæуæм, афтæ.

*51–52 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Зæхх – мæ хæдзар».**
**Темæ: «Дидинæг кал, нæ Зæхх!»** ***Къорды иумæйаг куыст – рагацау нывгонд хæйттæй арæзт плакат.***
**Нысан:**

– Зæххон цардарæзты тыххæй ныхас. Æмбарынад

«плакат»; цæмæй хицæн кæны плакат графикæйы иннæ хуызтæй.

– Практикон фæлварæн куысты фæрцы рæзын кæнын сабиты символикон хъуыдыкæнынад.

– Зæххон адæмтæ иууылдæр æфсымæртæ кæй сты, уыцы зондахастыл сабиты ахуыр кæнын. Дуне зонынмæ сæ разæнгард кæнын.

– Къордæй кусынмæ куыд арæхсой, иумæйаг хъуыддаджы архайынмæ куыд тырной, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц æмæ дидинджытæ ныв кæныны арæхстдзинад. Йæ аразæг хæйтты нымæц кадавар кæмæн у, ахæм цæстахадгæ формæ.

2. Хуызиртасынад. Плакаты цы фæлгонцтæй пайдагонд цæуы, уыдон хъуамæ уой ирд æмæ цæстæнгæс ахорæнтæй конд. Ахорæнты фæрцы равдисæн ис, сæ буары хуызæй чи хицæн кæны, уыцы зæххон адæмты æфсымæрон иудзинад æмæ зæрдæхæлар ахастдзинæдтæ.

3. Композици. Гæххæтты стыр сыфыл – Зæххы *(зæххы къорийы)* фæлгонц, йæ хуылф – дидинджыты нывтæй аивгонд. Къорийы алыварс снывкæнын бирæ сабиты фæлгонцтæ, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ. Фон – хур, урсдзагъд мигътæ, гæлæбутæ, тæхгæ цъиутæ æмæ а. д.

Текст – сабиты нывгонд дамгъæтæй *(зæгъæм: «Дидинæг кал, нæ Зæхх!», «Зæхх – нæ хæдзар» æмæ а. д.).*

**Кусæн фæрæзтæ:** гæххæттыл рагацау снывгонд æмæ ралыггонд фæлгонцтæй аппликаци.

**Хуызфыссыны уаг:** плакатон, декоративон.

**Фæлгонцадон уаг:** дардмæ дæр цæст кæй иртасы, ахæм цæстахадгæ фæлгонцтæ симоликон нысаниуæгимæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывтæ *(хуызистытæ)*: алыхуызон дидинджытæ; алы адæмыхæттытæ æмæ расæты минæвæрттæ сæ национ дарæсты; алымидис плакаттæ.
Æрдзы темæйыл фыст æмдзæвгæтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4, ставд фломастертæ 12 хуызы, хæсгард, сасм. Гæххæтт А-1 *(хуызджын, райсæн ис фæйнæхуызон гæххæтты дыууæ стыр сыфы)* иумæйаг куыстæн.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон мах дзурдзыстæм плакаты тыххæй. Плакат у къулыл ауындзгæ агитацион кæнæ рекламон ныв. Йæ мидис у æнцонæмбарæн бæлвырд, йæ хуыз – цæстæнгæс, ирд, хуызджын. *(Æвдисы хуызæгтæ.)* Нывгæнæг æй куы скæны, уæд ын типографийы йæ халдихтæ ныммыхуыр кæнынц æмæ сæ горæтты алырæтты искуы къулыл баныхасынц. Сывæллæттæ, плакат цæмæ хъуамæ сида, куыд уæм кæсы?
**С.** Плакат адæмы разæнгард кæны исты хорз хъуыддагмæ. Сиды сæм, цæмæй, зæгъæм, æрдз хъахъхъæной, цæрæгойтæ æмæ мæргътыл аудой, се 'нæниздзинад фидар кæной, уынджы фæткæвæрд ма халой æмæ а. д.
**Хъ.** Тынг раст! Уымæй уæлдай ма плакат рекламæ фæкæны исты товартæ, исты культурон цауы *(спектакль, киноныв, нывты равдыст)* фехъусын кæны. Горæты уынгты плакаттыл искуы уæ цæст æрхæцы?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, хъуамæ уа хуызджын, цæстахадгæ, цæмæй йæ адæймаг уайтагъд ауына, дардæй дæр æм зына. Сывæллæттæ, мах дæр плакат куы скæниккам, уæд æвзæр нæ уаид. Цæмæ уæ фæнды æрсидын адæммæ?
**С.** Цæмæй æрдз хъахъхъæной. Цæрæгойтыл аудой. Кæрæ-

дзи уарзгæйæ цæрой, хæстытæн кæрон скæной.

**Хъ.** Куыд рахондзыстæм нæ плакат, цавæр ныхæстæ йыл ныффысдзыстæм? Мæн фæндид, зæгъæм: «Дидинæг кал, нæ Зæхх!» Уæ зæрдæмæ цæуы? Сымах та йæ куыд рахониккат?

*Сабиты дзуаппытæ. Сæ фæндæттæ дзурынц.*

**Хъ.** Тынг хорз. Уæдæ сныв кæнæм нæ райгуырæн планетæ, рæсугъд, дидинкалгæ куы уаид, уый нæ фæнды. Зæххы формæ цавæр у?

**С.** Тымбыл.

**Хъ.** Гæххæтты бæстастæу скæнæм стыр тымбылæг – уый уыдзæн нæ Зæхх. Алчидæр уæ гæххæттыл дидинæг сныв кæнæд, цæмæй сæ уыйфæстæ ралыг кæнæм æмæ сæ нæ Зæхх сфæлындæм. Цыбыр дзырдæй, нæ плакат хъуамæ скæнæм аппликацийы хуызы. Хъуыды ма кæнут, аппликаци цы у, уый?

*(Кæс: Хистæр къорды 27-æм темæйы 59–60-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Уæдæ райдайæм кусын.

Сывæллæттæ, сымах хъуамæ тынг зæрдиагæй бацархайат! Алчидæр уæ сныв кæнæд зæххыл æппæты рæсугъддæр, æмбисонды дидинæг! Сымах дидинджытæ арæх ныв кодтат æмæ, куыд нывгæнгæ сты, уый тынг хорз зонут.

*(Кæс: Кæстæр къорды 14-æм темæйы 26-æм ахуыр; хистæр къорды 19-æм темæйы 43–44-æм ахуыртæ.)*

*Сывæллæттæ ныв кæнынц дидинджытæ, стæй фæлгонцтæ ралыг кæнынц æмæ сæ «Зæххыл» æрæвæрынц.*

**Хъ.** Нæ Зæххы фæлгонц дидинæгæй нал зыны. Цы ми кæнæм ныр та?

**С.** Сасмæй йыл сæ бандадзæм.

**Хъ.** Табуафси!.

*Сывæллæттæ радыгай сæ нывтæ æндадзынц, Зæхх цы стыр тымбылæг нысан кæны, уый уæлæ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Зæхх махæн нæ иумæйаг хæдзар у. Зæх-

хыцъарыл бирæ алыхуызон адæмыхæттытæ цæры, алыхуызон расæты минæвæрттæ. Цæй, сныв сæ кæнæм, кæрæдзиимæ сæ хæларæй цæрын кæй фæнды, уый банысан кæнæм.
**С.** Алы бæстæты сывæллæтты сныв кæнæм!
**Хъ.** Сныв кæнæм! Цыма иумæ æрæмбырд сты, кæрæдзи къухтыл ныххæцыдысты æмæ Зæххы алыварс æрлæууыдысты – хъахъхъæнгæ йæ кæнынц. *(Æвдисы сабитæн алы адæмты минæвæртты хуызистытæ.)* Алы адæмтæй кæй сты, уый цæмæй бæрæг уыдзæн?
**С.** Сæ буары хуыз æмæ сæ дарæсæй.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ ахуыры сымах базонгæ стут джиппыуагъд графикæйы хуызтæй иуимæ. Цы хуыйны?
**С.** Плакат.
**Хъ.** Цæмæн хъæуы плакат?
**С.** Плакат хъæуы, цæмæй адæммæ истæй тыххæй æрсидай, исты цау кæнæ товары тыххæй фехъусын кæнай.
**Хъ.** Æрхæссут-ма дæнцæгтæ.
**С.** Зæгъæм, æрдз хъæуы хъахъхъæнын.
**Хъ.** Æмæ йæ цæмæн хъæуы хъахъхъæнын?
**С.** Куы нæ йыл аудай, уæд бабын уыдзæн. Ныртæккæ адæм хъæдтæ æмæ дыргъдæттæ ныккалынц, сæ бынаты та сын горæттæ аразынц. Горæтты ис заводтæ æмæ фабрикæтæ, бирæ машинæтæ, уыдон иууылдæр æмткæй сæ хъылма газтæ æмæ фæздæгæй тынг зиан кæнынц алфамбылай дунейæн.Чъизи кæнынц уæлдæф, дæттæ.
**Хъ.** Уыцы уавæры æрдз та йæхи куыд æнкъары?
**С.** Зайæгойтæ амæлынц. Мæргътæн, ахстæттæ кæм скæной æмæ лæппынтæ кæм рауадзой, уый нал вæййы. Хъæддаг сырдтæн хæринаг нæ фаг кæны æмæ куынæгмæ цæуынц.

*(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 22-æм темæйы 43–44-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, куыд уынын, афтæмæй нæ Зæххы хъысмæтмæ куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсут. Уымæн уæ бафæндыди плакат скæнын. Цы сныв кодтат?

**С.** Нæ Зæхх, дидинæг калы, афтæмæй.

**Хъ.** Тынг хорз уын рауад! – дидинæгæй нæ зыны, йæ алыварс та сабитæ æрлæууыдысты, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ. Цыма йæ фыдбылызæй бахъахъхъæнынмæ хъавынц, раст афтæ. Гæххæтты сыфыл ма афтид бынæттæ баззад, æмæ уым дæр исты фæлгонцтæ скæнын хъæуы.

**С.** Мæнæ ацы къуымы хур сныв кæнæм.  Ам та – цъиутæ. Ам – урс мигъы къуымбилтæ.

**Хъ.** Тынг хорз! Плакат æрмæст нывтæй арæзт нæу, исты фыст дæр ма йыл вæййы. Цы ныффыссæм мах та? Равзарут: «Амондджын Зæхх», «Дидинæг кал, нæ Зæхх!», «Бахъахъхъæнæм нæ Зæхх!» Дамгъæтæ фыссын уæ чи зоны? *(Сабитæй чи цы дамгъæ ныффысдзæн, уый снысан кодта. Сывæллæттæ зæрдиагæй архайынц.)*

**Хъ.**  Тынг арæхстджын сывæллæттæ стут! Нæ плакат ацæттæ ис! Бавдæлæм æмæ йæ къулыл æрцауындзæм.

*53–54 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Цы суыдзынæн фидæны».**

**Темæ: «Алы куыстæн – кад». *Хъусдарды бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Алыхуызон дæсныйæдты хицæндзинæдтыл ныхас.

– Фантази æмæ фæлгæнæны рæзтыл архайд.

– Алы дæсныйадмæ дæр аргъуыцы цæстæй куыд кæсой, алы куыстæн дæр аргъ куыд кæной æмæ фæллойгæнæг адæймаг сæ цæсты кадджын куыд уа, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц йæ куысты уæлхъус ныв кæныны арæхстдзинад.
2. Хуызиртасынад. Хуызджын тæппыты контрастон æмиуæдтæ, хъисойы сæрæн æрсæрфт кæнæ ахорæнты уæздан æмиуæдтæй равзæрст темæмæ гæсгæ пайда кæнын.
3. Композици. Иу кæнæ цалдæр адæймаджы фæлгонц *(кусгæйæ)* гæххæтты сыфыл.
**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ кæнæ гуашь *(сабиты фæндонмæ гæсгæ).*
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон, ахуырст фæлгонцтимæ.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, цæстахадгæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Алыхуызон дæсныйæдты минæвæртты нывтæ.
Нывгæнджыты куыстыты репродукцитæ æмæ 7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Бакæсын æмæ æрдзурын темæмæ гæсгæ æвзæрст æмдзæвгæтыл *(В. Маяковский. Кем быть? æмæ а. д.).* Арæх чи не 'мбæлы, ахæм стæм æмæ цымыдисаг дæсныйæдтыл æрдзурын.

## 1-аг ахуыры нывæст

*Хъомылгæнæг сабитæм æвдисы исты бæлвырд дæсныйад нывгондæй. Сабитæ уыцы дæсныйады тыххæй цы зонынц, уый дзурынц.*
**Хъ.** Цал æмæ цал дæсныйады ис зæххыл! Ардыгæй райсоммæ дæр сæ нымад нæ фæуаиккам!

*(Кæс: Кæстæр къорды 12-æм темæйы 22-æм ахуыр; астæуккаг къорды 15-æм темæйы 21-аг ахуыр; хистæр къорды 16-æм темæйы 35–36-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Йæ дæсныйады стыр æнтыстытæ йæ къухы кæмæн бафтыд, уыцы адæймæгтæн сæ фылдæр, сæхи ныхæстæм гæсгæ, хæрз сабийæ равзæрстой сæ фидæны дæсныйад. Æдзухдæр сæ хъуыдыйы уыди, бæллыдысты йæм. *(Кæс: Цæттæгæнæн къорды 19-æм темæйы 37–38-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах нæма ахъуыды кодтат, фидæны уæ чи цы фæндагыл æрлæудзæн, ууыл?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Алы адæймаг дæр цæмæдæр зæрдæргъæвд вæййы, цыдæр уарзы, цыдæр куыст æм цымыдисаг кæсы. Бирæтæ сæ ныййарджыты фæндагыл ацæуынц, уыдоны дæсныйад равзарынц. Сывæллæттæ, уæ ныййарджытæ цæмæй кусынц, уый зонут?

*Сывæллæттæ дзурынц, сæ ныййарджытæй, сæ бинонтæй чи цы куыст кæны, уый тыххæй.*

**Хъ.** Адæймаг цы куыст кæны, уый ахсджиаг нæу. Сæйрагдæр – хъуамæ йæ куыст зона æмæ уарза, уæд ын æнтысгæ дæр кæндзæн, адæм дæр ын аргъ кæндзысты, нымайдзысты йæ. *(Кæс: Хистæр къорды 16-æм темæйы 35 – 36-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Абон мах ныв кæндзыстæм алы дæсныйæдты минæвæртты, алчидæр – йæхи фæндонмæ гæсгæ. Сывæллæттæ, чи зоны, сымахæй исчи ныридæгæн зоны, фидæны цы куыстыл ныллæудзæн, уый. Уе ’хсæн ис ахæмтæ?

*Сабиты дзуаппытæ (дохтыр, æфсæддон, кафæг, аразæг æмæ а. д.).*

**Хъ.** Тынг хорз! Ныртæккæ уыдоны снывкæндзыстут. Дæсныйадæй æвзæр нæй, се ’ппæт дæр царды мидæг хъæуынц, се ’ппæт дæр кады аккаг сты.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, айразмæ равзæрстам, кæй зæрдæмæ цавæр дæсныйад цæуы, уый. Æркæсæм-ма ныр нæ нывтæм. *(Сабитимæ нывтæм кæсы. Сабитæ дзурынц сæ нывты тыххæй.)*

**Хъ.** Алы дæсныйадæн дæр хицæн æууæлтæ ис. Зæгъæм, цæмæй адæймаг æфсæддон, артхуыссынгæнæг кæнæ космонавт суа, уый тыххæй йæм цавæр миниуджытæ хъуамæ уа?

**С.** Адæймаг хъуамæ уа ныфсхаст, хъаруджын, æхсарджын æмæ а. д.

**Хъ.** Дохтыры дæсныйад чи равзара, уый та?

**С.** Йæ зæрдæ хъуамæ фæлмæн уа, хъуамæ адæмы уарза. *(Кæс: Хистæр къорды 16-æм темæйы 35–36-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Мах иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтам кафджытæ, зарæггæнджытæ, фысджытæ, нывгæнджытæ æмæ æндæр сфæлдыстадон дæсныйæдты тыххæй. Ныв дæр сæ кодтам. *(Æвдисы сабиты раздæры нывтæ.).*

**С.** Артисттæ сæ аивадæй рухс кæнынц адæмы зæрдæтæ. Бахъæлдзæг сæ кæнынц. Цирчы клоуны дæр ныв кодтам. *(Кæс: темæ 16, ахуыртæ 35–36 ст. группы.)*

**Хъ.** Сфæлдыстадон кусæг та цавæр миниуджыты хицау хъуамæ уа? Алкæй бон у балеринæ кæнæ драмон театры артист суæвын?

**С.** Нæу. Æрдзон курдиат дзы хъæуы, стæй хъуамæ бирæ куса йæ арæхстдзинадыл.

**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы! Сфæлдыстадон дæсныйæдты кой куы кодтам, уæд рохуаты нæ ныууагътам нывгæнæджы дæр. Нывгæнæджы куыстыты фæзыны, дунемæ цы цæстæй кæсы, уый.

*(Кæс: Хистæр къорды 5-æм æмæ 26-æм темæты 11–12-æм æмæ 57–58-æм ахуыртæ; цæттæгæнæн къорды 4-æм,*

*15-æм, 16-æм темæты 7–8-æм, 29–30-æм, 31–32-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Нывгæнæджы дæсныйæдтæ ма уæ зæрдыл лæууынц?

**С.** Лæууынц! Мультфильмтыл чи кусы, уыцы нывгæнæг, ноджы ма – керамист, график, сабиты чингуытæ фæлындæг, дарæснывгæнæг æмæ а. д.

*Хъомылгæнæг æвдисы цæстуынгæ æрмæг (нывтæ, хуызистытæ) темæмæ гæсгæ.*

**Хъ.** Нывгæнджыты кой скодтам, æмæ нæ зæрдыл æрлæууыди, мах дæр иучысыл ныв кæнын кæй зонæм, уый. Æрлæууæм та уæдæ нæ куысты сæр æмæ нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм.

*55–56 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уæлахизы бон».**

**Темæ: «Уæлахиздзаутæ». *Иллюстративон æрмæджы бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Фыдыбæстæйы хæст æмæ советон адæмы Стыр Уæлахизы тыххæй ныхас.

– Сабиты разæнгард кæнын сæ Райгуырæн бæстæйы истори зонынмæ.

– Сæ бæстæ куыд уарзой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц ныв кæныны арæхстдзинадыл кусын.

2. Хуызиртасынад. Ахорæнты мынæг хуызтæ. Ахорæнты руаджы цауы эмоционалон уавæр, адæмы æнкъарæнтæ равдисын.

3. Композици. Гæххæтты сыфыл хæсты заманы цаутæй исты равдисын *(хæстонты цыбыр асадæн, фæндырдзæгъдæг хæстон, госпиталь, медицинон хо хæсты быдыры æмæ а. д.).*

**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ, сойджын пастель.
**Хуызиртасыны уаг:** хаххон-графикон.
**Фæлгонцадон уаг:** иумæ цыдæр архайæг адæмы къорд.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хæсты заманы къамтæ *(хуызистытæ)*: салдæтты улæфты уысм, хæстон къухна, госпиталь; акъоппытæ къахгæйæ, заводы аразынц танк æмæ а. д.; хъæбатырты цыртытæ; хæстон хорзæхтæ.
Лирикон хæстон зарæг пленкæйыл фыстæй.
Плакаттæ: «Ты записался добровольцем?» *(С. Моор)*, «Родина-Мать зовет!» *(И. Тоидзе)* æмæ æнд. Нывгæнджыты куыстыты репродукцитæ æмæ 7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт-3, фломастертæ *(мынæг, хиуылхæцгæ фæлгъуызтæ)*, сойджын пастель.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитæн радзурын Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй. Уæдыккон къамтæм иумæ æркæсын. Чи зоны, сабиты хæстæджытæй исчи хæцыд кæнæ та фронты фæсчъылдыммæ архайдта. Æркæсын хъæбатыр хæстонты цыртдзæвæнты хуызистытæм. Сывæллæттæн зæгъын фактæ: нæ республикæйы алы фæндзæм цæрæг дæр уыди хæсты; уыдонæй 50 – инæлæрттæ æмæ адмиралтæ; Ирыстоны хъæбултæй 72 систы Советон Цæдисы Хъайтартæ, бирæтæн сæ хъæбатырдзинады тыххæй лæвæрд æрцыд майдантæ æмæ ордентæ.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæххыл хæстæй æбуалгъдæр æмæ тæссагдæр ницы ис. Тынг бирæ адæм дзы ныццагъды вæййынц, се ’хсæн – æнахъом сабитæ дæр. Исчи уæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй исты кинонына федта? Цавæр æнкъарæнтæ равзæрын кодта уæ зæрдæйы?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Карз хæст куы райддыдта 1941 азы, уæд советон адæм иууылдæр сыстадысты знаджы ныхмæ. Алы адæмты минæвæрттæ иу мады хъæбултау кæрæдзи фарсмæ æрлæууыдысты æмæ сæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæдтой. *(Æвдисы сабитæн хæсты рæстæджы плакаттæ.)* Канд нæлгоймæгтæ нæ, фæлæ сылгоймæгтæ дæр цыдысты фронтмæ. Уыдысты дохтыртæ, медицинон хотæ, радисттæ, хæринаггæнджытæ æмæ а. д. Бынаты чи баззад, уыдон дæр сæ удæй къæртт æппæрстой фронтæн феххуыс кæныны тыххæй: къахтой акъоппытæ, æхсæв-бон не 'взаргæйæ куыстой заводты æмæ а. д. Сабитæ дæр, сæ бон цы у, уымæй æххуыс кодтой хистæртæн, сæхиуыл нæ ауæрстой. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг.)* Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, хæсты заман цæссыг æмæ бæллæхæй дарддæр ницы уыд æви-иу дзы цины уысмтæ дæр ферттывта, адæмыл-иу хаттæй-хатт хур дæр ракаст?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы, знаг цы горæттæ бацахста, уыдон-иу сын фæстæмæ куы байстой, хæдзарæй-иу писмотæ куы райстой, уæд-иу фæллад хæстонты зæрдæ срухс и. Хæсты уæззау заман-иу сын иу цыбыр уысм айрох кæнын кодта се 'мбал фæндырдзæгъдæджы цагъд, йæ зæрдæмæхъаргæ лирикон зарæг. *(Зæлы пленкæйыл фыст хæстон зарæг.)*

**Хъ.** Тохæй тохы 'хсæн-иу хæстонты бабæрæг кодтой артисттæ, цæф хæстонтæн дæр æвдыстой концерттæ. Сывæллæттæ, хæстон цаутæй уæ зæрдæйыл тынгдæр цы сæмбæлд, уæ бон у, æмæ уый уæ нывты равдисат. Табуафси, алчи йæ куысты сæр æрлæууæд.

*Сывæллæттæ ныв кæнынц, зарæджы сабыр зæлтæ хъуысынц.*

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах нывтæ фæкæнæм алыхуызон темæтыл. Зæгъæм?

**С.** Æрдз, цæрæгойтæ, нæ ныййарджытæ æмæ нæ хæлæртты фæлгонцтæ скæнæм. – Аргъæуттæм гæсгæ дæр фæныв кæныв кæнæм. – Мæ зæрдæмæ та цæуы космосон балцытæ ныв кæнын.

**Хъ.** Алы темæйæн дæр мах равзарæм йæхи ахорæнтæ, йæхи фæлгъуызтæ. Ацы хæслæвæрды сæйраг у, хæсты цæхæры чи ис, уыдоны æнкъарæнтæ æмæ сагъæстæ равдисын. Куыд уæм кæсы, цавæр ахорæнты руаджы бафтдзæн нæ къухы?

**С.** Хæстон темæ равдисынæн æмбæлы хиуылхæцгæ, мынæг ахорæнтæ райсын. Циндзинад куы æвдиса нæ ныв, уæддæр хæстон темæйыл у.

**Хъ.** Кæй зæгъын æй хъæуы. Хæст та йемæ бирæ бæллæхтæ хæссы. Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, хæстон темæ саурс графикæйы фæрæзтæй равдисæн ис?

**С.** О. Графикæ уыцы темæйыл хорз фидауы. Рухсдзыд, хурæнгæс ахорæнтæ дзы хъуамæ ма уа. Уыдон Уæлахизы бон сныв кæнынæн ныууадздзыстæм.

**Хъ.** Дарддæр кусæм нæ нывтыл. Хъæугæ ахорæнтæ равзарут. Фæлгонцты алфамбылай афтæ скæнут, хæсты заман кæй у, уый бæрæг куыд уа. Хæстон техникæ, салдæттæ æмæ инæлæртты фæлгонцтæ, æфсæддон парад ма айразмæ дæр ныв кодтам.

*(Кæс: Аст. Къорды 13-æм темæйы 19-æм ахуыр; хистæр къорды 18-æм, 25-æм темæты 39–40-æм, 55–56-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Сымах ныридæгæн бирæ цыдæртæ зонут. Уæ бон у, æмæ ма æфсæддонты дарæсмæ иу хатт лæмбынæг æркæсат. *(Æвдисы иллюстративон æрмæг темæмæ гæсгæ.)* Нæ адæмы къухы уæлахиз æнцонтæй нæ бафтыд. Иунæг

хæдзар дæр æвыдæй нæ баззад. Кæмæн йæ дарæг хæсты фæмард, кæмæн та цæнкуылтæй сыздæхт. Уæлахизы бон нæ бæстæйы алы бинонтæн дæр стыр бæрæгбон у. Афтæ нæу?

*Сывæллæттæ дзурынц, сæ бинонтæ Уæлахизы бон куыд бæрæг кæнынц, уый тыххæй.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, Ирыстоны, Уæрæсейы æмæ фæсарæнты цы цыртдзæвæнтæ ис Уæлахизы кадæн, уыдоны хуызистытæ федтат, фæлæ ма сæм ноджыдæр æркæсут æмæ мын уе 'нкъарæнтæ зæгъут.

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæдгæмттæ абон дæр нæма байгас сты нæ адæмы зæрдæты. Уымæн нымайынц уыдон Уæлахизы бон табуйаг бæрæгбоныл. Куыд æй сбæрæг кæнынц нæ бæстæйы?

**С.** Вæййы æфсæддон парад. Хæсты ветерантæй ма удæгас чи у, уыдонæн скад кæнынц, арфæ ракæнынц. Стыр концерттæ сын бацæттæ кæнынц артисттæ. Алыран дæр фæхъуысынц рæсугъд хæстон зарджытæ. Мæ фыды фыд сæм кæддæриддæр зæрдиагæй фæхъусы æмæ сын фæхъырны. Æз дæр фæзарын йемæ.

**Хъ.** Адæмæн иууылдæр стыр бæрæгбон вæййы. Кæрæдзийæн арфæтæ фæкæнынц, сæ цæсгæмттæ цин февдисынц. Хæсты ветеранты сбуц кæнынц. Мæнмæ гæсгæ, абон цы нывтæ скодтат, уыдон дæр сын хорз лæвар уыдзысты. Æхсызгон сын уыдзæн, ныв кæнынмæ кæй арæхсут, стæй ма уыимæ ахæм ахсджиаг темæ кæй равдыстат уæ куыстыты, уый.

*57–58 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Сæрд æрцæуы!»**
**Темæ: «Мæ бæллицтæ». *Æцæг цаутæ æмæ фантазийы бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**
– Сæрды тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.
– Рæзын кæнын фантази æмæ фæлгæнæн.
– Райгуырæн æрдзмæ уарзондзинад тыхджын кæнын.
**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Адæймаджы фæлгонц æмæ алыхуызон объекттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст, æддаг бакасты сæйраг хицæндзинæдтæ æвдисынмæ тырнын.
2. Хуызиртасынад. Ахорæнты руаджы цины æнкъарæнтæ æвдисын: сæрды æууæлтæ æвдисæг хурдзаст, ирд, цинæфтауæг фæлгъуызтæ.
3. Композици. Цины æнкъарæнтæ æфтауæг хуымæтæг исты цау гæххæтты сыфыл равдисын: лæппу фæцæуы йæ ног велосипедыл; сывæллæттæ футболæй хъазынц; чызджытæ кафынц æмæ а. д.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь, фломастертæ кæнæ сойджын пастель *(сабиты фæндонмæ гæсгæ)*.
**Хуызфыссынады уаг:** хуызджын *(алыхуызон æрмæджыты æмиуадæн дæр уæвæн ис)*.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, цæстахадгæ – адæймæгты фæлгонцтæ бæлвырд эмоционалон уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Сæрдыгон хуызджын пейзажты нывтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ егъаудæр)*, палитрæ, доны банкæ, къухтæсæрфæн, фломастертæ, сойджын пастель.

## 1-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сæрд нæм æрхæццæ кæны. Сæрдимæ баст сты сабиты бæллицтæ, æмæ сын кæддæриддæр сæххæст вæййынц. Сæрдимæ баст бæллицтæ уæм ис ацы хатт дæр та, афтæ

нæу?
**С.** Афтæ у. Мæн денджызмæ ацæуын тынг фæнды. Фарон дзы уыдтæн æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыд. – Æз та нæ хæстæджытæм ацæудзынæн, Мæскуымæ. – Мæн та хæхтæм фæнды. Нæ бинонтæ алы сæрд дæр Фыййагдонмæ ацæуынц улæфынмæ. Мæнæн уым мæ зæрдæмæ тынг цæуы.
*(Кæс: Аст. къорды 21-аг темæйы 30-æм ахуыр.)*
**С.** Мæн та хъæумæ фæнды, мæ фыды мад æмæ мæ фыды фыдмæ. Тынг сæ æрымысыдтæн!
*(Кæс: Аст. къорды 21-аг темæйы 29-æм ахуыр.)*
Хæдзарон фос æмæ цæрæгойты дæр уым хæстæгмæ фендзынæн, мæ хъус сæм дардзынæн æмæ сын сæ миниуджытæ базондзынæн.
**С.** Æцæг-æцæг, мæнæн дæр мæ фыды мадмæ хъæуы гыццыл род ис, æмæ йæ æз сæрды хиздзынæн.
*(Кæс: Кæст. къорды 15-æм темæйы 30-æм ахуыр.)*
**С.** Мæнæн та мæ фыд зæрдæ бавæрдта, сæрды, дам, дæ футболы секцимæ ратдзынæн. Мæ хистæр æфсымæр дæр уым ис. Ныр иумæ цæудзыстæм. Æз та ирон кæфтыты къордмæ цæудзынæн сæрды!
**Хъ.** Уæ бæллицтæн сæ фылдæр æнæмæнг сæххæст уыдзысты. Рæвдауæндоны сымах бирæ цæуылдæрты сахуыр стут. Ныв кæнын дæр хорз базыдтат. Уымæ гæсгæ уын æз бар дæттын: цы уæ фæнды, уый сныв кæнут абон. Уадз æмæ уæ нывы сæххæст уой, сæрдимæ уын цы бæллицтæ баст ис, уыдон иууылдæр!

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, дарддæр ныв кæнæм сæрдимæ баст бæллицтæ æмæ фæндæттæ. Сабитæ сæ бæллицтæ Ног азимæ фæбæттынц, цæмæй сын сæ Митын Дада сæххæст

кæна. Митын Дада  сын алыхатт дæр лæвæрттæ байуары. Цы уын балæвар кодта а зымæг?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Ногбон æхсæвы уын наз бæласы бын Митын Дада цы сæвæрдта? Цытæ дзы куырдтат?

*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Сæрдыгон бæллицтæ сæххæст кæнын Митын Дадайы бон, хъыгагæн, нæу – уый сæрдыгон ам никуы вæййы. Фæлæ сымахæй алкæмæн дæр ис, бирæ уæ чи уарзы, уыцы ныййарджытæ, нанатæ æмæ дадатæ, æмæ уын уыдон уæ нывтæ куы феной, уæд сæ æнæмæнг бафæнддзæн уæ бæллицтæ сæххæст кæнын. Уынут, цы хорз у ныв кæнынмæ арæхсын!

*Сывæллæттæ сæ нывтыл дарддæр архайынц. Хъомылгæнæг сæм йæ хъус дары.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон уæ уæлдай хуыздæр бацархайын хъæуы. Кæннод уæ исчи, зæгъæм, зылын велосипед куы сныв кæна, уæд ын растдæриддæр ахæм балхæндзысты – йæ зæронд саст дзаума мысы, зæгъгæ, фенхъæлдзысты *(æмæ а. д.)*

*59–60 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Хæрзбон, рæвдауæндон, æгас цу, скъола!»**

**Темæ: «Мæ уарзон рæвдауæндон». *Царды æцæг цаутæ æмæ хи фæлтæрддзинады бындурыл нывкæнынад.***

**Нысан:**

– Рæвдауæндон æмæ скъолайы тыххæй ныхас.

– Алыварс дунемæ лæмбынæг куыд кæсой, цы уынынц, уый бахъуыды кæнын куыд фæразой, сабиты афтæ ахуыр кæнын.

– Кæм дæ, уыцы бынат куыд уарзай æмæ йын аргъуыц куыд кæнай.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
1. Аивадон фæрæзтыл фæцалх уæвын. Адæймаджы *(сабиты)* фæлгонцтæ исты хуымæтæг цардыуагон уавæры сныв кæныны арæхстдзинад. Равдисын мидисон æмæ эмоционалон бастдзинæдтæ.
2. Хуызиртасынад. Ахорæны хуыз хъуамæ æвдиса цины æнкъарæнтæ – ирд, хурдзаст, зæлланггæнаг фæлгъуызтæ.
3. Композици. Сабиты къорд рæвдауæндоны исты цауты рæстæг *(тезгъогæнгæйæ, фынджы уæлхъус, хъазты рæстæг, бæрæгбоны, экскурсийы)*.
**Кусæн фæрæзтæ:** алыхуызон фломастертæ.
**Хуызфыссынады уаг:** хаххон-графикон.
**Фæлгонцадон уаг:** схематикон, цæстахадгæ фæлгонц – сабиты къорд исты архайгæйæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Къорды хуызист æрмæджытæ сæ рæвдауæндоны цардæй.
7–8-аздзыд сабиты нывтæ темæмæ гæсгæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.

## 1-аг ахуыры ныvæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, хæрз чысыл рæстæджы фæстæ сымах кадджын уавæры хæрзбон зæгъдзыстут рæвдауæндонæн æмæ скъолайы къæсæрæй бакъахдзæф кæндзыстут. Уымæн æмæ сымах ныр байрæзтыстут, зондджын æмæ æгъдауджын стут æмæ скъолайы домæнтæн дзуапп раттын фæразут. Фæнды уæ скъоламæ?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Ардæм уæ бынатмæ æрбацæуыдзысты хæрз чысыл лæппутæ æмæ чызджытæ. Сывæллæттæ, рæвдауæндонимæ фæхицæн уæ зæрдæйæн зын нæу?
*Сабиты дзуаппытæ.*

**Хъ.** Рæвдауæндонæй куы ацæуат, уæд-иу уæ зæрдыл æхсызгонæй цы 'рлæудзæн? Æрæкæсæм-ма иумæ нæ къорды хуызистытæм. *(Æвдисы сабитæн сæ хуызистытæ.)*
**Хъ.** Цымыдисагдæр уæм цы фæкастис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цæмæй рæвдауæндоны цаутæ уæ зæрдыл хуыздæр бадарат, уый тыххæй мах абон нывтæ скæндзыстæм. Нæ къорды сабиты исты цымыдисаг уавæры равдисдзыстæм. Цавæр уавæры, уый та уæ алчидæр хъуамæ йæхæдæг равзара. Нæ къорды цал сабийы ис?
**С.** Бирæ! Хъуамæ нæ нывы бирæ сывæллætты равдисæм, цæмæй бæрæг уа, рæвдауæндоны цардæй кæй у, уый.
**Хъ.** Кæй ма сныв кæнын хъæуы ноджыдæр?
**С.** Сывæллæттимæ кæддæриддæр вæййы хъомылгæнæг. Уый фæлгонц дæр скæнын хъæуы!
**Хъ.** Æмæ мæ цы хуызы сныв кæндзыстут?
**С.** Дæ фæлгонц хъуамæ егъау уа, дæ алыварс та – дæ хъомылгæнинæгтæ. Уыдоны фæлгонцтæ уыдзысты къаддæр.
**Хъ.** Зæгъут-ма, рæвдауæндоны ахуыртæ æмæ хъæзтытæй уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Иттæг хорз! Ныв кæнынмæ бавнæлдтам.

## 2-аг ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, рæвдауæндоны тыххæй цы нывтæ скодтат, уыдон тынг цымыдисаг сты!
**С.** Мæнæ тезгъо кæнæм. Уый та – 8-æм Мартъийы концерт. Уый – спортивон ерыстæ. Мæнæ уый та – Ног азы наз бæласы алыварс кафæм…
*Сывæллæттæ хъомылгæнæгимæ кæсынц сæ нывтæм.*
**Хъ.** Алцыппæтæй дæр æххæст сты уæ нывтæ. Цы цаутæ равдыстат, уыдон цæстытыл ауайынц. Сабиты фæлгонцтæ

дæр зонгæ сты. Мæнæ ацы дзыккуджын чызг Фатимæ у, æвæццæгæн, мæнæ адон та – Машæ æмæ Зауыр. Тынг хорз нывтæ сты, дзырд дæр ыл нæй! Уымæ гæсгæ сыл кæронмæ бакусын хъæуы!

*Сывæллæттæ дарддæр ныв кæнынц. Хъомылгæнæг сæм йæ хъус дары.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, нывгæнгæйæ архайут, цæмæй уæ фæлгонцтæ, кæй ныв кæнут, уыдоны хуызæн уой. Уæд сæ, равдысты сæ чи фена, уый базондзæн!

**С.** Мах нæ хæлæртты айразмæ ныв кодтам æмæ нын хъуамæ хорз рауайой.

*(Кæс: Цæттæг. къорды 11-æм темæйы 21–22-æм ахуыртæ.)*

**Хъ.** Хорз уын уайынц, æцæгдæр. Нæ равдыст цымыдисаг уыдзæн!

## ДИАГНОСТИКÆ КÆНЫНЫ ФÆДЫЛ ФÆНДИÆГТÆ

Æмткæй райсгæйæ, цæттæгæнæн къорды сабитæ ныв кæныны аивадмæ тынг æргомыздæхт вæййынц æмæ йæм сæ зæрдæ æхсызгонæй дæттынц.

***Аивадон æууæлтæ ымайгæйæ, зæгъæн ис:***

а) схематикон фæлгонцты нымæц вазыгджындæр фæлгонцты руаджы фæфылдæр вæййы;

б) формæтæ æмæ вазыгджын объектты характерон миниуджытæ сæ фæлгонцты æвдыст цæуынц;

в) уырнинаг хæйтты руаджы фæлгонцтæ цæстахадгæ свæййынц;

г) ахорæнты хуызтæ æмæ алыхуызон аивадон фæрæзтæ куыстытæн дæттынц сæрмагонд равг;

д) лæвæрд темæ æргомгонд цæуы алыхуызон сюжеттæ æмæ композицион равæрдтыты хуызы.

Сæйрагдæр цæмæй хицæн кæнынц 6–7-аздзыд сабиты нывтæ.

Сюжетон ӕгъдауӕй уыцы кары сабиты нывтӕ алыхуызон вӕййынц. Сӕ фылдӕрӕн цымыдисаг сты вазыгджын фӕлгонцтӕ, зӕгъӕм, аргъауы персонажтӕ, ӕнахуыр цӕрӕгойтӕ, алыхуызон техникӕ ӕмӕ а. д.

Ныв кӕнын сын амонын куы райдыдтой, уымӕн йӕ цыппӕрӕм азмӕ сабитӕ бирӕ цӕуылдӕрты фӕцалх вӕййынц. Сӕ арӕхстдзинадӕн ахъаз у, фӕстаг аз сӕм ныв кӕныны ахуыртӕ къуыри дыууӕ хатты кӕй вӕййы, уый дӕр. Уыимӕ – ахуыры рӕстӕг хӕццӕ кӕны ӕрдӕгсахатмӕ, ныв та кӕнынц егъау гӕххӕтты сыфыл (А-3).

Сабитӕ сӕ куыстытӕ кӕронмӕ арӕхдӕр ахӕццӕ кӕнынц, сӕ нывты цы фӕлгонцтӕ ӕвдисынц, уыдоны нымӕц дӕр бӕлвырд фылдӕр вӕййы. Стӕй ӕрмӕст нымӕцӕй нӕ хицӕн кӕнынц сӕ фӕлгонцтӕ: иннӕ азтимӕ абаргӕйӕ зынгӕ цӕстахадгӕдӕр рауайы сӕ бакаст, ныридӕгӕн сӕ къухы ӕфты характерон ӕууӕлтӕ банысан кӕнын.

Адӕймаджы сурӕт кӕнынмӕ дӕр хуыздӕр арӕхсынц.

Сабитӕ зӕрдиагӕй зонгӕ кӕнынц алыхуызон аивадон ӕрмӕджытимӕ, ныфсджынӕй пайда кӕнынц ӕрмӕджыты ӕмиуӕдтӕй.

Ныв кӕныны аивад ӕдзухон архайд у, уымӕ гӕсгӕ сабитӕ сӕ ахуырты рӕстӕг хъуамӕ иппӕрд макуы уой хъисой, ахорӕнтӕ ӕмӕ гӕххӕтты сыфӕй. Иу ахуырӕй иннӕ ахуырмӕ уӕрӕхдӕр кӕны архайӕн аивадон ӕрмӕджыты нымӕц, иу ахуырӕй иннӕ ахуырмӕ уӕлдӕр кӕны семӕ архайыны арӕхстдзинад.

Зӕрдыл дарын хъӕуы уый, ӕмӕ уыцы иу *(кӕнӕ ӕнгӕс)* объект нывгӕнгӕйӕ, фӕлгонцы хӕрзхъӕддзинады ӕмвӕзад хъуамӕ уӕлдӕрӕй-уӕлдӕр йӕхи иса. Цыбыр дзырдӕй, сывӕллоны ног зонындзинӕдтӕ ӕмӕ фӕлтӕрддзинад хъуамӕ йӕ ног куыстыл сахадой.

Йӕ куыстӕн ын аргъгӕнгӕйӕ, хъомылгӕнӕг хъуамӕ

сабийæн æрмæст йæ арæхстдзинад æмæ зонындзинæдтæ ма хынца, фæлæ нывы равг, стæй, цы хъуыды дзы æвæрд ис, уый дæр.

Рæвдауæндоны цæттæгæнæн къорды сфæлдыстадон нывкæнынады фæстиуджытæ, сабиты зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад иннæ азтау ацы хатт дæр бæрæггонд цæуынц уыцы иу схемæмæ гæсгæ: **композици** æмæ **хуызиртасынад**.

**КОМПОЗИЦИОН ÆНКЪАРЫНАДЫ РАЙРÆЗТ**

*(Диагностикæйы схемæ, ахуыры 4 азæн дæр иумæйаг)*

**I. Композицион хъуыдыкæнынады алывæрсыг райрæзт:**

**1. Композици фиппайды бындурыл** *(сабиты цæст кæны уынагдæр, ахъаз у, цы уыныц, уый зæрдыл бадарынæн æмæ йæ фæстæдæр цæстытыл ауайын кæнынæн).*

Хæслæвæрд: бакæсын, бафиппайын, бахъуыды кæнын, гæнæн æмæ амалæй объекты æнгæс фæлгонц сныв кæнын. Нывы хи æнкъарæнтæ равдисын.

**2. Композици цæстытыл ауайын кæныны бындурыл** *(рæзын кæны сабиты мысæнуат).*

Хæслæвæрд: цæстытыл ауайын кæнын уавæр; куыд вæййы, уый зæрдыл æрлæууын кæнын; цымыдисагдæр цы у, уый равзарын. Байхъусын исты цаумæ æмæ йæ сныв кæнын. Цы ныв кæныс, уым дæ ахастдзинад куыд зына, ууыл бацархайын.

**3. Композици «натурæйы фæдыл» кæнæ «натурæмæ гæсгæ»** *(ахъаз у цырддзастдæр уæвынæн, рæзын кæны фæлгæнæн).*

**Хæслæвæрд:** натурæмæ лæмбынæг æркæсгæйæ, байхъусгæйæ, уырзæй йæ æрысгаргæйæ, басмудгæйæ, æрхъуыды кæнын исты уавæр, йæ ас, формæ, фактурæ,

хуызмæ гæсгæ исты æцæг цау зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ æмæ йæ сныв кæнын

**4. Композици фæлгæнæн, фантази, æрымысæггаг бындурыл** *(рæзын кæны фæлгæнæн, фантази).*

**Хæслæвæрд:** зæххыл цы нæй, ахæм исты кæнæ та фехъусæггаг цау хирдыгонау сныв кæнын, зæрдылдаргæ фæлгонц сфæлдисын.

**II. Композицийы формалон закъонты базынд:**

**1. Гæххæтты сыфыл фæцайдагъ уæвын – сыф алыхуызон** (ас, хуыз, формæ æ. æнд.) **æуууæлтæм гæсгæ байдзаг кæнын**.

**Хатдзæгтæ**

***æвæрццæг***

Урс гæххæтты сыфæй нæ тæрсы. Гæххæтты алы хайыл дæр фæлгонцтæ скодта.

***æппæрццæг***

Æнæныфсхаст фæлгонц гæххæтты сыфы кæцыдæр *(арæхдæр – бинаг)* хайы. Саби ныгъуылд кæй у, йæ иумæйаг гоймагон æмвæзад – ныллæг, йе 'нкъарæнтæ – æмбæхст, ууыл дзурæг у йæ куыст.

*Сыфы фылдæр хай сыгъдæгæй кæй баззад, уымæн, чи зоны, объективон аххосæгтæ дæр ис: мæгуырау фломастертæ æмæ ахорæнтæ, æгæр къаннæг кæнæ æвзæр хъисой.*

**2. Сæйраг фæлгонц асæй банысан кæнын – сæйраг фæлгонц хъуамæ иннæтæй егъаудæр уа, уацмысæн ном дæр, уыцы фæлгонц нымайгæйæ, лæвæрдæуы.**

Сæйраг фæлгонц ахсы инсыфы фылдæр хай. Иннæ фæлгонцтæ сты къаддæр – сæйраг фæлгонцы уæлæмхасæн.

Сæйраг фæлгонц асæй иннæтæй нæ хицæн кæны æмæ се 'хсæн бæрæг нæ дары. Сыфы алырæтты фæлгонцтæ куыдфæндыйы лæуд кæнынц.

**3. Сæйраг фæлгонц йæ бынатæй бæрæг у** – сæйраг фæлгонц лæууы сыфы бæрæгастæумæ хæстæг, иннæ фæлгонцтæ бакæсгæйæ – уыйæрдæм здæхт, сты йæ уæлæмхасæн, мидисæй йемæ баст.

Сæйраг фæлгонц аив æвæрд у сыфыл, цæст æй уайтагъд ацахсы. Уæлæмхасæн фæлгонцтæ йæ алыварс лæуунц.

Сæйраг фæлгонц æгæр хæцы сыфы къуыммæ кæнæ астæуæй æгæр иуварс у, сыфы нæ цæуы, иннæ фæлгонцтæ йæм ницы бар дарынц мидисæй дæр æмæ пластикон æгъдауæй дæр.

**4. Сæйраг фæлгонц детальты руаджы банысан кæнын** – сæйраг фæлгонцыл саби кусы зæрдиагæй, йæ лыстæг æууæлтæ æмæ характерон детальтæ йын бæстон æвдисгæйæ.

Сæйраг хъусдард цæуы сæйраг фæлгонцмæ. Аивадон фæлгонц арæзт цæуы, **сабимæ ахсджиаг чи кæсы**, ахæм цæстахадгæ æууæлтæ æмæ лыстæг детальты фæрцы.

Сæйраг фæлгонц дæр иннæ фæлгонцтау схематикон æмæ уæлæнгай хуызы æвдыст цæуы, саби нæ тырны детальтæ равдисынмæ.

*Сабийы мæгуырау архайд цæмæй объективон аххосæгты (æгæр егъау хъисой кæнæ бæзджын мелтæ) фыдæй ма уа, уый тыххæй йæ сифтонг кæнын хъæуы хуызджын фломастертæ æмæ лыстæг хъисойæ.*

**5. Сæйраг фæлгонц ахорæны хуызы фæрцы банысан кæнын** – сæйраг фæлгонц саби ныв кæны хурæргом, контрастон ахорæнтæй, лыстæг тæппытæ æмæ йæ нывæфтыдтæй срæсугъд кæны.

| | |
|---|---|
| Ахорæны хуыз æвзаргæйæ, саби хорз ахъуыды кодта, уый бæлвырд у, уымæн æмæ ахорæны руаджы нывы | Сæйраг фæлгонцмæ ахорæнæй зылд не 'рцыд *(кæнæ та йæм куыдфæндыйы хуызы базылдæуыд):* фонил бæрæг нæ дары нæдæр хуыз, |
| равг равдыста, сæйраг фæлгонц банысан кодта. | нæдæр фæлгъуызæй; æвзæрст æрцыдисты, фæлгонц равдисыны пайдайæн чи нæу, ахæм чъизи ахорæнтæ. |

*Сæ хъæд нывыл кæмæн нæу, ахæм ахорæнтæ (чъизи, саудалынг хуызтæ) хъæугæ хуыз нæ ратдзысты. Хус лыстæг фломастертæ дæр хурæргом хуыз нæ равдисдзысты.*

**Композицимæ куыд арæхсынц, уый зыны сабиты цæттæ нывтыл.**

1. Конд куыд цыдисты, фæд-фæдыл сæм æркæсын дæр уыцы уагыл æмбæлы. Иу нывæй иннæ нывмæ сæ арæстдзинадыл куыд æфты, уый сæ куыстытыл зыны.

2. Æвзæрст цæуынц, композицион хъуыдыкæнынад рæзынгæнæг хæслæвæрдтæн дзуапп чи дætты, ахæм нывтæ. Хæслæвæрды сæххæстмæ бæстон æркастæуы. Сбæлвырд вæййынц сабиты арæхстдзинады æмвæзад, зæрдæргъæвддæр цæмæ сты æмæ зæрдиагдæрæй цæуыл бакусынц, архайды уыцы хуызтæ.

3. Хæслæвæрдты теоретикон хайы бамбæрст.

Композицийы æууæлтæ саби куыд бамбæрста, уый бæрæггонд цæуы темæ амонгæйæ, ахуыры рæстæг æмæ хатдзæгтæ кæнгæйæ:

а) саби амындмæ лæмбынæг хъусы, хъазты зæрдиагæй архайы, йæ хъуыдытæ фæзæгъы, йе 'нкъарæнтæ раргом кæны;

б) саби цымыдисæй кæсы нывгæнджыты уацмыстæм

репродукцитæм, йæхи æмæ йе ’мбæлтты куыстыты тыххæй йæ хъуыды дзуры, аргъ сын скæны;

г) саби иртасы нывкæнынады жанртæ: пейзаж, натюрморт, портрет *(уыцы дзырдтæ сæ бынат хъуамæ ссарой йæ дзырдуатон æфтауцуаты)*;

д) саби зæрдиагæй дзуры йæ куыстыты тыххæй, æргом кæны йæ хъуыдытæ, йе ’нкъарæнтæ.

**Æппæрццæг хатдзæгмæ афæдзы кæрон æркæны:**

а) сабимæ куы ницы цымыдисдзинад æмæ æнкъарæнтæ æвзæрын кæна иллюстративон æмæ æрдзон æрмæг;

б) йæхи хъуыды йæм куы нæ уа, куысты куы ницы хъæппæрис æвдиса;

в) æдзух хъомылгæнæджы æххуысмæ куы ’нхъæлмæ кæса æмæ æрмæст афтæмæй куы архайа;

г) иннæ сабиты нывтæ куы фæлхат кæна;

д) алы урочы дæр уыцы иу фæлгонц куы ныв кæна.

*Аххосаг, гæнæн ис, æгæр æнахъом кæй у ырма, уый мидæг ис. Чи зоны, тæрсы, йæхимидæг тыхсы æмæ а. д. (аххосаг сбæлвырд кæнын хъæуы – ацы ран стыр æххуыс фæуыдзæн сабиты психолог, йæ консультацимæ йын æрыхъусын æмбæлы).*

## ХУЫЗÆНКЪАРЫНАДЫ РАЙРÆЗТ

Уыцы æууæл аивадон æвзаджы ахсджиаг хай кæй у, уымæ гæсгæ уæлдай æргом здæхт цæуы хуыз иртасыны æнкъарæн райрæзын кæнынмæ. Сабитæ хъуамæ фиппайой æрдзон ахорæнты хуызтæ æмæ фæлгъуызтæ, кæрæдзийæ сæ æнцонæй иртасой. Хъуамæ сабитæ зоной, æрдзон хуызтæ тар æмæ рухс, хъарм æмæ уазал, стæй ма уыимæ знæт æмæ зæрдæхæлар, хъæлдзæг æмæ æрхуым дæр кæй вæййынц, уый.

Ахорæны хуыз, фæлгонцадон мадзал уæвгæйæ, йæ мидæг æмбæхсы бæлвырд равг дæр æмæ нывгæнæгæн у йæ зæрдæйы уаг æмæ æнкъарæнтæ раргом кæныны фæрæз. Ахорæнты уыцы миниуæг сабитæ иттæг хорз æнкъарынц æмæ дзы æхсызгонæй пайда кæнынц.

6–7-аздзыд сабиты куыстмæ кæсгæйæ æнæ бафиппайгæ нæй, ахорæнты хуызтæй куыд ныфсджынæй пайда кæнынц, ахорæнтæ кæрæдзиимæ хæццæ кæнгæйæ

ӕдзухдӕр ног ӕмӕ ног фӕлгъуызтӕ агурынмӕ кӕй тырнынц, уый.

Сӕ нывты уысмон равг ӕвдисгӕйӕ, рӕвдауӕндоны уыцы кары сабитӕн сӕ бон у зонгӕйӕ бӕлвырд хуызон гаммӕйӕ спайда кӕнын.

Цыппар азы дӕргъы ныв кӕныны урокты сабитӕ архайдтой хъисойӕ ӕмӕ сӕм ныр сӕ кармӕ гӕсгӕ фаг фӕлтӕрддзинад ис, цӕмӕй-иу сӕ рафӕлдыст фӕлгонцтӕм ахорӕнтӕй арӕхстгай базилой. Ныридӕгӕн разӕнгардӕй бавналынц къаннӕг фӕлгонцтӕ хъисойӕ сныв кӕнынмӕ дӕр ӕмӕ сын аив рауайынц.

Банысан ма кӕнын ӕмбӕлы уый дӕр, ӕмӕ сабитӕ канд ахорӕнтӕ ӕмхӕццӕ кӕнын ӕмӕ ног фӕлгъуызтӕ агурын нӕ базыдтой: нывгӕнгӕйӕ уыдон пайда кӕнынц алыхуызон фӕрӕзтӕ ӕмӕ ӕрмӕджытӕй. Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, уыцы ӕууӕлӕн дӕр сӕ куыстыты ӕмвӕзадыл ӕнӕ сахадгӕ нӕй.

**ХУЫЗИРТАСЫНАД**

**1. Алфамбылай царды цы ахорӕнтӕ ӕмбӕлы, уыдоны хуызтимӕ сабиты дарддӕр зонгӕ кӕнын.**

| **Сфӕлтӕрын ӕмӕ арӕхсын** | **Хӕслӕвӕрдтӕ** |
|---|---|
| Сабийӕн зындгонд цы хуызтӕ сты, уыдоны нымӕц фӕфылдӕр кӕнын – хъуамӕ иртаса 20–25 хуызы. | 1. Хъазт «Хуызджын рӕхыс»: сабитӕ радыгай нымайынц зонгӕ хуызтӕ. Чи фӕкъуыхцы вӕййы, уый хъазтӕй ацӕуы. Хуызтӕм ӕфтауӕн ис дзырдтӕ: ирд, тар, фӕлурс. Зӕгъӕм, фӕлурсморӕ, тарсырх, ирд-цъӕх. |
| Хъуамӕ зона предметтӕ сӕ хуызмӕ гӕсгӕ кӕрӕдзиимӕ абарын. | 2. Зӕгъ, де ’мбалы дарӕсы цы хуызтӕ ӕмбӕлы *(не ’мбӕлы)*, уыцы хуызтӕ. |
| Хъуамӕ арӕхса зонгӕ хуызтӕ зонгӕ предметтимӕ бӕттын сырх | |

*(фæткъуы, бур алтъами, фæныкхуыз дур æмæ а. д.)* – уый стыр ахъаз у йæ ассоциативон хъуыдыкæнынады рæзтæн.

3. Фотоæрмæгмæ гæсгæ ранымай гагадыргъытæ, дыргътæ, дидинджытæ, халсартимæ баст хуызтæ. Иуæй-иутæ дзы сныв кæн.

4. Алы саби дæр хуызджын гæххæтты лыггæгтæй равзарæд, йæ зæрдæмæ тынгдæр чи цæуы, ахæм хуыз.
Цæй хуызæн у?
Кæм фембæлæн ис ахæм хуызыл?
Цавæр равг æфтауы зæрдæйыл?
Цы дæ сныв кæнын фæнды ахæм ахорæнæй? *(Мады зæрдæ, рæсугъд æнкъарæнтæ æмæ а. д.)*

5. Дæ хъуыдытæ зæгъ нывгæнджыты натюрмортты фæдыл. Куыдæй равдыста нывгæнæг йæ уацмысы дыргътæ, дидинджытæ æмæ халсартæ?

**2. Ахорæны рухс æнкъарын. Тар æмæ райдзаст хуызтæ.**

Зонын ахорæны тар, хиуылхæцгæ æмæ райдзаст хуызтæ иртасын; урс ахорæны фæрцы хуыз фæрайдзастдæр, сау ахорæны фæрцы хуыз фæтардæр кæнын.

1. Сæ цармы хуыз алыхуызон кæмæн у, ахæм цæрæгойты *(хуызджын гæххæттæй лыггонд)* бамбæхс, хъæугæ фон равзаргæйæ.
Ныр та сæ, бæрæг кæм дарой, ахæм фоныл æрæвæр.

| | |
|---|---|
| Архайын хуызты контрастон æмиуады мадзалæй пайда кæнын: тар хорз зыны райдзаст фоныл, райдзаст – тар фоныл. | 2. Гæххæтты сыф дыууæ хайыл адих кæн æмæ равзар фæлгъуызтæ:<br>- ирд хур бон æмæ тар æхсæв;<br>- сæумæрайсом æмæ изæрдалынгтæ.<br>3. Спектры хуызтæй кæцыфæндыйы 5–7 тоналон фæлгъуызы.<br>Равæр сæ фæд-фæдыл куыд райдзастдæрæй, стæй та – куыд тардæрæй.<br>4. Нывгæнджыты куыстыты тыххæй дæ хъуыдытæ зæгъ. |
| Иртасын хъарм (хурæнгæс) æмæ уазал (их æмæ доны æнгæс) хуызтæ.<br>Расширить число знакомых цветов и их оттенков, входящих в эти группы. | 1. Равзар хъарм- (бур, сырх, зынгхуыз æмæ сæ фæлгъуызтæ) кæнæ уазалхуызджын (кæрдæгхуыз, чернилæхуыз, сиренхуыз, æрвхуыз æмæ сæ фæлгъуызтæ) гæххæтты уадздзæгтæ æмæ сæ кæрæдзи фарсмæ аив равæр.<br>2. Равзар, иумæ хорз чи фидауы, ахæм хуызты æмиуад:<br>Дыргъдоны дидинджытæй кæцытыл æрбаддзысты мыдыбындзытæ? |

**3. Сабитæн амонын ахорæнты хуызтæ уазал æмæ хъарммæ гæсгæ къордтæ кæнын. Уазал æмæ хъарм хуызтæ.**

Иртасын хъарм (хур-æнгæс) æмæ уазал (их æмæ доны æнгæс) хуызтæ.
Уыцы къордмæ чи хауы, ахæм зонгæ хуызтæ æмæ фæлгъуызты нымæц фæ-фылдæр кæнын.

1. Равзар хъарм- *(бур, сырх, зынгхуыз æмæ сæ фæлгъуызтæ)* кæнæ уазалху-ызджын *(кæрдæгхуыз, чер-нилæхуыз, сиренхуыз, æрвхуыз æмæ сæ фæлгъуызтæ)* гæх-хæтты уадздзæгтæ æмæ сæ кæрæдзи фарсмæ аив равæр.
2. Равзар, иумæ хорз чи фида-уы, ахæм хуызты æмиуад:
Дыргъдоны дидинджытæй кæцытыл æрбаддзысты мы-дыбындзытæ?
3. Сныв кæн, хъарм кæнæ уа-зал хуызтæ æвзаргæйæ:
денджызы фæлгъуызтæ;
арты фæлгъуызтæ;
арвы фæлгъуызтæ;
кæрдæджы фæлгъуызтæ;
фæззыгон сыфтæры фæл-гъуызтæ.
4. Нывгæнджыты, хъарм æмæ уазал гаммæйы конд, куысты-ты фæдыл дæ хъуыдытæ зæгъ. Цавæр равг æвдисынц?

**4. Сабитæн амонын ахорæнты хуызтæ сæ эмоционалон ифтыгъдмæ гæсгæ иртасын. Хæларзæрдæ – фыдзæрдæ, хъæлдзæг – æнкъард, сабыр – хъæргæнаг.**

Бæлвырд равг æмæ фæлгонц равдисынæн равзар ахорæнты хуызты бæлвырд къордтæ:
ирд, цæстæнгæс, хурæргом хуызтæ – хæларзæрдæ, цинхæссæг;
саудалынг, тар, чъизи хуызтæ – фыдзæрдæ;
рухсдзыд, уæздан – рог, талас.

1. Бакæсын скъуыддзæгтæ А. С. Пушкины «Кæсагахсæг æмæ кæсаджы аргъау»-æй. Сныв кæнын, фæлгонц ахорæны хуызы фæрцы равдисгæйæ:
– сабыр денджыз;
– денджыз йæ уылæнтæй хъазы;
– денджыз фæлхъæзы;
– денджыз абухы.
2. Алыхуызон хъуымæцты гæппæлты руаджы куклайæ алыхуызон фæлгонцтæ сараз.
3. Зæлынц музыкалон фрагменттæ. Цавæр æнкъарæнтæ равзæрын кодтой дæ зæрдæйы?

Алы фрагменты равг дæр ахорæны хуызæй равдис.

4. Бæлвырд æнкъарæнтæ æвдисæг 3–4 хуызы æмиуæдтæ равдис:
хорз зæрæдæйы уаг, амонд;
æрхуым зæрдæ, сусæг сагъæс;
бæллиц, рæвдаугæ ахаст;
тас, бæллæх.

5. Æркæс, фæйнæхуызон равг кæмæн ис, дыууæ ахæм сюжетон нывмæ æмæ зæгъ, ахорæнты хуызты цавæр къордты фæрцы æвдыст æрцыд, уый.

**5. Сабитæн амонын алфамбылай дунейы ахорæнты хуызтæ фиппайын æмæ сын сæ фæлгъуызтæ иртасын.**

Фиппайын ахорæнты алы хуызтæ æмæ фæлгъуызтæ æрдзы мидæг.

Алыхуызон ахорæнтæ иумæ хæццæ кæнынмæ æмæ ног фæлгъуызтæ аразынмæ арæхсын.

Ахорæнты хуызты гармонион æмиуæдтæ æнкъарын.

Ахорæнты хуызты цалдæр *(фондзы бæрц)* æмиуады афæдзы бæлвырд афонимæ бабæттынмæ арæхсын.

1. Лæмбынæг бакæс гæлæбумæ æмæ йын йæ базырты рæсугъд хуызты тыххæй зæгъ. Дæ цæстытыл ауайын кæн æмæ ахорæнты фæрцы гæххæтты сыфыл сфæлдис исты хуызджын объект *(маргъ, кæсаг, гæлæбу)*.

2. Хуызджын гæххæттыты лыггæты æхсæн равзар дæ уарзон хуызы *(зæгъæм, сырх, кæрдæгхуыз, морæ ахорæны)* фæлгъуызтæ. Цал дын рауадысты? Банымай сæ.

3. Хъуымацы гæппæлтæй равзар, кусæн, бæрæгбоны æмæ хуыссæн дарæсæн кæцытæ хуызддæр сфидаудзысты, уыдон.

**Хуызты æмиуæдтæ.** Хуызтæ фæкъордтæ кæн:
нæлгоймаджы *(тызмæг, хиуылхæцгæ)*;
сылгоймаджы *(цæстæнгæс, хъулон)*;
сывæллоны *(ирд, уæздан)*.
*(Бамбарын кæн, цæмæн сæ афтæ фæкъордтæ кодтай, уый.)* Цавæр къаба дæ хъæуы, уый сныв кæн. Мамæйæн дæ цы къаба балæвар кæнын фæндид, уый дæр сныв кæн.

4. Æрдзон хуызтæ фиппайын.
Цал фæлгъуызы ис фæззæгæн? *(Сыгъзæрин, игæрхуыз, бур, сырх, зынгхуыз, морæ. Гæххæттыл сараз (кæнæ та сныв кæн)* композици хус сыфтæртæ æмæ дидинджытæй.

5. Дæ хъуыды зæгъ, афæдзы алы афонтæ æвдыст кæм цæуы, нывгæнджыты уыцы реалистон пейзажты тыххæй. Лæмбынæг æркæс, нывгæнæг цы хуызтæ равзæрста йæ уацмыстæн, уыдонмæ.

**6. Ахорæнтæ æмæ æндæр аивадон æрмæджытæй куыд кусын хъæуы, сабитæн уый амонын.**

Цы базыдта æмæ цы фæлтæрддзинад райста, уымæй пайдагæнгæйæ хуызджын ахорæнтæй базилæд алы ас фæлгонцтæм, суанг хæрз къаннæджытæм дæр.

Егъау фæлгонцтæ, раздæр уал сын се 'ндæрг нæ банысангæгæйæ, хъисойæ æваст сфæлдисынмæ арæхсын, стыр гæххæтты фæзуатыл ныв кæнын зонын.

Ахорыны алыхуызон мадзæлттæй *(тæппытæ, хæххытæ æмæ а. д.)* пайда кæнын зонын, ахорæнты алыхуызон фæрæзтæй *(сойджын мелтæ, фломастертæ, акварель, хуызджын кърандæстæ æмæ а. д.)* архайынмæ арæхсын.

1. Равдис хъисойы алыхуызон хæххытæ æмæ æрсæрфтыты руаджы уадынгæрзты айзæлд: гуымсæджы гуыпп-гуыпп, хъисфæндыры зæлтæ, хъуытазты дзæгъ-дзæгъ æмæ а. д.

Пейзажы хæйттæ:
ленкгæнæг
урсдзагъд мигътæ;
æрттивгæ хур;
æхсæрдзæны пырхæнтæ;
хæлхæлгæнаг суадон;
бæрæгбоны фейерверк.

2. Ӕрхъуыды кæн рæсугъд хъуымац. Хуыз фæвазыгджындæр кæн нывæфтыды руаджы: фоны хуыз + нывæфтыды хуыз.

Бæстон ахуырст хус фæзыл æндæрхуызон ахорæнæй скæн лыстæг нывæфтыд. Дардæй йæм куы кæсай, уæд хуыз раивбаив кæндзæн.

3. Дæ цæстытыл ауайын кæн æмæ афтæмæй рæсугъд маргъы *(кæсаджы, гæлæбуйы)* фæлгонц скæн æмæ йæм базил алыхуызон ахорæнтæй, фломастертæй, иу хуыз иннæйы сæр æвæргæйæ – афтæмæй фæлгонц тыбартыбургæнаг рауайдзæн.

4. Дæ хъуыды зæгъ нывгæнджыты пейзажты тыххæй.

**Скъолайы агъоммæйы кары (6 –7-аздзыд) сабиты ныв кæныны курдиаты райрæзты æмвæзад бæрæггæнæн**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Цалдæр фæлгонцæй иумæйаг сюжетон компози саразын зонын – царды æцæгдæр кæй федта, ахæм, кæнæ та æрымысæггаг, фантазион. | | | | | | | |
| Ӕрдзы иумæйаг фæлгонц – пейзажон композици сæрмагонд равгимæ. | | | | | | | |
| Композици. Сæйраг фæлгонц фæбæрæг кæныны арæхстдзинад – асæй, хуызæй, фæлгъуызæй. | | | | | | | |
| Хуызæнкъарынады райрæзт. Зонгæ фæлгъуызты нымæцы фæфылдæр, къордтæ сæ кæнын. | | | | | | | |
| Предметтæ æмæ объекттæ кæрæдзиимæ абарын зонын *(формæ, хуыз, ас æмæ æндæр æууæлтæм гæсгæ).* | | | | | | | |
| Ӕцæгдзинад фæлхатгæнæг фæлгонцтæ фæлдисын. | | | | | | | |
| Алыхуызон фæрæзтæй *(фломастертæ, мелтæ, ахорæнтæ æмæ сæ æмиуæдтæй)* архайыны арæхстдзинад. | | | | | | | |
| **М. Н.** | | | | | | | |
| **№** | | | | | | | |

*Учебно-методическое издание*

**ОСОКИНА НАТАЛЬЯ ГРИГОРЬЕВНА**

РАЗВИТИЕ ХУДОЖЕСТВЕННЫХ СПОСОБНОСТЕЙ

Подготовительная группа ДОУ
(6–7 лет)

Перевод *Е. М. Кочиевой*
Редактор *И. Х. Джанаева*
Корректор *Л. Г. Дзампаева*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 2.04.2014. Подписано в печать 26.04.2014.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура шрифта «Times ». Печать цифровая.
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36